# PWOGRAM REPARASYON AK RANPLASMAN LOJMAN REKONSTWI FLORID LA

## DIREKTIV POU LOJMAN INIFAMILYAL MÈT YO AP VIV LADAN YO

Dokiman sa a ofri direktiv yo dwe swiv pou lojman nan kad reyalizasyon estrikti inifamilyal mèt yo ap viv ladan yo, ki gen ladan lojman mobil/fabrike yo, pou Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman an ki sou direksyon Depatman Komès Eta Florid la (FloridaCommerce). Y ap finanse Pwogram sa a gras a atribisyon Sibvansyon Global pou Devlopman Kominotè-Rekiperasyon Aprè Katastwòf (CDBG-DR) Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini an (HUD), jan yo dekri nan Lwa Piblik 115-56 ak 115-123 yo.

Vèsyon 4.7

**21 Septanm 2023**

# ISTWA VÈSYON AN

| Nimewo vèsyon | Chanjman Dat | Rezime Chanjman |
|---|---|---|
| 1.0 | 07/11/2018 | Yo te pibliye Vèsyon Inisyal la |
| 2.0 | 20/8/2019 | Yo te pibliye Vèsyon 2.0 a<br>• Gade nan pyès jwent lan pou kontwòl chanjman |
| 2.1 | 27/9/2019 | Yo te ajoute Anèks E – Metodoloji Pwogram Pilòt |
| 3.0 | 20/4/2020 | Vèsyon 3.0 Pibliye<br>• Eksplike nan plis detay Objektif Nasyonal anba 1.1.2 Objektif Nasyonal ak Aktivite ki Kalifye pg. 2<br>• Adisyon yon lang klarifikasyonn pou definisyon Zòn komen anba do kay; ajou definisyon pou Prè ki anile, Prè yo refize, Prè Prive, Lokasyon ti Lojman, Sibvansyon Lajan Prete , and Zewo Prim anba 1.1.3 Definisyon<br>• Adisyon lis detaye 10 orijinal konte oswa 4 kòd postal pou kominote MID ke HUD deziyen yo ; klarifikasyon inondasyon plèn pou Komin Monroe; ak lis VOADs idantifye anba 1.1.5.1 Pwosesis Seleksyon Pilot, pg. 10<br>• Adisyon yon lang klarifikasyon # 3 Mobil / Inite Lojman prefabrike ki nan moman asistans la vle di nan moman evalyasyon pwogram domaj lan 1.8 Kalite estrikti., pg. 14<br>• Adisyon yon lang klarifikasyon pou # 4 ki endike ke pa gen pwoblèm nan limit la nan ajoute yo oswa modifikasyon nan yon MHU, li konsidere kòm yon MHU nan kad pwogram nan anba 1.8 Kalite estrikti, p. 14.,<br>• Adisyon #9 akEstrikti ki kalifye pou klarifye ke plizyè kay san ou sou menm bagay la tou (pasèl taks) oblije aplike apa pou chak estrikti anba 1.8 Kalite Estrikti, pg. 14<br>• Adisyon yon lang klarifikasyon 1.8.1 Kondominyòm, Otèl de vil, ak lòt estrikti ak mi pataje seksyon yo fè distenksyon ant Asosyasyon ak pwosesis verifikasyon posesyon endividyèl yo, pgs. 15-17<br>• Adisyon yon lang klarifikasyon pou egzijans elevasyon inondasyon pou chak règleman federal anba 1.9 Kalite Asistans nou ofri, pg. 20<br>• Adisyon yon lang klarifikasyon nan seksyon 1.10 Asistans pou demenajman si ou vle pou Benefis Asistans Tanporè pou Lojman, pg. 20<br>• Klarifye ke se asistans pou chak pwopriyete limite jiska $ 150,000 anba 1.13 Alokasyon ak Caps Asistans Lojman, pg. 21 |

| | | |
|---|---|---|
| | | • Adisyon klarifikasyon ke kalkil posibilite pou valè ranplasman ki konparab yo detèmine pa rapò sou evalyasyon rezidansyèl pwogram nan nan 1.14 posibilite nan analiz reparasyon, pg. 21<br>• Adisyon klarifye lang nan pwosesis dilijans lan anba 1.16 Pwopriyete Responsivite, pg. 22<br>• Retire referans a envolontèman pou pwopriyetè kay yo pa transfere pwopriyete a nan nenpòt ki enterè nan pwopriyete a jiskaske reyabilitasyon an, rekonstriksyon, oswa ranplasman yo te konplete; retire kondisyon pwopriyetè kay pou kenbe asirans kay; te ajoute yon langaj klarifikasyon pou pwopriyetè kay pou jwenn ak kenbe asirans inondasyon si li nan yon SFHA anba 1.17 Responsablite Pwopriyetè Kay, pgs. 23-24<br>• Retire fraz la, "Altènativman, pwopriyete a kapab lokalize nan yon zòn ki pa MID ki deziyen ki te resevwa yon deklarasyon prezidansyèl dezas an repons Siklòn Irma," e te ajoute lang nan plas li pou klarifye egzijans finansman 80% / 20% pou lajan yo. depanse nan konte HUD- oswa eta ki deziyen nan eta a ak kòd postal ak zòn Deklarasyon Prezidan Dezas anba 2.2 Kote, pg. 28<br>• Efase, “Pwopriyetè kay yo pral bay afidavi sou rezidans direktè a plis youn nan bagay sa yo:”; ranplase ak, "Pwopriyetè kay yo pral sètifye rezidans prensipal sijè a deklarasyon an rekonesans fwod plis youn nan bagay sa yo:" anba 2.4 Prèv Posesyon, Okipasyon ak Rezidans Primè, pg. 28<br>• Adisyonklarifye lang anba 2.7.2 Achte kontra, pg. 30<br>• Adisyon Sekyon2.7.5 Lavi imobilye, pg. 31<br>• Adisyon klarifye lang pou plan peman nan yon otorite taksasyon lokal anba 2.9 Taks sou pwopriyete, pg. 31<br>• Adisyon fraz la, "Pwogram enfòmasyon materyèl ak fòm aplikan ka wè nan www.rebuildflorida.gov," apre # 8 anba 2.11 Kondisyon pou Sètifikasyon Resevwa Asistans, pg. 32<br>• Adisyon nouvo direktiv SBA pou repetisyon nan kalkil benefis pou chak FRN 84 FR 28836 ak 84 FR 28848 anba 3.6 Administrasyon Ti Biznis (SBA), pgs. 35-36<br>• Adisyon 4.5 Kondisyon Elevasyon ak Seksyon 4.5.1 Sètifika Elevasyon anba 4.0 Enspeksyon ak revize anviwònman yo, pgs. 39-40<br>• Adisyon yon echantiyon tablo prim anba 5.0 Detèminasyon Prim,pg. 41<br>• Adisyon 5.1 Seksyon prim Zewo anba Detèminasyon Prim 5.0, pg. 41<br>• Adisyon 6.1.1 Finansman Dat li fèt Gap Dat limit seksyon anba 6.0 Preconstruction, pg. 42<br>• Adisyon seksyon 6.4.1 Ranplasman MHU Relokasyon, pg. 43<br>• Added klarifye lang anba # 3 pou depo tanporè sou plas; te ajoute # 7, "Pwopriyetè kay la ap dakò pou li pa transfere pwopriyetè pwopriyete a oswa nenpòt ki enterè nan pwopriyete a jiskaske reyabilitasyon an, rekonstriksyon oswa ranplasman |

| | | |
|---|---|---|
| | | yo te konplete," anba 7.9 Responsablite pwopriyetè kay pandan konstriksyon, pg. 51<br>• Efase, "Lè yon aplikan resevwa benefis nan sous federal asistans pou katastwòf, ki pa Peye-pwofi oswa asirans yo apre yo fin detèminasyon an prim ki fèt epi anvan dosye fèmen DOB re-evalyasyon an, fon sa yo ka aplikan an dwe nan pwogram lan"; te ajoute yon langaj klarifikasyon anba 8.4 Subrogation, pg. 53<br>• Efase, "Pwogram yon sèl fanmi pwopriyetè-okipe pa gen okenn kondisyon konfòmite tèm long apre konstriksyon fin fèt ak Se poutèt sa repwann pa pral yon pwosesis ki nesesè pou pwojè ki konplè konstriksyon"; te ajoute yon klarifikasyon lang; efase dènye paragraf ki gen rapò ak peryòd ki abòdab anba 8.5 Repriz, pg. 53<br>• Te ajoute langaj klarifikasyon anba seksyon 1.2, HUD Limit Revni, pg. 11, "Pwogram lan kounye a lè l sèvi avèk 2020 revni limit yo efikas 30 jen, 2020. Pwogram nan pral mete ajou tab yo revni pou pwogram nan chak ane lè tab yo revni nouvo yo te fè efikas pa HUD. Limit revni ki itilize nan pwogram lan enkli nan Apendis A Revni HUD "<br>• Apendis Revize A avek 2020 HUD Limit Salè<br>Revizyon editoryal minè nan tout dokiman |
| 4.0 | | • Deplase seksyon Definisyon a 1.0, pou konsistans ak lòt dokiman pwogram yo<br>• Deplase seksyon Entwodiksyon 2.0, pou konsistans ak lòt dokiman pwogram lan<br>• Te ajoute lang klarifye ki gen ladan estanda kalite lojman (HQS) etabli sèten estanda minimòm pou "tout inite lojman repare oswa ranplase", anba Seksyon 1.0, Definisyon, paj 3<br>• Te ajoute definisyon Konstriksyon Anyèl, anba Seksyon 1.0 Definisyon, paj 5<br>• Te ajoute lang klarifye pou defini ranplasman lojman modilè tankou "Estrikti lojman modilè ki mande pou ranplasman yo pral ranplase ak yon estrikti lojman modilè.", Anba 1.0 Definisyon, paj. 4<br>• Te ajoute Seksyon 3.1.2, Administrasyon ak Aplikasyon Pwogram Lojman FloridaCommerce epi enkli lyen paj wèb pou Manyèl Règleman Rekiperasyon Dezas Irma sou sit entènèt FloridaCommerce a, Paj. 11<br>• Te ajoute langaj klarifye pou estrikti ki pa kalifye yo, “Efektif 22 Mas 2021, atik ranplasman ki enpòtan nan reyabilitasyon oswa aktivite ranplasman kote pwospektis lokal yo, alyans yo, oswa lwa yo kalifye pou ranplase dapre HRRP a epi yo ka kouvri pa Pwogram Rekonstriksyon ak Ranplasman Lojman Florida (HRRP) pou benefisyè aktif MHU yo. Pa egzanp, tout estrikti oksilyè, ki gen ladan - san yo pa - limite ak pakin machin pèmanan ak depo, yo pral evalye pou pri rezonab ak ki gen rapò ak alyans obligatwa oswa restriksyon aktyèl ki an plas pa |

| | | |
|---|---|---|
| | | pak MHU la oswa pwopriyete tè yo. "anba Seksyon 3.8.2 Estrikti ki pa kalifye, pg. 16. Tanpri, al gade nan "MHUs Alèt Chanjman Règleman atache Pakin machin, Depo, ak lòt estrikti oksilyè" ki te pibliye le, 21 avril 2021.<br>• Te ajoute seksyon 3.10.1 Depans ki asosye, paj. 22<br>• Te ajoute fraz, "Apwouve elevasyon ak / oswa depans aksè yo pa enkli nan limit $ 150,000 a; depans sa yo se adisyon a limit lan, si sa nesesè ", anba Seksyon 3.13 Limit Alokasyon ak Asistans Lojman, paj 23<br>• Efase, " elevasyon depans yo ", anba Seksyon 3.13 Limit Alokasyon ak Asistans Lojman, paj 23<br>• Te ajoute langaj klarifye pou mete "pa ranpli Fòm Oto-Sètifikasyon Rezidans Prensipal, anba Seksyon 4.4, Prèv Pwopriyetè, Lokatè ak Rezidans Prensipal, paj 30<br>• Efase, "sijè a deklarasyon an rekonesans fwod", anba Seksyon 4.4, Prèv pwopriyetè, lokatè ak rezidans prensipal, paj 31<br>• Te ajoute lang, "FloridaCommerce pral chache enfòmasyon adisyonèl nan lòt sous serye ki gen ladan lòt pwogram gouvènmantal, ki gen ladan enfòmasyon dirèk ki disponib nan NFIP.", Anba Seksyon 5.4 Ogmantasyon Pri Konfòmite (ICC), paj 36<br>• Te ajoute Seksyon 5.14, Milti- domaj Tanpèt, paj 39<br>• Te ajoute fraz “Efektif 22 Mas 2021, atik ranplasman ki enpòtan nan reyabilitasyon oswa aktivite ranplasman kote pwospektis lokal yo, alyans yo, oswa lwa yo kalifye pou ranplase dapre HRRP a epi yo ka kouvri pa Pwogram Rekonstriksyon ak Ranplasman Lojman Florida (HRRP) pou benefisyè aktif MHU yo. Pa egzanp, tout estrikti oksilyè, ki gen ladan - san yo pa - limite ak pakin machin pèmanan ak depo, yo pral evalye pou pri rezonab ak ki gen rapò ak alyans obligatwa oswa restriksyon aktyèl ki an plas pa pak MHU la oswa pwopriyete tè yo. " Te ajoute lang klarifye pou atik ki kalifye ak ki pa kalifye an repons a "Alèt Chanjman Politik MHUs konsènan Pakin machin, Depo, ak lòt estrikti oksilyè" ki te pibliye le 21 Avril, 2021, anba Seksyon 6.3 Atik ki kalifye ak inelijib yo, paj 42<br>• Te ajoute Seksyon 7.5.2, Ranplasman Alyans ak Restriksyon MHU, anba Seksyon 7.5, Inite Ranplasman Mobil / Lojman Fabrike (MHUs), paj 47<br>• Te ajoute lang klarifye gwosè inite ranplasman ki mande pou yon pi piti inite kay mobil (MHU), pase estanda HRRP ranplasman gwosè MHU a, anba Seksyon 7.5.2.4, paj 47. Tanpri al gade nan Alèt Chanjman Règleman, " Pi piti Inite Ranplasman / Gwosè MHUs " pibliye nan dat 10 jen 2021.<br>• te ajoute fraz “Efektif 22 Mas 2021, atik ranplasman ki enpòtan nan reyabilitasyon oswa aktivite ranplasman kote pwospektis lokal yo, alyans yo, oswa lwa yo kalifye pou ranplase dapre HRRP a epi yo ka kouvri pa Pwogram Rekonstriksyon ak Ranplasman Lojman Florida (HRRP) pou benefisyè aktif MHU yo. Pa egzanp, tout estrikti oksilyè, ki gen ladan - san yo pa - |

| | | |
|---|---|---|
| | | limite ak pakin machin pèmanan ak depo, yo pral evalye pou pri rezonab ak ki gen rapò ak alyans obligatwa oswa restriksyon aktyèl ki an plas pa pak MHU la oswa pwopriyete tè yo. " Te ajoute lang klarifye pou atik ki kalifye ak ki pa kalifye an repons a "Alèt Chanjman Politik MHUs konsènan Pakin machin, Depo, ak lòt estrikti oksilyè" ki te pibliye le 21 Avril, 2021, anba Seksyon 7.6 Detèminasyon Rekonstriksyon ak Seleksyon Plan, paj 48<br>• Te ajoute lang klarifye gwosè inite ranplasman ki mande pou yon pi piti inite kay mobil (MHU), pase estanda HRRP ranplasman gwosè MHU a, anba Seksyon 7.5.2.4, paj 47. Tanpri al gade nan Alèt Chanjman Règleman, " Pi piti Inite Ranplasman / Gwosè MHUs " pibliye nan dat 10 jen 2021.<br>• Te ajoute fraz, " estrikti lojman ki bati an bwa ki egzije rekonstriksyon yo pral rekonstwi kòm lojman ki bati an bwa ", anba Seksyon 8.1 Apèsi paj 52<br>• Efase, "inite" ak "ranplasman", anba Seksyon 8.1 Apèsi, paj 52<br>• Te ajoute klarifye lang ranplasman pou mete "modilè oswa mobil / inite lojman fabrike (MHU) ki te swiv pa ranplasman tè yo lwe pou lontan ka deplase ranplasman MHU lan nan yon nouvo lokasyon ki sijè a politik pwogram yo", anba Seksyon 8.1, Apèsi, paj 52<br>• Efase, "ak ranplasman", "domaje MHU", "ak yon nouvo MHU", "oswa nan yon nouvo kote si orijinal la", "inite domaje te", ak "ak mèt kay la MHU dwe deplase nan yon nouvo pwopriyete", anba Seksyon 8.1, Apèsi sou lekòl la, paj 52<br>• Te ajoute fraz "Kay modilè ki bezwen ranplasman yo pral ranplase ak yon estrikti lojman modilè. MHUs ki gen plis pase 5 ane daj oswa ki gen yon pri reparasyon estime ki pi gran pase $ 15,000 yo pral mande pou MHU a ranplase ak yon lòt MHU oswa estrikti lojman modilè ", anba Seksyon, 8.1 Apèsi, paj 52<br>• Te ajoute fraz, " pwopriyetè kay sou tè lwe pou lontan MHU ki kalifye ka deplase ranplasman MHU lan nan yon nouvo kote, sijè a règleman pwogram yo, anba Seksyon 8.1 Apèsi, paj 52<br>• Te ajoute fraz, "kontraktè a pral soumèt yon Lòd Chanjman ki gen ladan yon deskripsyon detaye sou travay ki nesesè yo, ki gen ladan kantite ak kote, pri a nan travay sa yo, ak tan ki nesesè pou travay sa yo dwe reyalize HRRP nan senaryo sa yo: "E li te ajoute boul yo" -Pou enkli dimansyon Estanda Rezistan Konstriksyon Kay yo; oswa - Pou bay yon lòd pou sispann travay. ", anba Seksyon 8.7 Lòd Chanjman, paj 55<br>• Efase, "ak anvan re-evalyasyon dat pou dosye a fèmen." Anba Seksyon 9.4 Sibwogasyon, paj 58<br>• Anèks revize B - Pwosesis Apèl / Plent, te ajoute Rekonsiderasyon aktyèl, Apèl ak lang Plent yo, paj 60<br>• Te ajoute lang klarifye reta siyifikatif pou jwenn materyèl konstriksyon baryè radyan, akòz mank ekipman akòz demann mache nasyonal, pandemi COVID-19 la, ak lòt faktè andeyò kontwòl Pwogram lan, anba Seksyon 10.2 Estanda Rezistan |

| | | |
|---|---|---|
| | | Konstriksyon Kay, paj 54. Tanpri, referew a Alèt Chanjman Règleman: "Fòm Rekonesans baryè radyan" pibliye le 8 jen, 2021.<br>• Rekonsilye lòd Apendis yo pou fè aliman avèk dokiman direktiv Lojman-yon Sèl-Fanmi yo.<br>• Revize Apendis E ak Limit Revni 2021 HUD yo.<br>HUD pibliye limit revni chak ane yo. HUD te pibliye nouvo limit revni nan mwa avril 2021. Pwogram lan ap itilize kounye a limit revni 2021 yo apati 17 me 2021.<br>• Refòmate tout dokiman an pou reflete lòt dokiman politik OLTR yo. |
| 4.1 | 11/4/2021 | • Te ajoute seksyon 3.4 Aktivite ki pa kalifye yo<br>• Mizajou Demann Rekonsiderasyon, Apèl, ak Plent pou presize ke yo pral bay repons alekri nan 15 jou ouvrab pou tout plent yo, pj. 63<br>• Mizajou Apèl FloridaCommerce URA pou presize ke pwosesis apèl la ta dwe fèt nan 60 jou olye ke 30 jou, paj. 65 |
| 4.2 | 1/11/2022 | Mete ajou seksyon 8.7 Chanjman Lòd pou deklare klèman ke lis pri Xactimate la se tès pri rezonab nou an; kote kondisyon sou mache ki egziste deja yo depase pri ki otorize a, kontraktè yo gen opsyon pou soumèt twa òf diferan - pou yo ta itilize sak pi ba a nan twa yo yon fason pou yo dokimante pri rezonab. |
| 4.3 | 2/14/2022 | • Ranplase mansyone "ODR" avèk "OLTR" nan seksyon 2.0 Entwodiksyon<br>• Mizajou 2.0 Entwodiksyon ak alokasyon aktyèl la ak benefis yo prevwa<br>• Mete ajou 3.7 Orè priyorite lè w retire nimewo bidjè pase a<br>• Mizajou 3.14 Limit Asistans Alokasyon ak Lojman ak bidjè aktyèl la ak mizajou limit asistans<br>• Te ajoute Plan Siveyans Konfòmite Seksyon 3.23<br>• Te ajoute Seksyon 4.10 Pwosesis Retrè Volontè<br>• Mizajou 7.0 Detèminasyon Prim ak mizajou limit pou repatisyon |
| 4.4 | 5/4/2022 | • Mete ajou Seksyon 3.2 Limit Revni HUD Preskri yo pou deklare ke kounye a HRRP ap itilize limit revni HUD 2022 yo.<br>• Mete ajou Seksyon 3.16 Rezistans ak Rediksyon Dega pou mete enfòmasyon aktyalize yo retire atik RHCS (Estanda Konstriksyon Kay Rezilyan yo).<br>• Mete ajou 4.10 Pwosesis Retrè Volontè pou anglobe kondisyon imèl pou sòti nan pwogram Rebuild Florida a.<br>• • Mizajou tablo kondisyon gwosè MHU nan 7.5.2.4 Estanda Gwosè Ranplasman MHU yo<br>• Mete ajou Seksyon 8.2 Nòm Konstriksyon Kay Rezistan yo pou enkli opsyon RHCS (Estanda Konstriksyon Kay Rezilyan yo). |

| | | |
|---|---|---|
| | | • Mete ajou Apèndis E: Limit Revni HUD Preskri yo ak limit revni HUD 2022 yo ki fèk pibliye<br>• Konplete mizajou fòma minè yo atravè dokiman an |
| 4.5 | 8/17/2022 | • Mizajou definisyon Evalyasyon Domaj<br>• Te ajoute definisyon pou Estanda Konstriksyon Kay Rezilyan (RHCS)<br>• Mizajou referans apendis nan seksyon 3.3 Egzijans Pwogram lan yo nan atik 7<br>• Te ajoute vèbaj nan 3.4 Aktivite ki pa Kalifye yo konsènan frè enpak yo.<br>• Te ajoute yon atik adisyonèl nan seksyon 3.18 Responsablite Mèt Kay yo pou enkli pou regle tout pwoblèm pwopriyete tankou, privilèj, sèvitid aksè, enkyetid depatman planifikasyon, ak estrikti san pèmisyon ak/oswa ilegal.<br>• Mizajou Egzanp Tablo Prim nan seksyon 7.0 Detèminasyon Prim lan<br>• Retire “Dokimantasyon Diplikasyon Benefis yo” nan lis atik yo te revize pou fèmti nan jesyon ka a ak QA/QC nan 9.3 Revizyon pou Fèmti.<br>• Fè ti chanjman fòma nan Apèndis A: Plan Piblisite Favorab<br>• Mizajou Anèks B: Seksyon Plent konsènan pwosesis Apèl/ Plent<br>• Te ajoute Apèndis H: Adendòm Dokiman Aplikan pou Pwogram Rebuild Florida HRRP a, ki gen lyen ak sitwèb Rebuild Florida HRRP, kote anèks la—ki genyen tout dokiman pwogram aplikan yo pou Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman Ouragan Irma yo—aksesib.<br>• Fè ti koreksyon gramatikal ak tipografik nan tout dokiman an. |
| 4.6 | 1/13/2023 | • Te ajoute akwonim pou depans anlè ak pwofi (O&P) nan 1.0 Definisyon yo<br>• Mizajou Seksyon 8.7 Òdonans Chanjman yo pou mete plis detay sou revizyon pri rezonab pou lòd chanjman yo soumèt nan pwogram nan |
| 4.7 | 9/21/2023 | Vèsyon Ajou Tablo Istorik vèsyon 2.0 pou fè chanjman ki te deja idantifye yo nan yon suivi vèsyon ki separe, epi elimine suivi vèsyon ki pibliye a.<br>Retire twazyèm chèk DOB nan Fèmen.<br>Te ajoute klè sou pwosesis subrogasyon epi tcheke nan seksyon revizyon an.<br>Nou ajoute lòt dosye (atik 7 ak 8) nan 3.9.2 Estriksti ki pa Kalifye pou fè yon pase sou kay ki gen pwoblèm ipotèk yo ak kondisyon espas ekstrawòdinè yo. |

| | | |
|---|---|---|
| | | Nou ajoute seksyon 3.14 Estanda Bilding Ekolojik yo ki detaye Estanda Bilding Ekolojik yo ansanm ak egzijans ki genyen pou suiv lis verifikasyon GBR la pou pwojè ki reyamenaje nan kad pwogram nan.<br><br>Retire atik 9 ki dekri peman pwogram pou 1 ane asirans inondasyon dapre 3.18 Responsablite Pwopriyetè Kay la.<br><br>Nou revize seksyon 6.4 Revizyon Anviwònmantal pou kapab gen koyerans nan tout pwogram yo.<br><br>Retire 7.2 Finansman Gap DOB retire twazyèm pòs DOP nan fèmen.<br><br>Mete ajou atik 7 nan 9.3 Revizyon Fèmen nan revizyon sibrogasyon<br><br>Mizajou vèbij nan 9.4 Subrogation pou korije "evalyasyon DOB" pou "revizyon subrogasyon"<br><br>Nou ajoute seksyon 9.6 Egzijans pou Asirans Inondasyon an pou detaye devwa nou gen pou n enfòme pwopriyetè kay aktyèl ak sa alavni yo sou devwa pa yo ki se toujou chèche genyen asirans inondasyon.<br><br>Nan dat 1ye jiyè 2023 a, epi selon Florida HB 5, chapit 2023-173, L.O.F. ansyen Depatman Opòtinite Ekonomik Florida a te vin chanje non pou l vin rele Depatman Komès Florida, ki pote non “FloridaCommerce” tou. Pou chanjman sa a kapab parèt, gen mizajou ki fèt nan tout referans ansyen Depatman Opòtinite Ekonomik Florida (tankou “Depatman” ak “DEO”) pou reprezante FloridaCommerce. Gen mizajou ki fèt sou fòma ak mak yo tou. |

# VÈSYON POLITIK

Yo swiv Istwa vèsyon yo nan tablo Istwa Vèsyon (paj i), ak nòt konsènan chanjman vèsyon yo. Dat chak piblikasyon yo anrejitre tou nan tablo sa a.

Chanjman enpòtan nan dokiman sa a ki reflete yon chanjman politik sa pral lakòz emisyon yon nouvo vèsyon dokiman an. Pa egzanp, yon chanjman politik solid apre emisyon Vèsyon 1.0 an ta rezilta nan emisyon Vèsyon 2.0 an, yon ogmantasyon nan nimewo vèsyon prensipal la. Chanjman minè yo tankou redakson ak koreksyon minè oswa klarifikasyon nan politik ki deja egziste ki pa afekte entèpretasyon oswa aplikabilite politik la pral enkli nan dènye vèsyon minè deziye pa yon ogmantasyon nimewo sekansyèl dèyè nimewo vèsyon prensipal la(sètadi, Vèsyon 2.1, Vèsyon 2.2, elatriye).

# KONTWÒL CHANJMAN POLITIK

Yo konsidere revizyon politik ak chanjman pou Biwo Rezilyans Alontèm nan Eta Florida atravè yon pwosesis kontwòl chanjman. Règleman klarifikasyon, ajoute, oswa sipresyon yo nesesè pandan dewoulman pwogram pou plis jisteman defini règleman yo pa ki Pwogram lan pral opere. Anplwaye Pwogram lan pral dokimante demann chanjman politik ki pral anrejistre nan dosye pwogram yo. Yap konpile epi pote demann yo devan sipèvize anplwaye yo nan yon reyinyon politik. Ekspè sijè k ap travay nan yon sektè politik patikilye oswa depatman travay ki pral afekte pa desizyon politik la ka envite pou ede nan evalyasyon politik la, si sa nesesè. Reyinyon politik yo ap fèt osi souvan sa nesesè pou konsidere desizyon politik enpòtan pou avanse Pwogram nan pi devan nan yon mannyè apwopriye. Desizyon politik yo pral dokimante epi yo pral abouti nan revizyon dokiman an kesyon an.

EQUAL HOUSING OPPORTUNITY

# Tab Dèmatyè


ISTWA VÈSYON AN ..... i

VÈSYON POLITIK ..... ix

KONTWÒL CHANJMAN POLITIK ..... ix

1.0 Definisyon yo ..... 7

2.0 Entwodiksyon ..... 13

3.0 Apèsi sou Pwogram lan ..... 15

3.1 Objektif Pwogram lan ..... 15

3.1.1 Objektif Nasyonal la ak Aktivite Elijib ki Admisib yo ..... 15

3.1.2 Administrasyon ak Reyalizasyon Pwogram Lojman FloridaCommerce a ..... 15

3.1.3 Pwogram Pilòt ..... 17

3.2 Limit Revni HUD Preskri yo ..... 19

3.3 Egzijans Pwogram lan yo ..... 19

3.4 Aktivite ki pa Kalifye yo ..... 19

3.5 Enskripsyon ..... 20

3.6 Aplikasyon yo ..... 20

3.7 Kalandriye Priyorite ..... 21

3.8 Edikasyon sou Pwogram lan ..... 22

3.9 Kalite Estrikti yo ..... 22

3.9.1 Estrikti Elijib yo: ..... 22

3.9.2 Estrikti ki Pa Elijib yo: ..... 22

3.9.3 Kondo, kay an raje, ak lòt estrikti ki pataje mi ansanm yo ..... 23

3.9.4 Diplèks, triplèks, kadriplèks ke se mèt yo k ap viv ladan yo ..... 26

3.10 Kalite Asistans y ap Ofri ..... 26

3.11 Asistans pou Demenajman Opsyonèl ..... 28

3.11.1 Depans Asosye yo ..... 28

3.12 Nòm Konstriksyon yo ..... 29

3.13 Nòm Aksesibilite yo ..... 29

3.14 Estanda Batiman Ekolojik yo ..... 29

3.15 Alokasyon ak Limit Asistans pou Lojman ..... 30

3.16 Analiz sou Fezabilite Reparasyon an ..... 30

3.17 Rezistans ak Rediksyon Dega ..... 31

3.18 Rapidite Repons Mèt Kay la ....31
3.19 Responsablite Mèt Kay yo ....31
3.14 Plent/Apèl Rekou/Konfli Enterè....33
3.14.1 Plent sou Lojman Ekitab yo ....33
3.14.2 Konfli Enterè....33
3.15 Kont fwod, gaspiyaj, oswa abi Pwosesis....34
3.16 Fichye, Dosye, ak Rapò yo....34
3.17 Evalyasyon Eta ak Federal yo ....34
3.18 Plan Siveyans Konfòmite....35
3.19 Egzijans Apwovizyònman yo ....35
4.0 Egzijans Elijibilite yo ....36
4.1 Dega Ouragan Irma....36
4.2 Lokalite....36
4.3 Prèv Sitwayènte Amerikèn oswa Prèv Estati Rezidan Pèmanan (Kat Rizidans) ....37
4.4 Prèv Tit Pwopriyetè, Moun k ap viv ladan ak Rezidans Prensipal....37
4.5 Sikonstans Espesyal ki Lye ak Moun k ap Viv nan Kay la....38
4.6 Tit Pwopriyetè....38
4.7 Sikonstans Espesyal ki Lye ak Kalite Tit Pwopriyetè ....38
4.7.1 Prè Ipotekè Envèse....38
4.7.2 Kontra Acha yo....38
4.7.3 Ak Don ....38
4.7.4 Fideyikomi....39
4.7.5 Lavi Imobilye ....39
4.8 Lanmò Pwopriyetè Elijib k ap viv nan Kay la....39
4.9 Taks sou Pwopriyete yo....40
4.10 Pwosesis Retrè Volontè....40
4.11 Aplikasyon ki Pa Elijib yo ....40
4.12 Egzijans Sètifikasyon pou Resevwa Asistans yo ....40
4.13 Egzijans Elijiblite Revni....41
5.0 Avantaj Doub yo (DOB) ....43
5.1 Apèsi ....43
5.2 Asistans Endividyèl FEMA (FEMA IA) ....43
5.3 Asirans nan Pwogram Asirans Inondasyon Nasyonal (NFIP) FEMA....43
5.4 Ogmantasyon Depans pou Konfòmite (ICC)....44

5.5 Asirans Prive ....................................................44
5.6 Administrasyon Ti Biznis lan (SBA)....................................................44
5.7 Depans Admisib pou Reparasyon yo....................................................45
5.8 Fwòd Kontraktyèl....................................................46
5.9 Ranbousman Prè Ipotekè Fòse ....................................................46
5.10 Frè Legal yo ....................................................46
5.11 Deklarasyon Taks yo ....................................................46
5.12 Kalkil Montan Dekalaj DOB a....................................................46
5.13 Sibstitisyon ....................................................47
5.14 Domaj miltip-tanpèt....................................................47
5.14.1 Aplikan Irma yo ....................................................48
5.14.2 Rebuild Florida – Aplikan Siklòn Irma ki te sibi domaj Hermine oswa Matthew tou ..48
6.0 Enspeksyon ak Revizyon Anviwònmantal....................................................49
6.1 Apèsi ....................................................49
6.2 Enspeksyon Inisyal ak Verifikasyon Dega....................................................49
6.3 Atik Elijib ak Atik ki Pa Elijib yo ....................................................49
6.4 Revizyon Anviwònmantal....................................................50
6.5 Kondisyon pou Elevasyon ....................................................50
6.5.1 Sètifika Elevasyon ....................................................51
7.0 Detèminasyon Prim lan....................................................52
7.1 Zewo Prim ....................................................53
7.2 Finansman Diferans DOB....................................................53
7.2.1 Dat limit Finansman DOB Gap la....................................................53
7.3 Idantifikasyon Danje Penti a Baz Plon yo ak Amyant....................................................53
7.4 Elaborasyon Pri pou Pwojè Reparasyon yo....................................................54
7.5 Ranplasman Inite Lojman Mobil/Fabrike yo (MHU)....................................................54
7.5.1 Ranplasman Relokalizasyon MHU yo....................................................54
7.5.2 Ranplasman Alyans ak Restriksyon MHU ....................................................55
7.6 Verifikasyon Travay yo bay kontraktè a ak Akò Konstriksyon an ....................................................58
7.7 Dokiman yo pou Egzekisyon Kontra a ....................................................58
7.8 Avi pou Pouswiv ....................................................58
7.9 Avi pou Kòmanse Konstriksyon ....................................................58
7.10 Egzijans yo pou Kontraktè a ....................................................58
8.0 Konstriksyon....................................................60

8.1 Apèsi ....60
8.2 Nòm Konstriksyon Kay Rezistan yo ....60
8.3 Deranjman Penti ki a Baz Plon ak Rediksyon Dega....61
8.4 Enspeksyon Pwogrè Reparasyon ak Rekonstriksyon yo ....62
8.5 Enfòmasyon sou Enspeksyon ak Garanti pou Finisman Sibstansyèl ....62
8.6 Enspeksyon yo Refè yo ....63
8.7 Òdonans Chanjman yo ....63
8.8 Metòd Peman/Fakti ....64
8.9 Responsablite Mèt Kay yo Pandan Konstriksyon an....64
9.0 Apre Konstriksyon ....65
9.1 Apèsi ....65
9.2 Kontwòl Peryòd Konfòmite ....65
9.3 Revizyon pou Fèmti....65
9.4 Sibstitisyon ....66
9.5 Rekiperasyon ....66
9.6 Egzijans pou Asirans nan moman Inondasyon ....66
Apèndis....1
Apèndis A: Plan Piblisite Favorab....1
Apèndis B: Pwosesis Apèl Rekou/Plent....2
Apèsi sou lekòl la ....2
REZIME POLITIK LA ....2
Fwòd Kontraktyèl ....6
Apèndis C: Lis Verifikasyon Evalyasyon Dega....2
Apèndis D: Metodoloji Aplikasyon Pilòt la ....3
Objektif....3
Chwa Aplikasyon Pilòt la ....3
Kalandriye Aplikasyon Pilòt la ....4
Rezilta Aplikasyon Pilòt la ....4
Apèndis E: Limit Revni HUD Preskri yo ....7
Apèndis F: Multi-Tanpèt DOB Self-Sètifikasyon....18
Apèndis G: Enfòmasyon sou Asistans pou Deplasman Inifòm (URA)....19
Apèndis H: Adendòm Dokiman Aplikan pou Pwogram Rebuild Florida HRRP a....20

# 1.0 Definisyon yo

**Akò Sibvansyon Mèt Kay:** Se akò ekri ant FloridaCommerce ak aplikan k ap resevwa prim lan ki bay detay sou prim sibvansyon an, kalkil prim lan ak nenpòt lòt egzijans yo mete sou aplikan an pou l ka patisipe nan HRRP. Aplikan an dwe konkli Akò Sibvansyon Mèt Kay la avan kòmansman konstriksyon an.

**Amelyorasyon Sibstansyèl**: Jan yo defini nan 24 CFR 55.2(b) (10) epi jan sa aplikab nan kad pwogram HRRP a, amelyorasyon sibstansyèl vle di nenpòt reparasyon, rekonstriksyon, modènizasyon oswa amelyorasyon y ap fè nan yon estrikti kote, depans pou travay yo egal oswa plis pase 50% valè estrikti a koute sou mache a swa avan amelyorasyon oswa reparasyon an te kòmanse oswa si estrikti a te andomaje, epi y ap restore l, valè l te koute avan l te sibi domaj la. Se jiridiksyon lokal la sèlman k ap fè detèminasyon amelyorasyon sibstansyèl la. Pwogram lan pral respekte detèminasyon sa yo.

**Andikap**: Nan kad pwogram lan, “andikap” annakò ak lwa federal la daprè Lwa sou Sekirite Sosyalla, jan yo modifye l, 42 U.S.C. §423(d), Lwa an Favè Ameriken ki gen Andikap 1990 la, jan yo modifye l, 42 U.S.C. §12102(1) -(3), epi li annakò ak règleman HUD preskri nan 24 CFR §§5.403 ak 891.505.

**Ane Konstriksyon:** Nan etap aplikasyon an, Pwogram nan mande pou enfòmasyon ane konstriksyon nan men aplikan an, ki refere tou kòm "dat konstriksyon" oswa pafwa "ane konstriksyon ". Yo kolekte enfòmasyon preliminè sa a nan ojektif pou pwogram nan pran kèk modèl desizyon enfòme byen bonè nan pwosesis la; sepandan, dat ane konstriksyon konfime an sou ki plis desizyon pwogram yo te pran, tankou bezwen evalyasyon ki baze sou risk penti ki baze sou plon oswa ranplasman kay mobil, ka jwenn nan pwosesis revizyon anviwònman an, epi li dokimante nan ERR la. Dat sa a jwenn nan revizyon dosye taks pou pwopriyete a.

**Aplikan:** Nenpòt moun ki depoze yon aplikasyon pou Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman Rekonstwi Florid la.

**Asirans Inondasyon**: Lwa sou Pwoteksyon kont Katastwòf Inondasyon 1973 la (42 U.S.C. 4012a) egzije pou tout pwojè k ap resevwa asistans federal epi ki sititye nan yon zòn FEMA idantify kòm yon zòn ki anndan Zòn ki gen Danje Inondasyon Espesyal yo (SFHA) dwe gen asirans inondasyon anba Pwogram Asirans Inondasyon Nasyonal la (NFIP). Pou yo kapab achte asirans inondasyon, kominote a dwe patisipe nan NFIP. Si kominote a p ap patisipe nan NFIP, yo p ap ka itilize asistans federal nan zòn sa yo.

**Asirans pou Aksidan Pwopriyete**: Asirans ki kouvri reparasyon estriktirèl k ap fèt nan yon kay akoz dega van, dife, grèl, lapli ewolyèn, tònad, ouragan oswa lòt katastwòf natirèl, ki pa inondasyon.’

**Avantaj Doub yo**: Ap gen yon Avantaj Doub si Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman Rekonstwi Florid la bay yon mèt kay asistans pou menm objektif (sa vle di reparasyon, ranplasman oswa rekonstriksyon) ak nenpòt lòt asistans finansyè oswa nenpòt menm asistans an nati yo te bay mèt pwopriyete sa avan pou reparasyon, ranplasman oswa rekonstriksyon kay li a. Yo entèdi pwogram Rekonstwi Florid la kreye yon Avantaj Doub. Entèdiksyon sa a soti nan Lwa sou Sekou ak Asistans Ijans Aprè Katastwòf Robert T. Stafford (Lwa Stafford) ki vle di yo dwe retire lòt sous finansman sa a yo nan nenpòt prim potansyèl yo gen dwa resevwa.

**Baz Elvasyon kont Inondasyon (BFE)**: Jan Ajans Federal pou Jesyon Ijans lan (FEMA) detèmine Baz Elvasyon kont Inondasyon an, se relasyon ki genyen ant BFE a ak elvasyon yon estrikti. Yo itilize l pou detèmine prim asirans inondasyon yo. Rejis Federal la tabli egzijans elvasyon minimòm pou kay yo ke finansman CDBG-DR a pral ede yo ak kiyès pami yo ki mande pou yo fè elvansyon ladan yo. HUD te detèmine ke yo dwe fè elvasyon an, nan fason kote etaj ki pi ba, ki gen ladan sou-sòl la, omwen de (2) pye pi wo pase BFE a pou estrikti yo konsevwa presizeman pou itilizasyon rezidansyèl epi ki sitiye nan plèn inondab nan ka inondasyon santenal (100 tan) ki resevwa asistans pou nouvo konstriksyon, fè reparasyon gwo dega oswa fè gwo amelyorasyon yo.

**Bilan Travay**: Pòte Travay ke you akòde yon kontraktè pa mwayen yon pwosesis òf konpetitif ki gen ladan reparasyon yo idantifye nan SWE a.

**CDBG-DR**: Sibvansyon Global pou Devlopman Kominotè-Rekiperasyon Aprè Katastwòf.

**Dega Sibstansyèl**: Baze sou dispozisyon ki konsène inondasyon nan Kòd Konstriksyon Florid la, se dega ki gen nenpòt orijin ke yon estrikti te sibi kote depans pou yo restore estrikti a pou vin nan kondisyon l te ye avan dega a pral egal oswa plis pase 50 pousan valè estrikti a koute sou mache a avan l te sibi domaj la. Se jiridiksyon lokal la sèlman k ap fè detèminasyon an. Pwogram lan pral respekte detèminasyon sa yo.

**Demolisyon:** Netwayaj ak eliminasyon kay yo kraze yo ak amelyorasyon yo kòmsadwa.

**Dezyèm Kay**: Pwopriyete ki sèvi kòm yon dezyèm kay nan moman katastwòf la, oswa apre katastwòf la, pa elijib pou asistans reparasyon oswa ensitasyon lojman yo. Yo defini yon dezyèm kay kòm yon kay ki pa rezidans prensipal mèt li, yon lokatè oswa nenpòt moun ki t ap viv ladan nan moman tanpèt la te frape a oswa nan moman yo depoze aplikasyon pou asistans lan. HUD te tabli yon egzijans altènativ pou dezyèm kay yo ki ka pèmèt yo resevwa asistans nan deseri sikonstans limite an kowòdinasyon ak HUD.

**Evalyasyon Dega a**: Yon evalyasyon dega se premye opòtinite pou Pwogram lan fè yon enspeksyon nan estrikti ki te sibi domaj pandan pasaj Ouragan Irma, se lè sa anplwaye pwogram lan yo dokimante nan fason ofisyèl tout dega ki te repare nan moman an ak dega ki rete pou yo repare yo nan yon lojisyèl estimasyon k ap pèmèt pri mache mansyèl ak taks lokal sou lavant k ap aplike pou meteryo ak mendèv ki elijib nan kad Pwogram lan yo nan yon fòma rapò koyeran. Rapò evalyasyon dega pral gen ladan yon reprezantasyon grafik estrikti a ki byen detaye ansanm ak foto eksteryè ak enteryè, ke yo pral bezwen itilize pou kreye dimansyon nan estimasyon travay (SWE). Estimasyon ki soti nan evalyasyon domaj kay yo reyalize a pran kalkil pousantaj domaj la, ki vle di avantaj posibilite chak aplikan k ap patisipe yo. Kalite avantaj posibilite yo se reyabilitasyon, rekonstriksyon, ak ranplasman (kay manifaktire sèlman).

**Elvasyon**: Yo dwe fè elvasyon an, nan fason kote etaj ki pi ba, ki gen ladan sou-sòl la, omwen de (2) pye pi wo pase 1% elvasyon plèn inondab anyèl la pou tout estrikti, yo defini nan 44 CFR 59.1, ke yo konsevwa presizeman pou itilizasyon rezidansyèl epi ki sitiye nan plèn inondab ki gen 1% chans inondasyon anyèl (santenal oswa 100 tan) ki resevwa asistans pou nouvo konstriksyon, fè reparasyon gwo dega oswa fè gwo amelyorasyon yo, jan yo defini nan 24 CFR 55.2(b) (10) a.

Y ap fè Elvasyon yo pa mwayen konstriksyon pilye ak poto, jan kòd konstriksyon Florid la preskri. Li p ap elijib pou ranpli ranblè pou ka atenn wotè elvasyon apwopriye a.

**Enskripsyon**: Premye etap yon mèt pwopriyete dwe pran pou yo chache jwenn avantaj yo nan kad pwogram lan. Enskripsyon an pral lakoz priyorizasyon yon moun ki enskri pou aplikasyon si l satisfè egzijans elijiblite debaz yo. Sa a diferan epi separe de aplikasyon an.

**Estanda Konstriksyon Kay Rezilyan yo (RHCS):** Pwogram nan te etabli RHCS an konfòmite ak objektif HUD yo, jan yo eksprime nan Avi Rejis Federal Vol. 83, No., 28, 9 fevriye 2018, pou ranfòse yon rezistans estrikti yo kont fiti katastwòf ke van pwovoke. Estanda sa a gen entansyon bay materyèl konstriksyon amelyore pou eleman estrikti espesifik tankou twati, fenèt, ak pòt.

**Estimasyon Depans pou Reparasyon yo Konplete yo (CRE):** Yo itilize CRE a pou verifye dega Ouragan Irma te lakoz nan pwopriyete a epi detèmine kantite reparasyon ki te fin fèt deja yo. Yo ka itilize estimasyon an pou verifye si yo itilize fon yo resevwa nan men asirans lan oswa lòt pwogram asistans pou rekiperasyon aprè katastwòf kòmsadwa pou reparasyon an epi yo ka itilize l pou redui Avantaj Doub yo (DOB), sizanka pa ta gen resi.

**Estimasyon Pòte Travay la (SWE)**: Yo itilize yon SWE pou verifye dega Ouragan Irma te lakoz nan pwopriyete a epi detèmine pòt travay yo estime ki nesesè pou konplete reparasyon y ap fè nan pwopriyete a epi fè pwopriyetè vin a konfòm ak nòm pwogram lan yo.

**Estimasyon Pòte Travay Rekonstriksyon an (SWE)**: Evalyatè Dega a pral elabore yon SWE nan Xactimate®, lè yo te demoli, kondane oswa detèmine li pa sekiritè pou antre nan yon pwopriyete nan

moman evalyasyon dega a. Si pwopriyete a pa la ankò, Evalyatè Dega a pral fè yon entèvyou ak Aplikan an pou l konfime mezi espas vivab la an pye kare, ak lòt karakteristik jeneral pwopriyete a yo tankou, fondasyon an, deyò a, anndan ak sistèm yo.

**Fanmi**: Yon fwaye ki gen ladan de oswa plis moun ki gen lyen familyal. Tèm "fanmi" an gen ladan tou youn oswa plis moun ki elijb k ap viv ak yon lòt moun oswa plizyè moun ke yo detèmine ki enpòtan pou pran swen yo ak pou byennèt yo.

**Finisman Sibstansyèl**: Finisman Bilan Travay yo te akòde kontraktè a.

**Fwaye**: Yo defini yon fwaye kòm tout moun k ap viv nan menm kay, kèlkeswa lyen familyal yo oswa sa youn ye pou lòt. Moun k ap viv nan kay la yo ka yon sèl fanmi, de oswa plis fanmi k ap viv ansanm oswa nenpòt lòt gwoup moun ki gen lyen familyal oswa ki pa gen lyen familyal k ap viv ansanm. Pou aktivite lojman yo, tès pou satisfè objektif Revni Fèb ak Modere a ap baze sou fwaye LMI yo.

**HUD**: Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini an.

**Inite Lojman Mobil/Fabrike (MHU)**: Yon estrikti, tanspòtab ki rapati an yon seksyon oswa plizyè ki, nan mòd vwayaj se yon kò ki mezire 8 pye kòporèl oswa plis nan lajè oswa 40 pye oswa plis nan longè, oswa lè yo monte l sou sit la, li mezire omwen 320 pye kare, yo konstwi l sou yon bòdi sipò pèmanan epi yo konsevwa pou yo itilize l avèk oswa san yon fondasyon pèmanan lè yo konekte l ak sèvis piblik obligatwa yo, ki gen ladan plonbri, chofaj, klimatizè, ak sistèm elektrik ki gen anndan l yo. Pafwa, yo konn rele yo kay mobil. Yo konstwi yon MHU baze sou karakteristik teknik ki preskri nan Lwa sou Nòm Konstriksyon ak Sekirite Kay Fabrike 1974 la, 42 U.S.C. 70 § 5401 et seq. MHU yo afiche yon etikèt sètifikasyon wouj ki sou bò deyò chak seksyon transpòtab. Yo konstwi kay fabrike yo nan yon anviwònman kontwole nan yon izin fabrikasyon epi yo transpòte yo yon seksyon oswa plizyè alafwa sou yon bòdi sipò pèmanan.

**Kay Konvansyonèl**: Yon kay ke yo te konstwi sou plas kote yo te itilize materyèl ak metòd konstriksyon tradisyonèl yo.

**Lojman Modilè:** Yon kay yo konstwi an seksyon nan yon izin pou satisfè kòd konstriksyon Federal, eta oswa lokal yo. Yon fwa yo fè asanblaj la, inite modilè a vin fikse nan fason pèmanan sou yon sit. Pwogram lan pral trete kay modilè yo kòm konstriksyon tradisyonèl, sou sit oswa bati. Estrikti lojman modilè ki mande pou ranplasman yo pral ranplase ak yon estrikti lojman modilè.

**Mezi pou Rediksyon Dega yo**: Aktivite yo konsevwa pou redui dega yo ak/oswa redui risk pi lwen pase jan kondisyon inite lojman te ye avan katastwòf la lè aktivite sa a ale byen pi lwen pase konstriksyon federal, eta, oswa lokal la oswa egzijans kòd yo. Annakò ak enstriksyon HUD, reparasyon inite lojman an ak peman asirans inondasyon an pa aktivite IMM (Mezi pou Rediksyon Dega Endividyèl). Egzanp Mezi pou Rediksyon Dega yo gen ladan: elvasyon pi wo pase nivo baz elvasyon kont inondasyon an, oswa yo te ajoute volè kont tanpèt yo, fenèt ki gen pwoteksyon kont katastwòf, elatriye, depi li pa obligatwa pou amelyorasyon sa yo konfòm ak egzijans kòd yo epi yo pa te egziste nan inite lojman jiskavan dega katastwòf la. Toutfwa, mezi pou rediksyon dega yo pa elijib kòm yon aktivite pou kont yo. Yo dwe enkòpore yo nan kad yon pwojè ki nan yon lòt fason ap abòde reparasyon elijib ki nesesè akoz dega Ouragan Irma.

**Moun ki Enskri**: Nenpòt moun ki enskri nan pwogram lan.

**NFIP**: Pwogram Asirans Inondasyon Nayonal.

**Nòm Bilding Ekolojik yo**: Tout amenajman ki satisfè definisyon amelyorasyon sibstansyèl, rekonstriksyon oswa nouvo konstriksyon yo dwe satisfè nòm yo rekonèt nan endistri a yo ki te atenn sètifikasyon daprè omwen youn nan pwogram ki annapre yo: (1) ENERGY STAR (Kay oswa Bilding Miltifamilyal a Plizyè Etaj Sètifye), (2) EPA Indoor Air Plus (Energy Star se yon kondisyon preyalab), (3) LEED (Nouvo Konstriksyon, Kay yo, Bilding Wotè Mayèn yo, Operasyon ak Antretyen Bilding ki la Deja yo, oswa Devlopman Katye), oswa Estanda Bilding Ekolojik Nasyonal (4) ICC–700 an.

**Nòm Kalite Lojman yo (HQS):** HQS tabli kèk nòm minimòm pou bilding yo. Sa gen ladan tout inite lojman repare oswa ranplase, ki gen ladan nouvo pwopriyete inifamilyal yo ak kay miltifamilyal you jan

yo dekri nan 24 CFR 982.401. HRRP itilize nòm sa yo kòm direktiv pou yo idantifye ensifizans debaz onivo kalite lavi ke yo bezwen korije pandan pwosesis konstriksyon an lè gen lòt dega tanpèt yo idantifye ki te asosye ak siklòn Irma. HRRP p ap fè yon enspeksyon HQS sètifye.

**O&P:** Depans anlè ak pwofi (Overhead and Profit an Anglè)

**Objektif Nasyonal pou Fwaye ki gen Revni Fèb ak Modere yo (LMI)**: Aktivite ki ofri avantaj pou fwaye ki gen yon revni anyèl nè total ki pa plis pase 80% Revni Medyan Zòn lan (AMI), lè yo ajiste l selon kantite moun ki gen nan fanmi an. Y ap detèmine ak verifye elijiblite revni an annakò ak Direktiv HUD preskri yo. Y ap itilize limit revni ki pi resan HUD pibliye chak ane yo, pou yo verifye elijiblite revni chak fwaye k ap aplike pou asistans nan moman y ap resevwa asistans lan.

- **Trè Fèb:** Fwaye ki gen revni anyèl jiska 30% revni medyan zòn lan pou yon fanmi, jan HUD detèmine a, lè yo ajiste l selon kantite moun ki gen nan fanmi an.
- **Fèb:** Fwaye ki gen revni anyèl ant 31% ak 50% revni medyan zòn lan pou yon fanmi, jan HUD detèmine a, lè yo ajiste l selon kantite moun ki gen nan fanmi an.
- **Modere:** Fwaye ki gen revni anyèl ant 51% ak 80% revni medyan zòn lan pou yon fanmi, jan HUD detèmine a, lè yo ajiste l selon kantite moun ki gen nan fanmi an.

**Ogmantasyon Depans pou Konfòmite (ICC)**: Yo ka egzije estrikti ke yon inondasyon te andomaje pou yo satisfè kèk egzijans konstriksyon, tankou elvasyon ak demolisyon, pou redui risk pou yo sibi dega inondasyon alavni avan yo ka repare oswa rekonstwi estrikti a. Pou ede peye pou depans sa yo, Pwogram Asirans Inondasyon Nasyonal la (NFIP) mete garanti Ogmantasyon Depans pou Konfòmite a pou tout nouvo Politik Asirans Inondasyon Estanda oswa sila yo renouvle yo. ICC se yon sous potansyèl pou avantaj doub, antake fon siplemantè pou yon politik NFIP ki la deja. Moun ki gen politik ICC yo ap sèlman elijib pou yo resevwa peman ICC si manadjè plèn inondab lokal la te emèt yon Lèt Dega Sibstansyèl.

**Pa Apwopriye pou Reyabilitasyon**: FloridaCommerce defini lojman ki "pa apwopriye pou reyabilitasyon" kòm youn nan de definisyon ki annapre yo:

1. Pwopriyete rezidansyèl ki te sibi plizyè pèt repetitif yo daprè Pwogram Asirans Inondasyon Nasyonal (NFIP) FEMA a.
2. Yo p ap jije kay yo konsidere ki nan move kondisyon epi ki pa satisfè nòm reparasyon lojman pwogram retablisman an yo ak/oswa egzijans kòd federal, eta, ak lokal yo kòm kay ki apwopriye pou reyabilitasyon, jan pwogram lan te detèmine epi konfòmeman ak direktiv pwogram lan yo. Yon estrikti pa apwopriye pou reyabilitasyon si pri reparasyon an ki pa rezonab daprè nòm pwogram lan.

**Plèn Inondab**: FEMA deziyen plèn inondab yo kòm zòn jewografik ki sijè a divès nivo risk inondasyon. Chak zòn reflete gravite oswa tip inondasyon potansyèl nan zòn lan.

- **Plèn inondab nan ka inondasyon santenal (100 tan)**: Zòn jewografik FEMA defini kòm yon zòn ki gen yon pousan chans pou yon evènman inondasyon inonde l pandan nenpòt ane.

**Prè Lajan ki Anile**: Moun ki prete a te antre nan yon akò prè, men pou yon varyete de rezon, tout oswa yon pòsyon nan kantite lajan prè a pa te debouse ak pa disponib ankò pou aplikan an. Anilasyon prè a ka akòz rezon moun ki prete lajan an, akò pa tou de pati yo pou anile pòsyon a prè a ki pa ko debouse, oswa ekspirasyon tèm pou ki prè a te disponib pou debousman an .

**Prè Lajanke yo refize:** kantite lajan ki refize yo se montan prè ki te apwouve oswa ki ofri pa yon kreditè pou bay repons pou yon aplikasyon prè, men aplikan an te refize, sa ki vle di aplikan an pa janm siyen dokiman prè pou resevwa prè a.

**Prè Lajan ki Sibvansyone**: Prè Sibvansyone (ki gen ladan prè obligatwa yo) se lòt prè ki pa prè prive. Ni SBA , ni FEMA bay prè sibvansyone pou rekiperasyon dezas.

**Prè Prive:** Yon prè ki pa bay oswa garanti pa yon antite gouvènmantal , e ki egzije pou aplikan CDBG – DR( moun kap prete lajan an) pou repeye tout montan prè a (prensipal ak enterè) anba tèm tipik komèsyal prete lajan yo, eg, Prete lajan pa gen pardon ladann

**Prim Zewo:** Lè yo detèmine yon prim zewo, li akòz pri estime pou fè reparasyon domaj estriktirèl ki gen rapò ak dezas ki te fèt nan kay yon aplikan ke yo te mwens pase kantite lajan benefis yo te resevwa deja nan lòt sous.

**Ranplasman**: Demolisyon, anlèvman ak ranplasman yon MHU ki te sibi domaj pou mete yon nouvo MHU plizoumwen nan menm anprent lan oswa nan yon nouvo lokalite si inite orijinal ki te sibi domaj la te sou tè yo te lwe epi mèt MHU a bezwen demenaje ale nan yon nouvo pwopriyete. Demenajman yon nouvo MHU pral mande yo fè plis analiz anviwònman ankò.

**Rapò Validasyon Rezidansyèl (RVR)**: Ekip Kontwòl Kalite a pral elabore yon RVR nan Xactimate® pou tout pwopriyete yo nan yon efò pou yo detèmine fezabilite reyabilitasyon an konparezon ak rekonstriksyon. RVR la pral bay detay sou pri ranplasman an ki gen ladan tout pèmi, frè, frè administratif, benefis yo, ak taks sou lavant ki aplikab yo. Montan depans ranplasman an reprezante depans yo estime an mwayèn pou rekonstwi yon estrikti apre yon pèt total, epi li gen ladan bagay tankou mendèv ak materyo yo pou satisfè kòd konstriksyon ki anvigè yo, ak benefis kontraktè jeneral la, ak frè administratif pou lokalite a. Depans aktyèl rekonstriksyon pou estrikti a ka diferan de depans yo estime ranplasman ap koute a akoz chanjman ki ka genyen nan kondisyon ekonomik yo, disponiblite kontraktè a, ak atribi espesifik kontraktè konstriksyon yo. Depans ranplasman Xactimate® te estime a pa gen ladan depans pou atik tankou ekskavasyon, valè tèren an, estrikti detache yo, oswa demolisyon pwopriyete Ouragan Irma te andomaje a.

**Rejis Federal**: Revi ofisyèl gouvènman Federal Etazini an ki gen ladan règ an vigè, règ yo pwopoze, ak avi piblik ajans federal yo. Yo pibliye l chak jou, eksepte nan jou ferye Federal yo. Yo pibliye yon Avi Rejis Federal (FRN) pou chak katastwòf CDBG-DR finanse. FRN lan dekri règ ki aplike pou chak atribisyon finansman pou katastwòf.

**Rekonstriksyon**: Demolisyon, anlèvman, ak eliminasyon yon inite lojman ki la deja ak ranplasman inite sa a sou menm anplasman an, epi nan menm anprent lan, avèk yon nouvo inite ki konfòm ak Kòd Rezidansyèl Entènasyonal yo (IRC), jan Kòd Florid la egzije a. Kantite inite ki sou anplasman gendwa pa ogmante epi sipèfisi an pye kare total orijinal la, estrikti rezidans prensipal yo pral rekonstwi a gendwa pa twò depase; tout fwa a, kantite chanm ki gen nan inite a ka ogmante oswa redui.

**Revizyon Anviwònmantal:** Tout pwojè kalifye yo dwe sibi yon pwosesis revizyon anviwònmantal. Pwosesis la ap asire ke aktivite yo konfòm ak Lwa Nasyonal sou Politik Anviwònmantal la (NEPA) ak lòt lwa eta ak federal ki aplikab yo.

**Revni Medyan Zòn lan (AMI)**: Revni medyan (pwen mitan) fwaye pou yon zòn yo ajiste pou kantite moun ki gen nan fwaye a jan Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini an (HUD) pibliye ak mete ajou chak ane. Yon fwa yo detèmine revni fwaye a, y ap konpare l ak limit revni HUD preskri pou kantite moun ki gen nan fwaye sa a.

**Reyabilitasyon:** Reparasyon oswa restorasyon inite lojman nan zòn katastwòf te afekte yo pou fè yo vin konfòm ak kòd ak nòm konstriksyon aplikab yo.

**Sibstitisyon legal:** Sibstitisyon se yon doktrin legal ki pèmèt yon moun asime dwa yon lòt moun. Nan kontèks sibvansyon pou rekiperasyon aprè katastwòf yo, yon mèt kay dwe konkli yon akò sibstitisyon legal kote ajans k ap bay finansman an (FloridaCommerce) pral vin gen dwa pou yo kolekte nenpòt peman pou rekiperasyon aprè katastwòf oswa peman asirans ke mèt kay la resevwa pou dega Ouragan Irma te lakoz yo apre mèt pwopriyete a te konkli yon akò sibvansyon pou yo resevwa avantaj HRRP yo.

**Sipèfisi Kolektif Anba Twati:** Total Zòn ki anba konstriksyon tradisyonèl komen do kay la komen avèk kay modilè se sitou enteryè, espas kondisyone, ak pou kay yon sèl etaj , ki egal ak perimèt nan kay la. Zòn total ki anba do kay komen pou kay mobil se sitou enteryè, espas kondisyone, ki limite a estrikti orijinal Estrikti manifaktire ki bati avèk espesifikasyon yo egzije nan Lwa Konstriksyon Kay Prefabrike ak

Sekirite Sosyal lane 1974 la . Tèm nan sinonim tou ak zòn ki kalifye. Anplis de sa, espas eksteryè tankou galri detache ak garaj yo pa konsidere nan zòn kalifye a.

**Zòn FEMA Deziyen kòm Zòn ki Gen Risk Elve:** Zòn FEMA deziyen kòm zòn vilnerab fas a dega akoz gwo van ak/oswa mare tanpèt ak zòn ki sitiye nan zòn inondab nan ka inondasyon santenal (100 tan) yo. Yo pral idantifye pwopriyete ki sitiye nan zòn sa yo pandan pwosesis revizyon anviwònmantal la.

**Zòn ki gen Danje Inondasyon**: Zòn FEMA deziyen kòm zòn ki gen danje inondasyon.

**Zòn ki plis Afekte ak plis an Detrès yo (MID)**: Zòn HUD oswa eta a defini kòm zòn ki plis afekte ak plis an detrès pa mwayen pi bon sous done ki disponib yo pou kalkile kantite dega katastwòf la te lakoz. Zòn HUD idantifye kòm zòn MID yo gen ladan konte Brevard, Broward, Clay, Collier, Duval, Hillsborough, Lee, Miami-Dade, Monroe, Orange, Osceola, Palm Beach, Polk, St. Lucie, Volusia; kòd postal 32084, 32091, 32136, 32145, 32771, 33440, 33523, 33825, 33870, 33935, 34266 daprè Rejis Federal Vol. 83, No. 157, 14 out 2018. Zòn MID eta a idantifye yo gen ladan tou konte sa yo ki te resevwa Asistans Endividyèl (IA) ansanm ak Asistans Piblik (PA) atravè Ajans Federal pou Jesyon Ijans lan (FEMA).

# 2.0 Entwodiksyon

Biwo pou rezistans alontèm (OLTR) Depatman Komès Florid la (FloridaCommerce) se administratè yon pwogram Sibvansyon Global pou Devlopman Kominotè–Rekiperasyon Aprè Katastwòf (CDBG-DR) ke Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini an (HUD ap finanse daprè Lwa Piblik 115-56 ak 115-123 yo.

FloridaCommerce se ajans ki responsab pou administre fon pou rekiperasyon aprè katastwòf yo atribiye pou aktivite lojman, revitalizasyon ekonomik, ak enfrastrikti yo. FloridaCommerce ap administre pwogram reparasyon ak ranplasman lojman yo dirèkteman.

Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojam (HRRP) FloridaCommerce a pral ofri asistans lojman pou sila yo Ouragan Irma te afekte an septanm 2017. Sa a pral gen ladan mèt pwopriyete inifamilyal yo ap viv ladan yo, mèt pwopriyete alwe yo ak Otorite Lojman Piblik yo (PHA). Entansyon pwogram lan se pou reponn a rès bezwen rekiperasyon lojman ki poko satisfè yo baze sou avi ki nan Rejis Federal, Vol. 83, No. 28. 9 fevriye 2018. FloridaCommerce te devlope Direktiv pou Lojman Inifamilyal ak Kay Mobil yo pou pwogram HRRP a baze sou enfòmasyon yo te kolekte pandan analiz ki te fèt sou bezwen ki poko satisfè yo ak deskripsyon pwojè ki te fèt apre yo ke yo te kreye nan *Plan Daksyon pou Retablisman Apre Katastwòf Eta Florid la.*

FloridaCommerce te atribiye $273 329 800 nan finansman CDBG-DR pou pwogram HRRP a okòmansman. Baze sou done yo te jwenn pandan pwosesis elaborasyon plan daksyon an, FloridaCommerce te prevwa gen 6 000 pwopriyete ke t ap amenaje, rekonstwi oswa ranplase. HUD te apwouve modifikasyon sibstansyèl ki te fèt nan plan daksyon an, sa ki te ogmante alokasyon HRRP a vin $516,832,357.53 kote yo te prevwa 5,100 kay yo pral amenaje, rekonstwi oswa ranplase.

FloridaCommerce te tabli de objektif pou pwogram HRRP a. Premyèman, piske yo rekonèt ke alokasyon y ap bay pou reparasyon lojman p ap satisfè tout bezwen yo, FloridaCommerce pral priyorize asistans lan pou popilasyon ki arisk ak vilnerab yo. Dezyèman, nan yon efò pou ogmante rezistans ak pwoteje lavi moun, FloridaCommerce ap egzije pou yo reyalize metòd konstriksyon ki mete aksan sou kalite, lonjevite, efikasite enèji, dirabilite ak rezistans kont mwazisi.

HRRP se yon pwogram reparasyon oswa ranplasman lojman santralize pou ede fanmi ki gen Revni Fèb ak Modere (LMI) ke Ouragan Irma te afekte yo. Pwogram lan pral jere ak konplete pwosesis konstriksyon pou reparasyon oswa rekonstriksyon kay ki te sibi domaj yo onon mèt kay ki elijib yo. Gras a asistans anplwaye yo ak vandè yo, eta a pral travay ak yon gwoup kontraktè kalifye y ap deziyen pou repare, ranplase oswa rekonstwi pwopriyete ki te sibi domaj yo. Mèt Kay yo p ap chwazi pwòp kontraktè yo epi yo p ap konkli kontra dirèkteman ak kontraktè konstriksyon an. Yo p ap bay mèt pwopriyete a okenn peman dirèkteman. Y ap egzije Mèt Kay yo konkli akò yo ak eta a, k ap tabli kondisyon ak modalite pwogram lan.

Pòsyon Lojman Inifamilyal Mèt yo ap Viv Ladan yo Alwe nan kad pwogram HRRP a, ke yo defini nan dokiman sa a, ap disponib pou mèt kay yo Yo ka sèvi mèt pwopriyete alwe yo tou; toutfwa, yo te pibliye direktiv apa pou mèt pwopriyete alwe yo. W ap jwenn direktiv yo nan www.rebuildflorida.gov..

Si nenpòt pòsyon nan yon estrikti mèt li ap viv ladan gen lokatè, epi lokatè yo ap viv ladan aktyèlman la, lokatè yo pral gen chans pou yo demenaje retounen nan inite a (yo) ke yo te amenaje oswa rekonstwi avèk fon CDBG-DR yo. Demenajman lokatè sa yo pral lakoz yo aplike Lwa sou Demenajman Inifòm lan (URA), ak tout egzijans, restriksyon ak/oswa egzansyon ki asosye yo dekri nan Avi Rejis Federal (yo), gid federal ki preskri yo ak URA menm.

Egzijans federal yo ki tabli pou prestasyon pwogram HRRP a konplèks epi y ap mande pou yo itilize yon pwosesis ki gen plizyè etap (gade nan Imaj 1 ak 2 anba la) pou yo ka konfòm ak tout règleman ak egzijans yo ki lye ak sous finansman an.

Pwosesis la gen ladan egzijans dokimantasyon ak verifikasyon inisyal ki lakoz yo bay mèt kay ki elijib yo avantaj yo. Rezilta faz dokimantasyon inisyal la se siyen yon akò sibvansyon.




*Imaj 1: Etap yo pou Aplikasyon Inisyal la ak Dokimantasyon*

Faz konstriksyon ak konfòmite a, jan ou wè nan Imaj 2 a, se kote yo bay mèt pwopriyete a asistans lan pou reparasyon, ranplasman oswa rekonstriksyon an pa mwayen aktivite konstriksyon dirèk pwogram lan fè yo epi rezilta se yon inite lojman amenaje. Apre yo fin fè dènye aktivite konstriksyon yo ak finisman nenpòt peryòd konfòmite, y ap fèmen sibvansyon an.




*Imaj 2: Konstriksyon ak Konfòmite*

# 3.0 Apèsi sou Pwogram lan

## 3.1 Objektif Pwogram lan

### 3.1.1 Objektif Nasyonal la ak Aktivite Elijib ki Admisib yo

Tout aktivite pwogram yo dwe satisfè youn nan Objektif Nasyonal HUD yo. Objektif yo Nasyonal ki te apwouve pou HRRP a se Moun ki gen Revni-ba (LMI) ak bezwen ijan. Objektif Nasyonal LMI an reyalize anba HRRP lè yo bay benefis yo a yon kay LMI. Objektif Nasyonal Bezwen Ijan reyalize lè yo bay yon benefis yo a aplikan ki kalifye ki pi wo pase 80% AMI ak anba 120% AMI.

Avi Rejis Federal ki reji l la, Vol. 83, No. 28, 9 fevriye 2018 ak Vol. 83, No. 157, 14 out 2018, egzije pou 70% nan fon pwogram lan satisfè Objektif Nasyonal LMI an epi pou yo depanse 80% nan tout fon yo nan kominote HUD deziyen kòm kominote ki plis Afekte ak plis an Detrès yo (MID), jan yo idantifye nan Avi Rejis Federal (yo). Aktivite elijib nan kad pwogram sa a gen ladan:

1. Reparasyon, rekonstriksyon oswa ranplasman inite lojman Ouragan Irma a te andomaje yo, pou gen ladan:
   A. Mezi Rediksyon Dega endividyèl yo pou redui enpak tanpèt yo alavni
   B. Elvasyon
2. Finisman travay nan kay yo te pasyèlman repare yo.
3. Asistans Lojman Tanporè ki baze sou bezwen endividyèl mèt kayè yo ak patisipasyon yo nan pwogram lan.
4. Asistans Lojman Tanporè ki baze sou bezwen endividyèl lokatè yo ak patisipasyon yo nan pwogram lan. (Nan pòsyon lojman inifamilyal mèt yo ap viv ladan nan kad pwogram reparasyon ak ranplasman lojman an, yo prevwa l ap ra pou yo bay lokatè yo kalite asistans sa a, men lè sa nesesè, y ap ofri Asistans pou Demenajman Tanporè al yon Lòt Kote konfòmeman ak Politik Asistans pou Demenajman Inifòm ak Politik sou Acha Pwopriyete Imobilye yo pou Pwogram Gouvènman Federal la Finanse yo, 42 U.S.C. 4601 et seq., règleman yo nan 49 CFR 24, 70 FR 589, gid HUD ak egzansyon asosye yo nan Avi Rejis Federal Aplikab yo pou rekiperasyon aprè Ouragan Irma).

### 3.1.2 Administrasyon ak Reyalizasyon Pwogram Lojman FloridaCommerce a

FloridaCommerce ap antreprann plizyè inisyativ lojman ki anba egid mak Rekonstwi Florid la. FloridaCommerce pral administre tout pwogram yo annakò ak akò sibvansyon ki genyen ant FloridaCommerce ak HUD la. Yo prezante tablo ki anba la pou ede piblik la konprann chak lòt pwogram lan yo ki pral soutni rekiperasyon Florid apre enpak Ouragan Irma a yo.

| Non Pwogram | Non Aktivite | Reyalizasyon |
|---|---|---|
| **Lojman** | | |
| Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman an | Pwopriyete Inifamilyal Mèt Kay la ap Viv Ladan ak Kay Mobil (MHU) | Dirèk |
| | Ti Lojman Alwe | Dirèk |
| | Miltifamilyal | Dirèk |
| | Asistans pou Lojman Tanporè | Dirèk |
| Nouvo Konstriksyon Lwaye Abòdab pou Mendèv | Mobilizasyon Fon CDBG-DR yo ak Lòt Sous Finansman yo | Sou-benefisyè |
| | Finansman pou Devlopman Ti Lojman Alwe | Sou-benefisyè |

| | | |
|---|---|---|
| | Pwogram Acha Teren pou Lwaye Abòdab pou Mendèv la | Sou-benefisyè |
| Pwogram Reyachte Kay Volontè a | Pwogram Reyachte Kay Volontè a | Sou-benefisyè |

Kolòn Non Pwogram lan deziyen non pwogram lan, jan li koresponn ak aktivite yo dekri nan Plan Daksyon an. Kolòn Non Aktivite a deziyen nenpòt sou-kategori ki anndan pwogram lan. Kolòn Reyalizasyon an idantifye si se FloridaCommerce oswa yon sou-benefisyè ki pral dirèkteman reyalize pwogram lan ak aktivite a.

Chak pwogram pral gen pwòp direktiv pou reyalizasyon pa l. Pa egzanp, dokiman sa a titre, "Direktiv yo pou Lojman Inifamilyal Mèt yo ap Viv Ladan yo" epi li gen ladan direktiv politik pou reyalizasyon pwogram reparasyon ak ranplasman lojman Inifamilyal yo, ki gen ladan kay yo konstwi sou plas nan fason tradisyonèl yo, kay fabrike ak inite lojman mobil yo.

Anndan FloridaCommerce, founisè sèvis sou kontra yo soutni pwogram yo administre dirèkteman yo, sa ki ogmante kapasite rekritman anplwaye FloridaCommerce ak sèvis pwofesyonèl ki pa tipikman anndan kad plan rekritman anplwaye FloridaCommerce. Founisè sèvis sou kontra yo ofri tou asistans teknik ki gen rapò ak konsepsyon pwogram lan ak règ ak egzijans federal yo. Tablo ki anba la dekri wòl ak responsablite yo pou aktivite travay espesifik nan kad Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman Rekonstwi Florid la.

| Travay | Responsablite |
|---|---|
| Sistèm Enskripsyon | IEM |
| Aktivite Enskripsyon yo | IEM |
| Sistèm Aplikasyon | FloridaCommerce |
| Asistans Teknik pou Politik ak Pwosedi | IEM |
| Apwobasyon/Finalizasyon Politik ak Pwosedi | FloridaCommerce |
| Jesyon Ka | IEM |
| Finisman Aplikasyon | IEM |
| Elaborasyon Evalyasyon Dega | IEM |
| Elaborasyon Revizyon Anviwònmantal | IEM |
| Apwobasyon Revizyon Anviwònmantal | FloridaCommerce |
| Revizyon Inisyal DOB/VOB | IEM |
| 1ye Nivo Asirans/Kontwòl Kalite (QA/QC) Dosye onivo travay la | IEM |
| 2yèm Nivo Asirans/Kontwòl Kalite (QA/QC) Dosye pou Rekòmandasyon Elijiblite | IEM (ekip separe) |
| Dènye Asirans/Kontwòl Kalite (QA/QC) Revizyon Detèminasyon Elijiblite Dosye | FloridaCommerce |
| Avi pou Inelijiblite | FloridaCommerce |
| Apèl Rekou yo | FloridaCommerce |
| Oktwa Lèt Detèminasyon Avantaj la | IEM |
| Kalkil Prim lan | FloridaCommerce |
| Oktwa Lèt Avi Prim lan | FloridaCommerce |
| Pwodiksyon Pakè Fèmti Akò Sibvansyon an | FloridaCommerce |
| Pwograme ak Konkli Akò Sibvansyon yo | IEM |

| | |
|---|---|
| Kolekte Peman Diferans DOB yo epi Depoze yo nan Kont FloridaCommerce | IEM |
| Mentni Kont Peman Diferans DOB yo ak Prelèvman Finansye | FloridaCommerce |
| Devlopman Pakè Òf Konstriksyon an, Oktwa ak Seleksyon Òf | FloridaCommerce |
| Oktwa Avi pou Pouswiv | FloridaCommerce |
| Oktwa Avi pou Konstwi | FloridaCommerce |
| Enspeksyon Pwogrè Konstriksyon yo | IEM |
| Dènye Enspeksyon Konstriksyon yo | IEM |
| Revizyon Demann Peman pou Konstriksyon | FloridaCommerce |
| Peman pou Konstriksyon | FloridaCommerce |
| Revizyon Inisyal Fèmti | IEM |
| Asirans/Kontwòl Kalite (QA/QC) Revizyon Inisyal Fèmti | IEM (ekip separe) |
| Dènye Asirans/Kontwòl Kalite Fèmti ak Apwobasyon | FloridaCommerce |

Lòt politik FloridaCommerce ak pwosedi pou pwogram rekiperasyon pou katastwòf yo ka jwenn nan Manyèl Règleman Irma isit la.

## 3.1.3 Pwogram Pilòt

Nan yon efò pou ekilibre responsablite konkiransyèl pou ekonomize lajan federal yo epi ofri rezilta lojman byen rapid, FloridaCommerce te antreprann yon inisyativ pilòt pou egzamine ekonomi tan ak depans adisyonèl potansyèl yo ki ka rive akoz yon lòt modèl tretman an menm tan, olye de yon modèl tretman lineyè.

Aplikasyon Pilòt la se yon modèl pou idantifye yon kòwòt aplikan nan chak zòn ki te afekte ke yo ka obsève delibereman pa mwayen pwosesis konplè HRRP a pou yo idantifye ak rezoud pwoblèm yo avan pifò aplikan yo antre nan pwosesis konplè a. Obsèvans etwat kòwòt pilòt la vize teste premye konsepsyon pwosesis la epi pwodui desizyon enfòme pou amelyore efikasite pandan rès popilasyon aplikan an antre nan dewoulman travay la.

Aplikasyon Pilòt la vize teste tou yon lòt metodoloji travay an menm tan ke yo konnen ki ka akselere tretman aplikan an, men ki ka gen depans adisyonèl. Y ap trete kòwòt pilòt la an menm tan pou aplikasyon, elijiblite, evalyasyon dega ak revizyon anviwònmantal la avan etap fezabilite, avantaj doub ak atribisyon sibvansyon yo. Y ap otorize pwosesis tretman anmenmtan pou travay sa yo kòm pri reyalizasyon aktivite pou gwoup pilòt la.

Pwosesis siveyans doub sa a k ap lakoz yo idantifye aplikasyon yo swa kòm eleman Aplikasyon Pilòt oswa aplikasyon ki pa pilòt pral kontribiye nan kapasite FloridaCommerce pou l teste pwogram lan nan tan reyèl. Kòwòt pilòt yo idantifye a p ap gen okenn efè sou pwogrè lòt aplikan yo pandan pwosesis la. Y ap ka abòde ak rezoud nenpòt pwoblèm ke FloridaCommerce jwenn pou yo asire tretman pifò aplikasyon yo, aplikasyon ki gen difikilte mwayèn ak sila ki pi konplike yo byen fèt.

Y ap trete aplikan ki pa nan gwoup pilòt la yo pandan dosye Aplikasyon Pilòt yo ap avanse nan sistèm lan anmenmtan tou. Toutfwa, aplikan ki pa nan gwoup pilòt la yo pral swiv pakou pwosesis lineyè a ki mande pou yo fin ranpli aplikasyon an avan premye revizyon elijiblite a, otorizasyon revizyon elijiblite a avan evalyasyon dega yo, otorizasyon evalyasyon dega yo avan revizyon anviwònmantal la, otorizasyon revizyon anviwònmantal la avan fezabilite, avantaj doub ak atribisyon sibvansyon an.

Pwogram pilòt la vize kalibre avantaj yo epi idantifye pwoblèm ki asosye ak yon lòt metòd tretman an menm tan. Li pral sipòte yon analiz sou si se modèl lineyè a ki pi konsèvatè a, lòt modèl y ap eseye an

menm tan, oswa yon melanj ant de pwosesis yo ki pral ofri pi bon rezilta pou Depatman Komès lan (FloridaCommerce) ak sitwayen nou yo Irma te afekte yo.

### 3.1.3.1 Pwosesis Seleksyon pou Inisyativ Pilòt la

Nan premye faz envitasyon aplikan an, yo te chwazi yon gwoup aplikan owaza pami gwoup envitasyon 1ye Priyorite a baze sou karakteristik pwopriyete yo te idantifye nan **Seksyon 1.6 Kalandriye Priyorite.** FloridaCommerce te trete aplikasyon sa yo nan yon fason kote yo te fini aplikasyon an, premye faz elijiblite a, evalyasyon dega yo ak revizyon anviwònmantal yo an menm tan. Rès popilasyon 1ye Priyorite a te kontinye pwosesis nòmal la swivan modèl lineyè a, ki te egzije pou yo konplete chak etap avan kòmansman pwochèn etap la. Sa te pèmèt FloridaCommerce mentni konfòmite ak kalandriye priyorizasyon yo te tabli a, jan yo preskri nan Plan Daksyon an, pandan y ap teste opsyon altènativ ki ka lakoz yo redui kantite tan global tretman dosye yo dire.

Soti 4 janvye rive 11 janvye 2019, anplwaye pwogram lan yo te analize enfòmasyon moun ki enskri yo ak aplikan yo pou idantifye yon premye gwoup pou kòwòt pilòt la. Te gen 5 888 moun ki te enskri pou Iye Faz la, yo te kòmanse 1 745 aplikasyon epi yo te fin ranpli 599 aplikasyon ki disponib pou yo chwazi yo nan kòwòt pilòt la. Objektif inisyal la te pou idantifye 10-20 ka nan chak kominote MID orijinal HUD deziyen epi ofinal yo te chwazi 220. Nan dat 11 janvye 2019, FloridaCommerce te agrandi kritè kòwòt pilòt la yo pou teste kapasite pou motive aplikan yo ki te kòmanse, men ki poko fin ranpli aplikasyon yo epi ki gen ladan aplikan yo ki nan Konte Monroe, ki se yon plèn inondab yo deziyen.   Nan moman sa a te gen 5 989 enskripsyon 1ye Faz, yo te kòmanse 1904 aplikasyon epi yo te fin ranpli 770 aplikasyon. Yo te ajoute 200 aplikan anplis ki te satisfè kritè sa a nan kòwòt la pou teste si pwosesis aplikasyon, elijiblite, evalyasyon dega ak revizyon anviwònmantal la fèt an menm tan, sa t ap akselere finisman pwosesis aplikasyon an ak pwosesis elijiblite a.

Sèl kritè depistaj yo te itilize pou kòwòt pilòt la se sila yo dekri yo. Yo pa te itilize okenn lòt karakteristik pwopriyete a oswa aplikan an pou depistaj nan kad seleksyon pilòt la. Yo te chwazi ID moun ki enskri/aplikan yo owaza depi yo te satisfè kritè yo dekri anwo yo, sa ki te mentni entegrite egzijans priyorizasyon ki dekri nan Plan Daksyon an.

Kondisyon ak sipozisyon tabli yo ki fondamantal pou tès premye kòwòt la:

- Yo envite sèlman moun ki te enskri nan Iye Faz la pou yo aplike.
- Moun ki enskri ki motive yo pral ranpli aplikasyon yo bonè
- VOAD yo idantifye onivo lokal yo pral ede aplikan yo akselere finisman yo. VO ADs ki gen ladann, men pa limite a,  : American Red Cross, Americares, Catholic Charities, Church World Service, Collier COAD, Emergency Preparedness Division, FRIEND Inc., Greater Marco Long Term Recovery Group, Immokalee Unmet Needs Committee, Brevard County VOAD and Brevard Long Term Recovery Coalition, Lee County Emergency Management, Lee County Recovery, Long Term Recovery Coalition of Broward County, Miami-Dade Long Term Recovery Group, Monroe County Long Term Recovery Group, Northeast Florida Long Term Recovery Organization, Office of Emergency Management, Orange County  Long Term Recovery Group, Polk County, Polk Recovery After Disaster, Rebuilding Together Orlando, Rotary International, The Communities of Everglades Disaster Recovery (CEDR), United Way of Northeast Florida, ak Volusia Interfaith/ Interagency Network in Disaster (VIND).

Kritè pou depistaj Kòwòt la:

- Yo dwe soti nan 10 konte oswa 4 Kòd Postal orijinal yo (Monroe, Miami-Dade, Duval, Lee, Polk, Collier, Brevard Broward, Orange ak Volusia counties; kòd postal 32068, 34266, 32136, ak 32091 (Tier 1 ERR konplè)
- Avantaj asirans $0, FEMA $1-15000, SBA $0, NFIP $0
- Pa nan plèn inondasyon an, eksepte Komin Monroe
- Kay yo te konstwi apre 1978

- Pa gen Lèt Dega Sibstansyèl/Pa gen lèt kondanasyon (ajoute nan seksyon dega aplikasyon an)
- Pwogram reparasyon an

Finisman sibstansyèl revizyon anviwònmantal aplikasyon gwoup pilòt la ak soumisyon dokiman revizyon an bay Depatman Komès lan ap defini delè pwojè Aplikasyon Pilòt la. Li te kòmanse 14 janvye 2019 epi li te fini 5 avril 2019. Pou yon revisyon jeneral Pwogram  Pilòt la, tanpri gade Apendis D a.

## 3.2 Limit Revni HUD Preskri yo

HUD pibliye limit revni chak ane. HRRP a te kòmanse lè I sèvi avèk limit yo pibliye revni 2018 HUD, ak toujou ajou tab yo revni chak ane lè tab revni nouvo yo te fè efikas pa HUD. Akòz fonksyonalite sistèm, HRRP a ap kòmanse itilize limit revni 2022 pou 18 avril 2022. Limit revni yo disponib nan Anèks E - Limit Revni HUD Preskri yo.

## 3.3 Egzijans Pwogram lan yo

1. Tout aktivite lojman ki nan kad pwogram HRRP a pral satisfè Objektif Nasyonal HUD egzije daprè lwa ki otorize l nan pwogram CDBG a k ap benefisye moun LMI yo, kote omwen 70% nan fon yo pral benefisye popilasyon sa yo jan yo preskri nan Lwa sou Lojman ak Devlopman Kominotè (HCDA), Seksyon 104 (b)(3).
2. Yo trete mèt kay k ap aplike pou asistans apre katastwòf yo selon priyorite yo baze sou kritè priyorizasyon ki nan Seksyon 1.6 nan direktiv sa yo. Yo pral finanse gwoup demografik LMI yo nan yon nivo k ap ominimòm 70% nan fon ki disponib yo (eksepte fon pou planifikasyon ak administrasyon yo). Yo plis elabore detay sou kritè priyorizasyon yo nan Seksyon 1.6.
3. Gwoup Demografik LMI yo se:
    A. 0%-30% AMI Trè Fèb
    B. 31%-50% AMI Fèb.
    C. 51%-80% AMI Modere
4. Mèt kay la dwe satisfè sèten nòm elijiblite pou yo ka kalifye pou asistans. Yo dekri nòm elijiblite sa yo nan Pati 2 dokiman sa a.
5. Pwopriyete a dwe pase yon revizyon anviwònmantal gouvènman federal la egzije. Yo p ap ka antreprann okenn konstriksyon jiskaske yo konplete revizyon anviwònmantal la.
6. Pou aktivite k ap resevwa asistans yo, yo dwe demontre ke dega ki fèt nan estrikti a dirèkteman lye ak Ouragan Irma. Yo note detay dega sa yo nan Pati 2 dokiman sa a.
7. Yo dwe fè yon enspeksyon pou evalyasyon dega/Estimasyon Pòte Travay (SWE) ni anndan ni deyò estrikti a pou obsève ak anrejistre dega yo. Yo dwe ranpli evalyasyon dega avèk ase detay pou yo jwenn estimasyon òf ak depans yo. W ap jwenn lis verifikasyon evalyasyon dega nan dokiman sa a kòm Anèks C. Sa a mande pou yon enspektè gen aksè total a pwopriyete a pou yo reyalize pwosesis dokimantasyon an.  Depans pwojè a yo dwe rezonab epi tipik sou mache aktyèl la pou pwojè ki gen prèske menm pòte yo.
8. Pwojè a dwe konfòm a tout egzijans federal, eta ak lokal ki aplikab yo.

## 3.4 Aktivite ki pa Kalifye yo

Aktivite ki pa kalifye yo idantifye nan Rejis Federal la, Vol. 83, Nimewo 28, Vandredi, 9 fevriye 2018, enkli itilizasyon CDBG-DR pou ranbousman fòse ipotèk, konstriksyon yon baraj/dig pi lwen pase anprint orijinal la, peman ankourajman bay fanmi ki deplase nan plèn inondasyon ki afekte nan katastwòf, asistans pou pwopriyetè sèvis piblik prive yo, ki pa bay priyorite a asistans pou biznis ki satisfè definisyon yon ti biznis, oswa asistans pou dezyèm kay yo ak finansman konstriksyon pou kondwit jeneral aktivite gouvènman yo idantifye nan 24 CFR 570.207. Tout aktivite ak itilizasyon otorize dapre Tit I nan Lwa 1974 sou Lojman ak Devlopman Kominotè epi yo otorize pa egzansyon. Anplis de sa, nenpòt aktivite ki ranbouse pa, oswa aktivite ki genyen lajan ki disponib pa, Ajans Federal pou Jesyon Ijans (FEMA) oswa Kò Enjenyè Lame

yo (USACE) konsidere kòm aktivite ki pa kalifye. Yo konsidere Frè enpak CDBG-DR non elijib paske yo bay lajan pou amelyorasyon piblik nan lavni, ki pa defini, epi pa gen okenn fason pou detèmine si itilizasyon fon CDBG sa yo t ap elijib pou CDBG-DR epi satisfè yon objektif nasyonal Pwogram Rebuild Florida a.

# 3.5 Enskripsyon

Enskripsyon an se premye eta yon moun ka pran pou chache jwenn avantaj nan kad pwogram HRRP a. Enskripsyon pral ouvri pandan yon peryòd admisyon k ap dire 90 jou ominimòm. Sonje ke enskripsyon pa aplikasyon. Kèlkeswa kantite moun yon fwaye genyen, dwe sèlman genyen yon enskripsyon pou chak fwaye. Y ap fèmen enskripsyon doub yo pou ka genyen sèlman yon enskripsyon pou chak adrès pwopriyete ki rete aktif.

Yo te antreprann premye peryòd sansibilizasyon pou enskripsyon an soti nan dat 24 septanm 2018 rive 23 desanm 2018. Pwogram lan te pwolonje peryòd enskripsyon an rive dat 29 mas 2019, ominimòm. Yo pral antreprann aktivite sansibilizasyon adisyonèl nan senk konte ak 8 Kòd postal anplis yo te ajoute nan zòn MID HUD deziyen yo nan kad Avi Rejis Federal Vol. 83, No. 157, 14 Out 2018 la.

Yon Plan Kominikasyon Estratejik pral deziyen kòman yo pral sible popilasyon yo pou sansibilizasyon ak enskripsyon. Si delè 90 jou a pa ase pou yo jwenn volim enskripsyon ki nesesè pou satisfè kantite aplikasyon priyorize ki obligatwa pou yo agrandi fon yo, FloridaCommerce ka pwolonje peryòd sansibilizasyon an pou yon peryòd tan adisyonèl. Y ap anonse nenpòt pwolonjman yo fè nan peryòd sansibilizasyon ak peryòd admisyon an apre 90 jou a lè yo itilize sitwèb pwogram Rekonstwi Florid la nan www.rebuildflorida.gov epi jan yo dekri nan yon revizyon yo te fè nan Plan Kominikasyon Estratejik la.

Enskripsyon an egzije pou soumèt enfòmasyon debaz sou moun k ap enskri a, sou fwaye li ak sou pwopriyete ki te sibi domaj akoz pasaj Ouragan Irma a. Pwosesis enskripsyon an pèmèt FloridaCommerce pou yo evalye popilasyon mèt kay ki potansyèlman elijib la epi kòmanse pwosesis priyorizasyon an. Yon fwa yo genyen ase moun ki enskri ke yo te priyorize, FloridaCommerce pral kòmanse envite moun ki enskri yo bay pwogram lan plis enfòmasyon. Y ap envite moun ki enskri yo priyorize yo aplike avan moun ki enskri yo pa priyorize.

Tout moun ki enterese ki swete chache asistans pa mwayen HRRP dwe enskri avan. Yon moun ka enskri nan pwogram lan nan fason ki annapre yoÑ

1. Kontakte Sant Dapèl Pwogram Rekonstwi Florid la nan 1-844-833-1010.
2. Al sou sit entènèt www.RebuildFlorida.gov.
3. Al nan yon Sant Pwogram Rekonstwi Florid la.
4. Patisipe nan yon evènman sansibilizasyon, lè sa disponib, nan kominote lokal ou a.

Y ap fè piblisite pou lokalite ak lè sant pwogram Rekonstwi Florid yo ouvri yo pandan evènman sansibilizasyon yo epi y ap poste yo sou sitwèb Rekonstwi Florid la. Y ap fè piblisite evènman sansibilizasyon yo sou sitwèb Rekonstwi Florid la epi y ap anonse yo atravè afilye ak patnè nan medya lokal yo. Y ap fè piblisite pou fèmti peryòd enskripsyon an sou sitwèb pwogram lan, ominimòm.

# 3.6 Aplikasyon yo

1. Y ap konsidere sèlman fòmilè aplikasyon ofisyèl pwogram HRRP Rekonstwi Florid la yo ranpli ak soumèt okonplè ki gen ladan soumisyon tout dokiman sipò yo, kòm yon aplikasyon pou avantaj pwogram lan yo.
2. Nenpòt moun ki te soumèt yon aplikasyon avan pou asistans aprè katastwòf pa mwayen yon òganizasyon san bi likratif, ajans federal, eta oswa lokal pral bezwen soumèt yon lòt aplikasyon separe presizeman pou pwogram HRRP Rekonstwi Florid la.

3. Soumisyon yon fòmilè kòmantè piblik oswa lòt dokiman ekri pou dega pandan rankont oswan odyans piblik yo pa reprezante yon aplikasyon pou pwogram HRRP Rekonstwi Florid la.
4. Kèlkeswa kantite moun yon fwaye genyen, dwe sèlman genyen yon aplikasyon pou chak fwaye. Y ap fèmen aplikasyon doub yo pou ka genyen sèlman yon aplikasyon pou chak adrès pwopriyete ki rete aktif.
5. Anplwaye pwogram lan pral sètifye kalifikasyon pou asistans lan avan yo pran angajman nenpòt fon pou yon aktivite oswa yon benefisyè.
6. Yo pa garanti okenn mèt kay asistans, men y ap atribiye fon yo baze sou kantite fon ki disponib ak kalifikasyon yo pou yo resevwa avantaj yo.
7. Y ap bay nenpòt moun ki fè yon ransèyman sou pwogram lan asistans pou yo enskri pou pwogram lan pandan peryòd enskripsyon an ouvri a. Y ap envite moun ki enskri yo aplike sou yon baz priyorite jan yo dekri nan Seksyon 1.6 la. Y ap sèlman aksepte aplikasyon yo nan men moun ki enskri ke yo te envite aplike. Nan moman sa a, pa gen okenn dat limit pou aplikasyon an; toutfwa, Pwogram lan pral tabli dat limit pou aplikasyon an alavni. Y ap pibliye dat limit sa yo sou Paj Wèb Rekonstwi Florid la ak nan materyèl kominikasyon pwogram lan yo ki vize aplikan yo envite ki poko ranpli yon aplikasyon. Y ap revize direktiv sa yo pou gen ladan nenpòt dat limit alavni.

Yon aplikan ka mande pou l retire tèt li volontèman nan pwogram lan a nenpòt ki moman avan konstriksyon an kòmanse. Si yon aplikan ta mande pou l retire tèt li, epi yo te deja fin envesti fon yo nan pwopriyete ki te sibi domaj la, aplikan an pral responsab pou yo ranbouse tout fon pwogram lan yo pa mwayen pwosesis rekiperasyon an.

## 3.7 Kalandriye Priyorite

Rekonèt ke alokasyon an pou pwopriyete lojman mèt yo ap viv ladan yo ak pwopriyete alwe yo pa reponn a tout bezwen yo, y ap priyorize popilasyon ki arisk ak vilnerab yo ki gen plis bezwen yo. Ominimòm, 70% fon pwogram lan dwe satisfè objektif nasyonal Revni Fèb ak Modere (LMI) a jan Rejis Federal Vol. 83, No. 28, 9 fevriye 2018 la preskri a. Y ap priyorize ak trete aplikasyon fwaye LMI yo ki gen youn nan karakteristik ki annapre yo oswa plis, ke pwogram lan deziyen kòm faktè frajilite yo, nan lòd yo ranpli aplikasyon an:

- Fwaye ki gen granmoun aje ki nan laj 62 zan oswa plis.
- Fwaye ki gen timoun ki gen mwens ke 18 tan.
- Fwaye ki gen egzijans bezwen espesyal yo oswa aranjman espesyal yo (andikap).
- Moun ki te demenaje soti Pòtoriko ak Zile Vyèj Ameriken yo epi ki te reyenstale yo nan Florid yon fason pèmanan.

Twa faz priyorite yo se:

- 1ye Faz: Aplikan an nan yon zòn HUD deziyen kòm Zòn ki plis Afekte ak plis an Detrès (MID), li gen Revni Fèb ak Modere (LMI) epi li gen youn nan faktè frajilite yo oswa plis.
- 2yèm Faz: Aplikan an nan yon zòn HUD oswa Eta a deziyen kòm zòn MID epi li LMI.
- 3yèm Faz: Aplikan an nan yon zòn HUD oswa Eta a deziyen kòm zòn MID epi li gen yon revni fwaye ki ant 80 pousan ak 120 pousan AMI a.

Anplis de sa, FloridaCommerce ap ofri sèvis admisyon mobil pou moun ki pa ka soti kite lakay yo lè yo mande epi bay verifikasyon yo gen andikap, pou asire tout fwaye yo gen menm chans ak sipò pou yo ranpli aplikasyon an.

A mezi akò sibvansyon yo ap apwoche obligasyon konplè pou fon pwogram lan yo, FloridaCommerce pral analize rès kondwit mèt kay elijib la epi l ka chwazi pou l reyatribiye fon yo soti nan yon pwogram al nan yon lòt oswa mete rès mèt kay yo annatant jiskaske yo fin trete aplikasyon mèt kay ki gen priyorite yo nèt epi bezwen yo satisfè. A mezi pwodiksyon admisyon aplikasyon pwogram lan yo sou kontwòl,

FloridaCommerce ka chwazi pou yo ajiste pousantaj finansman an oswa reyatribiye finansman anplis soti nan lòt pwogram ki gen mwens patisipasyon yo pou maksimize asistans pou mèt kay priyoritè elijib k ap chache asistans HRRP yo.

# 3.8 Edikasyon sou Pwogram lan

Y ap ofri tout mèt kay yo edikasyon sou pwogram lan pou eksplike yo detay pwogram lan, pwosesis aplikasyon an, kritè kalifikasyon ak priyorizasyon yo, enpak yo lè yo aksepte yon prim, egzijans pou konfòmite apre finisman aktivite yo, ak obligasyon alontèm y ap kontinye genyen akoz yo resevwa finansman sa a. Y ap bay edikasyon sou pwogram lan pa mwayen entèraksyon fas a fas ant mèt kay a ak manm anplwaye pwogram lan.

# 3.9 Kalite Estrikti yo

## 3.9.1 Estrikti Elijib yo:

1. Inite lojman konvansyonèl inifamilyal.
2. Estrikti atache yo ki anba menm twati yon sèl estrikti ki te sibi domaj epi yo atache nan estrikti a nan fason pèmanan.
3. Inite Lojman Mobil/Fabrike (MHU) yo ka kalifye pou reparasyon nan kad pwogram sa a. Sepandan, pou jere kou yo byen, MHU yo pral ranje a pa dwe gen plis pase senk ane nan moman asistans lan epi depans reparasyon pou reyabilite MHU a pa dwe depase $15 000 (depans konstriksyon dirèk ak endirèk). Nenpòt MHU ki gen plis pase senkan oswa depans yo prevwa pou repare li a plis pase $15 000 pral mande pou yo ranplase MHU a ak yon lòt kay MHU oswa kay modilè. Si yo amenaje li, MHU a dwe satisfè nòm pwogram lan yo apre yo fini repare l. MHU ranplasan yo pral satisfè Estanda Bilding Ekolojik aplikab yo. Pwogram lan pral respekte egzijans zonaj ak kòd lokal yo.
4. Yon estrikti kote nenpòt pòsyon nan kay la konpoze de yon MHU, kèlkeswa jan valè yo ajoute oswa modifikasyon yo fè, yo pral konsidere kòm yon inite kay mobil anba pwogram nan.
5. Yo dwe ranplase MHU yo ak yon lòt MHU sèlman kote restriksyon ki gen sou itilizasyon tèren an yo pa entèdi ranplasman MHU a.
6. Kay kopwopriyete yo (kondo), kay an ranje, ak lòt inite mèt yo ap viv ladan yo ki pataje yon mi ansanm ka kalite estrikti ki elijib. Toutfwa, gen restriksyon anplis an rapò a espas kominotè yo nan estrikti sa yo. Gade nan Seksyon 1.8.1 pou plis restriksyon ki espesifik pou kondo, kay an raje, ak lòt estrikti ki pataje mi ansanm yo.
7. Diplèks, triplèks ak kadriplèks yo elijib pou kalite estrikti inifamilyal yo nan kad HRRP depi gen yon inite mèt li ap viv ladan.
8. Y ap konsidere estrikti yo itilize alafwa nan objektif rezidansyèl ak komèsyal yo pou elijiblite selon chak ka patikilye; toutfwa, si yo apwouve estrikti a, reparasyon yo ka limite a pòsyon rezidansyèl la sèlman.

## 3.9.2 Estrikti ki Pa Elijib yo:

1. Pakin yo, remiz yo ak detachman, ki pa kole ak kay prensipal la pa elijib pou reparasyon. Amelyorasyon yo dwe fèt kote ki fizikman kole ak estrikti a epi kote sa a dwe kole nan fason pèmanan pou yo elijib. Efektif 22 Mas 2021, atik ranplasman ki enpòtan nan reyabilitasyon oswa aktivite ranplasman kote pwospektis lokal yo, alyans yo, oswa lwa yo kalifye pou ranplase dapre HRRP a epi yo ka kouvri pa Pwogram Rekonstriksyon ak Ranplasman Lojman Florida (HRRP) pou benefisyè aktif MHU yo. Pa egzanp, tout estrikti oksilyè, ki gen ladan - san yo pa - limite ak pakin machin pèmanan ak depo, yo pral evalye pou pri rezonab ak ki gen rapò ak alyans obligatwa oswa restriksyon aktyèl ki an plas pa pak MHU la oswa pwopriyete tè yo.
2. Veyikil lwazi yo ak karavàn kan yo itilize kòm rezidans yo pa elijib pou pwogram lan.

3. Kay flotan (ki nan bato) yo itilize kòm rezidans yo pa elijib pou pwogram lan.
4. Dezyèm kay yo pa elijib nan kad reparasyon ak ranplasman lojman inifamilyal yo jan yo dekri nan direktiv sa yo.
5. Pwopriyete alwe sezonye akoutèm yo pa elijib pou asistans.
6. Inite lojman ki sitiye kote yo pa otorize bay asistans federal yo daprè règleman federal yo, ki gen ladan kanal derivasyon yo, oswa zòn lib anndan pis aterisaj nan yon ayewopò sivil oswa militè pa elijib.
7. Pwopriyete ki gen reta sou ipotèk, taks pwopriyete reyèl ki gen reta, oswa pwopriyete ki kapab gen pwosedi fayit oswa sezi ki fèt sou yo.
8. Pwopriyete ki chita nan espas ki gen kondisyon ekstrawòdinè yo detèmine ki pa aplike pou demolisyon ak rekonstriksyon. Kondisyon ekstrawòdinè espas yo kapab se men yo pa limite ak pwopriyete ki gen pwoblèm anviwònmantal yo, pwopriyete kote règleman lokal pou bilding lan(yo) entèdi limit travay pwogram nan, oswa pwopriyete ki chita nan yon kanal inondasyon.

## 3.9.3 Kondo, kay an raje, ak lòt estrikti ki pataje mi ansanm yo

Mèt kopwopriyete (kondo) yo, kay an ranje yo, ak lòt estrikti ki gen espas kominotè yo epi ki pataje mi ansanm oswa lòt eleman estrikti a yo pataje ka aplike pou reparasyon nan kad Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman an (HRRP). Sepandan, pwosesis aplikasyon an ka diferan pou kandida sa yo paske yo fè pati asosyasyon ko-pwopriyetè yo, kowoperativ yo ak asosyasyon mèt pwopriyete yo (tout nan antite sa yo a kolektivman refere yo kòm "Asosyasyon")ki moun ki responsab pou zòn komen yo ak eleman yo nan kondominyòm nan tout, koperativ oswa mezon de vil. Konsa, nenpòt ki aplikan pou asistans ki gen estrikti kalite tankou kondo, mezon de vil , oswa lòt estrikti ki gen zòn komen, mi pataje, oswa ki pataje eleman estriktirèl ke règleman asosyasyon an egzije, direktiv yo, règleman entèn yo, elatriye (ke yo endike kòm Direktive anba la ) .. Aplikan pou kalite kalite estrikti sa yo defini dapre kapasite ki anba kote domaj la tonbe.

Si reparasyon ki nesesè yo se responsablite a nan mèt kay la, dapre Règleman Asosyasyon yo, mèt kay la ka aplike endividyèlman. Tout reparasyon nan ka sa a dwe benefisye inite mèt kay la. Benefis ensidan nan zòn komen oswa lòt inite yo akseptab. Pou egzanp, pyese yo pati sou do kay kote aplikan ap viv lè ka bay benefis pou inite endividyèl la, epi tou lap diminye domaj nan inite ki nan vwaziaj ki pa pou aplikan an , men li pa bay yon benefis dirèk nan lòt inite yo. Kontrèman, yon ranplasman twati antye ta ka benefisye tout lò inite ki nan kay la , pa sèlman aplikan-pwopriyetè a. Konsantman asosyasyon ap obligatwa pou reparasyon ki fèt kote aplikan an se mèt kay la.

Si reparasyon ki obligatwa yo se responsablite Asosyasyon an, dapre règelman Asosyasyon an, aplikan an dwe se Asosyasyon an. Yap trete aplikasyon an ap menm jan ak aplikasyon pou lojman multifamilyal ki konte pou revni melanje mèt pwopriyete yo. Kontablite pou revni melanje pwopriyetè yo nesesè pou asire benefis jeneral pwojè a satisfè kondisyon revni karakteristik estriktirèl LMI yo tankou do kay, mi yo, miray yo kapab kalifye pou reparasyon, zòn komen tankou sal reyinyon, zòn lwazi, elatriye yo pa kalifye pou asistans nan pwogram lan.

### 3.9.3.1 Estrikti yo

Inite yo ki anndan yon kondo, kay an ranje, oswa estrikti kowoperatif gen mèt pwopriyete endividyèl yo epi yo dwe trete yo daprè Direktiv pou Lojman Inifamilyal HRRP yo. Toutfwa, nenpòt inite ki gen mèt pwopriyete endividyèl li ke yo itilize kòm pwopriyete alwe pral bezwen respekte Direktiv Kay Alwe HRRP yo. Diferans ki pi notab ki genyen ant de domèn pwogram sa yo konsène nenpòt peryòd abòdabilite potansyèl. Kidonk, si yon inite se yon inite alwe li pral bezwen respekte peryòd abòdabilite yo si l resevwa asistans nan kad HRRP.

### 3.9.3.2 Avantaj Elijib

HRRP pral sèlman bay Asosyasyon ki elijib yo asistans pou reparasyon. Si kondo a, lojman kowoperatif la oswa lòt estrikti ki pataje espas kominotè ak mi yo bezwen rekonstriksyon, li p ap elijb pou asistans HRRP.

Asistans reyabilitasyon elijib pral gen ladan reparasyon dega ki genyen nan espas kominotè yo ak nan inite endividyèl yo, kote sa aplikab. Estrikti ki pa rezidansyèl yo, amenajman peyizaje, ak klwazyon yo PA elijib pou asistans nan kad HRRP. Anplis de sa, atik klas liksye ki gen ladan men pa limite a bifèt koutim, chemine yo, ak pon ki pa yon mwayen aksè  prensipal yo pa kalifye anba HRRP.

Evalyasyon dega pral idantifye reparasyon ki espesifik pou inite a ansanm ak reparasyon ki nesesè pou espas kominotè yo. Reparasyon espesifik Inite yo enkli atik ki pa nan limit yon inite spesifik, men ki deziyen sèlman itilize pou yon inite spesifik, dapre Règleman Asosyasyon yo. Sa enkli, men se pa sa sèlman, domaj endividyèl, aparèy kondisyone  espesifik, aparèy pou chofe dlo cho, founo, ak chodyè. Domaj inite espesifik sa yo ka enkli nan lajan sibvansyon mèt kay-aplikan an. Evalyasyon domaj ki montre atik reparasyon ki pa fè pati de pati ki kalifye  nan inite sèlman elijib  si aplikan an se Asosyasyon an.

### 3.9.3.3 Moun ki Enskri/Aplikan

Pwopriyetè kay la ka aplikan ki anrejistre a. Sepandan, lè sa a se ka a, se sèlman reparasyon ki fèt nan inite pwopriyetè a oswa reparasyon ki te fèt yo benefisye sèlman inite mèt kay la ki kalifye anba Pwogram lan. Malgre kel pa aplikan an, Asosyasyon an dwe konsanti reparasyon ki fèt nan inite pwopriyetè a.

Pwopriyetè-aplikan yo dwe ranpli aplikasyon obligatwa Pwogram lan tankou si se te yon kay yon sèl fanmi.

Asosyasyon an gen dwa se aplikan ki anrejistre a lè atik ki bezwen reparasyon yo gen ladan yo atik itilize pataje, tankou twati kay oswa mi eksteryè. Antite sa yo responsab pou reparasyon nan estrikti rezidansyèl ki domaje nan kondo, kay, oswa kominote koperativ apre yon katastwòf, epi, nan pifò ka yo, kenbe pwopriyete prensipal la ak asirans inondasyon sou estrikti rezidansyèl ki domaje yo. Yo pral bay Prim sibvansyon HRRP yo dirèkteman nan Asosyasyon ki ranpli tout kondisyon kalifikasyon yo.

Asosyasyon yo dwe ranpli aplikasyon obligatwa Pwogram lan epi bay tout dokiman sipò yo mande pou verifye elijibilite yo. Asosyasyon yo dwe bay dokiman asirans pèt atik oswa dokiman ki ekivalan pou tout domaj ki koze pa tanpèt nan pwopriyete a, osi byen ke dokiman sipò pou konfime dat reparasyon yo te fini. Asosyasyon an kapab tou oblije kowòdone soumisyon dokiman revni mèt kay inite pou kalifikasyon revni. Asosyasyon an dwe bay tou aksè nan pwopriyete ki domaje a, ki gen ladan eleman komen ak inite, pou enspeksyon obligatwa yo.

### 3.9.3.4 Patisipasyon

Si pwopriyetè kay la aplike pou Pwogram lan, Asosyasyon an dwe dakò pou l repare inite mèt kay la. Si Asosyasyon an dakò pou bay konsantman yo mande a, sa ap lakòz yo pa kalifye pou patisipasyon inite a nan pwogram lan.

Si Asosyasyon an te aplike pou Pwogram lan, tout mèt inite yo dwe dakò pou yo patisipe nan pwogram lan. Pwopriyetè inite yo dwe bay tout dokiman obligatwa pou pwòp inite li kote enfòmasyon sa a pa disponib pou asosyasyon an.

Estati LMI nan pwojè a depann de konpozisyon revni tout mèt pwopriyete yo. Si yon pwopriyetè inite pa dakò pou patisipe oswa bay dokiman yo mande yo, sa ap lakòz yo evalye revni pou inite sa a ki pa LMI. Si pwopriyetè miltip yo pa bay dokiman verifikasyon revni, sa ka lakòz echèk pwojè a pou yo kalifye kòm yon pwojè LMI ak Se poutèt sa, estrikti a tout antye ka jije non elijib pou asistans. Pli lwen, nenpòt mèt kay endividyèl ki refize pèmèt Asosyasyon an jwenn reparasyon ki afekte inite li a ka lakòz diskalifikasyon nan pwojè a tout antye.

#### 3.9.3.5 Egzijans Revni Fèb ak Modere yo

Si pwopriyetè kay la te aplike pou Pwogram lan, mèt kay la dwe satisfè kondisyon kalifikasyon revni yo

Si Asosyasyon an te aplike pou Pwogram lan, omwen 51% nan inite total yo dwe okipe pa fanmi ki gen revni ba ak modere. Si Asosyasyon an pa satisfè egzijans revni sa a, tout estrikti a nèt p ap elijib.

#### 3.9.3.6 Verifikasyon Avantaj yo

Aplikan Pwopriyetè yo

Verifikasyon benefis Aplikan Pwopriyetè yo pou tip estrikti sa yo pou aplikasyon mèt kay la swiv pwosesis la verifikasyon benefis ak pwosesis yon sèl fanmi yo.

Aplikan Asosyasyon yo

Pandan ke Asosyasyon an ka aplike sou non manm Asosyasyon an (sa vle di, mèt pwopriyete yo nan inite yo), Rebati Florida dwe verifye tout benefis piblik ak prive ki resevwa dirèkteman pa Asosyasyon an ak pa mèt kay la nan chak inite ki andomaje. Si Asosyasyon an se aplikan an, pwogram lan egzije pou konsantman ak pèmisyon ki soti de benefisyè a (sa vle di, ni Asosyasyon ak ni mèt kay) yon fason pou yo jwenn verifikasyon benefis yo. Konsantman ak otorizasyon Asosyasyon an bay la pa kouvri mèt inite yo epi envèsman tou.

Pwogram lan ka jije ke kèk inite pa elijib epi retire yo nan prim Asosyasyon an. Egzanp rezon ki ka fè pwogram lan retire nenpòt inite gen ladan non-konfòmite ak Pwogram Asirans Inondasyon Nasyonal la (NFIP), oswa revni mèt pwopriyete a depase limit revni pwogram lan.

Non-konfòmite ak NFIP rive lè yon mèt pwopriyete te bezwen jwenn epi mentni asirans inondasyon kòm kondisyon asistans pou rekiperasyon aprè katastwòf yo te resevwa avan epi mèt kay la pa rive fè sa a. Lalwa federal entèdi HRRP bay nenpòt asistans pou rekiperasyon apre katastwòf anplis nan sitiyasyon sa a. Kidonk, y ap retire nenpòt mèt inite ki pa konfòm ak NFIP nan prim Asosyasyon an.

Konsènan revni, Rejis Anons Federal ki aplikab la entèdi HRRP poul bay nenpòt ki asistans pou moun ki fè plis pase 120% nan revni Zòn medyàn an (AMI).

#### 3.9.3.7 Kalifikasyon Inite a

Yon fason pou yo ka resevwa benefis dirèk nan reparasyon, inite domaje la oswa chak nan inite ki andomaje, daprè si wi ou non aplikan an se mèt kay la oswa Asosyasyon, respektivman, yo dwe satisfè kondisyon debaz ke HRRP egzije yo, , ki gen ladan:

- Prèv ke inite a pa yon dezyèm kay;
- Prèv tit pwopriyetè a ak prèv rezidans nan moman Ouragan Irma a;
- Dokimantasyon tout avantaj piblik ak prive yo te resevwa pou inite a;
- Estati aktyèl taks sou pwopriyete yo ak frè asosyasyon mèt kay oswa kondo yo; ak
- Bay aksè pou yo fè enspeksyon obligatwa yo nan inite a.
- Nan ka kote Asosyasyon an se aplikan an, si yon inite pa satisfè kalifikasyon sa yo, sa ka anpeche reparasyon nan Asosyasyon an tout antye, sepandan, inite ke yo diskalifye a ka pa resevwa okenn benefis dirèk.

#### 3.9.3.8 Prim Sibvansyon

Yo kalkile prim sibvansyon yo pa mwayen estimasyon dega HRRP a mwens nenpòt asistans piblik oswa prive yo te bay pou reparasyon oswa ranplasman estrikti ki te sibi domaj la, ke yo konn rele Avantaj Doub yo (DOB). Rezilta kalkil sa a rele Bezwen ki pa Satisfè. HRRP kalkile Bezwen ki pa Satisfè pou eleman kominotè ak chak inite abitab endividyèl ki te sibi domaj nan Asosyasyon an yo apa. Toude kalkil yo dwe

respekte limit prim maksimòm ki preskri nan *Plan Daksyon pou Rekiperasyon Aprè Katastwòf 2018 Eta Florid la.*

### 3.9.4 Diplèks, triplèks, kadriplèks ke se mèt yo k ap viv ladan yo

Nan sikonstans kote mèt (yo) yon diplèks, triplèks, oswa kadriplèks ap viv nan yon inite li posede kòm rezidans prensipal li apati dat 10 septanm 2017 la, estrikti a se yon kalite estrikti ki elijib nan kad pòsyon HRRP a k ap ede lojman inifamilyal mèt yo ap viv ladan yo. Nan sitiyasyon sa a, yo dwe ranpli tout kritè elijiblite yo baze sou kalifikasyon aplikan ki se pwopriyetè a pou elijiblite revni. Yo ka repare tout inite ki anndan estrikti ke aplikan posede a kote y ap aplike limit pa inite pwogram lan.

Si diplèks la gen de pwopriyetè diferan ki se pwopriyetè epi k ap viv ladan, yon triplèks gen twa pwopriyetè diferan, epi yon kadriplèks gen kat pwopriyetè diferan, yo pral trete chak inite kòm yon pwopriyete ki te sibi domaj apa epi chak pwopriyetè k ap viv ladan (limit youn pa inite) elijib pou l aplike. Y ap evalye chak aplikasyon nan fason endepandan pou elijiblite.

Si nenpòt inite yon aplikan ki se pwopriyetè k ap viv ladan pa posede gen yon lokatè ladan nan moman aplikasyon an, yo dwe emèt tout avi URA yo epi yo dwe respekte totu egzijans URA yo. Yo entèdi aplikan yo mete yon lokatè deyò nan objektif pou l ka aplike pou oswa pou l ka patisipe nan pwogram lan, epi yo p ap elijib si yo antame yon eviksyon nan objektif sa a. Aplikan yo ki gen inite vid nan moman aplikasyon an dwe bay enfòmasyon sou nenpòt nouvo lokatè potansyèl k ap chache viv nan inite a avan pwogram lan te otorize konstriksyon an avèk Avi "Anmenajman" an. Yo dwe bay Avi sa a ak prèv akseptasyon yo te jwenn avan nouvo lokatè a siyen yon kontra lwaye. Avi sa a fè lokatè potansyèl la konnen ke yo p ap elijib pou asistans pou demanajman si yo bezwen demenaje akoz aktivite pwogram lan yo.

Diplèks, triplèks ak kadriplèks mèt yo p ap viv ladan yo ka elijib nan kad pòsyon pou ti lojman alwe pwogram HRRP a, jan yo dekri nan direktiv pou lojman alwe yo apa.

## 3.10 Kalite Asistans y ap Ofri

Yo ka ofri mèt kay yo reparasyon baze sou kantite dega ki genyen nan kay la. Ranplasman MHU yo pral limite a sitiyasyon kote pèmi zonaj/konstriksyon lokal yo, oswa egzijans federal yo, tankou règleman anviwònmantal yo, pral pèmèt yo ranplase estrikti orijinal, ke ouragan te andomaje a avèk yon lòt estrikti parèy li.

Piske nou konprann ke li ka nesesè pou mèt kay yo demenaje ak retire byen pèsonèl yo nan kay yo pandan peryòd reparasyon an, FloridaCommerce pral ofri asistans pou demenajman selon chak ka patikilye lè mèt kay la ka demontre ke gen ase bezwen. Konsiderasyon pou asistans pou demenajman tanporè a pral gen ladan si mèt kay la nan yon popilasyon priyoritè pwogram lan defini ak si pwogram lan gen resous disponib. Toutfwa, piske sa a se yon pwogram volontè, l ap pratik nòmalize pou mèt kay la peye pou depans demenajman tanporè moun yo ak byen pèsonèl yo amwenske yo ka pwouve yo gen difikilte. Gade nan politik Asistans Lwaye Tanporè pou Demenajman Opsyonèl a nan Seksyon 1.10 la.

Pwogram sa a pa peye pou ranplasman ki egzakteman menm jan. Pwogram lan pral ofri materyèl kategori ekonomi/estanda, pou fè yon kay desan, sekiritè ak sanitè. Y ap evalye tout estrikti yo pou konfòmite ak nòm pwogram lan yo.

Yo ka ranplase aparèy elektwomenaje estanda ki p ap fonksyone nan moman enspeksyon an tankou frijidè, recho ak/oswa fou yo. Lòk atik deliks yo, ki gen ladan men pa sèlman, kontwa an granit (oswa lòt materyèl wo gam yo) aparèy elektwomenaje wo gam yo, aparèy pou ouvri pòt pakin, sistèm sekirite, pisin, barikad ak antèn parabolik yo pa elijib nan kad pwogram HRRP a. Machin a lave ak sèch-lenj yo pa elijib pou ranplasman. Pami egzanp depans reparasyon admisib elijib yo gen ladan, men pa sèlman:

- Reparasyon estrikti a (pa egzanp, twati, fondasyon, elektrik, plonbri, ak fenèt yo).
- Anlèvman debri limite ki nesesè pou jwenn aksè a kay la oswa a espas y ap repare a.
- Eliminasyon Mwazisi (limon)

- Mendèv, materyèl, ak ekipman alwe pou repare rezidans ki te sibi domaj la nan fason pèmanan oswa tanporè (enstalasyon kapèt, amwa, aparèy elektwomenaje, revètman planche, limyè, pòt, mi, ak plafon yo).
- Depans demolisyon yo.
- Enstalasyon pi, fose septik, elektrisite, chofaj ak klimatizè ak plonbri.
- Mete pwopriyete a nivo.
- Lokasyon Ekipman Eliminasyon ak Anlèvman (pèl mekanik ak bèn pou fatra).
- Lòt frè oswa depans ki asosye ak reparasyon, estabilizasyon, oswa rekonstriksyon pwopriyete a.
- Anlèvman pye bwa/touf bwa si pye bwa/touf bwa a bloke aksè a kay la oswa li prezante yon danje pou sekirite.
- Egzanp ki pi presi ki annapre la yo se aktivite admisib:
  - Bach yo.
  - Materyo Konstriksyon yo.
  - Revètman
  - Egou/Septik.
  - Penti.
  - Koup-fwa.
  - Chofaj dlo.

Kote yo endike ranplasman yon MHU oswa yon kay modilè, y ap ofri opsyon plan nivo estanda yo. Si yo akòde ranplasman yon kay, yo dwe demoli MHU oswa kay modilè orijinal la epi retire l sou sit la avan yo mete ranplasman estrikti sa a. Y ap detèmine gwosè inite ranplasan an gras a enfòmasyon ki gen rapò ak gwosè estrikti ki te sibi domaj la.

Paramèt amelyorasyon adisyonèl yo gen ladan:

- Mezi ak amelyorasyon pou rann enèji vin nan pri abòdab k ap satisfè zonaj ak kòd lokal la, nòm pou lojman Desan, Sekiritè ak Sanitè a (DSS) oswa Nòm Kalite Lojman (HQS) obligatwa yo, espesyalman amelyorasyon ki ajoute rezistans amelyore tankou elvasyon konpozan elektrik prensipal yo, ansèklaj twati ak lòt atik yo elijib.
- Tès sou penti a baz plon, rediksyon dega oswa estabilizasyon, jan sa nesesè. Si yo pral ranplase oswa rekonstwi yon kay, tès pou penti a baz plon an p ap aplike. Ranplasman/rekonstriksyon pwopriyete a pral otomatikman lakoz yo retire nenpòt danje potansyèl li te genyen avan.
- Tès sou amyant, rediksyon dega oswa enkapsilasyon, jan sa nesesè.
- Tès ak eliminasyon mwazisi, jan sa nesesè.
- Seksyon 106 Lwa sou Prezèvasyon Istorik Nasyonal 1966 la (Lwa Piblik 89-665), jan yo te modifye l an 2000 lan, egzije konfòmite ak Istwa Achitektiral ki preskri nan Seksyon Revizyon ak Konfòmite Biwo pou Prezèvasyon Istorik la, jan sa nesesè.
- Karakteristik aksesibilite pou bezwen espesyal yo dokimante yo. Yo ka analize kay yo repare ki gen moun ki gen bezwen espesyal oswa granmoun aje (laj 62 zan oswa plis) k ap viv ladan yo selon bezwen fizik moun sa yo. Amelyorasyon tankou agrandisman papòt, ranp, fè antre ak papòt vin anivo, ak enstalasyon bawo pou apiye nan espas twalèt yo, si sa apwopriye. Yo dwe konsidere adaptasyon pou moun ki pa tande byen ak pa wè byen yo. Yo dwe dokimante tout egzijans bezwen espesyal yo avan apwobasyon.
- Aparèy elektwomenaje estanda yo, ki limite a frijidè ak recho ak/oswa fou, si yo p ap fonksyone nan moman enspeksyon an. Byenke aparèy elektwomenaje ranplasan yo ap estanda, yo p ap kalite deliks yo, y ap sètifye EnergyStar®, si l disponib.

- Atik vantilasyon ak efikasite enèji yo tankou vantilatè nan plafon, rido til nan fenèt, ak rido til nan pòt yo, si yo pa genyen yo oswa si yo p ap fonksyone nan moman enspeksyon an.
- Kondisyon wotè elevasyon yo gouvène pa Rejis Federal, Vol. 83, nimewo 28, 9 fevriye 2018, ki mande elevasyon etaj ki pi ba, ki gen ladan sousòl la, se omwen de pye anwo elevasyon inondasyon debaz la ki se egzijans wotè minimòm ki tabli pa direktiv federal yo.
- Rejis Federal aplikab Vol. 83, No. 28, 9 fevriye 2018 la reji egzijans wotè elvasyon yo, kote l egzije pou elvasyon anba premye etaj fini an dwe omwen de pye pi wo pase baz elvasyon kont inondasyon an.
- Yo dwe enspekte tout eleman elektrik yo ki gen ladan sèvis, kontè, kab, ak akseswa ekleraj yo menm si yo pa presize travay elektrik. Yo dwe ranplase eleman ki poze danje yo. Tout kab, entèriptè ak anpoul ekspoze ki nan espas abitab yo dwe anndan konpatiman yo.
- Tout kay yo dwe genyen detektè lafimen ak monoksid kabòn enstale annakò ak egzijans kòd la yo.
- Yo ka konte pri siplemantè asosye yo tankou egzijans konstriksyon ekolojik ak rediksyon dega yo, asirans, chanjman aksesibilite yo, reparasyon oswa ranplasman sistèm dlo, egou ak bezwen koneksyon sèvis piblik yo.

# 3.11 Asistans pou Demenajman Opsyonèl

Pwogram lan pral ofri depo tanporè sou plas pou chak mèt kay ki bezwen retire byen pèsonèl yo nan kay yo pandan peryòd konstriksyon an. Y ap konte depans sa a, kote sa a aplikab, nan chak pòte travay. Si l nesesè pou yo gen depo tanporè, kontraktè konstriksyon yo asiyen travay la pral fè aranjman pou yo gen yon depo mobil sou lèlye ke yo pral livre epi retire l.

Pwogram Rebati Florid la rekonèt ke kèk benefisyè HRRP yo, patikilyèman moun ki gen mwayen modès ak manm fanmi ki vilnerab yo, ka fè fas a difikilte finansye ki te koze pa lòt frè lojman tanporè ki ka nesesè pandan reparasyon an oswa pwosesis rekonstriksyon an..Anilasyon pwopriyete ki domaje gen dwa pa posib finansyèman, sa ki kreye twòp difikilte pou kay vilnerab sa yo.

Difikilte ke yo obsève yo  ka gen ladan pèt travay, echèk nan yon biznis, divòs, maladi medikal ki grav , blesi, lanmò nan yon manm nan fanmi oswa mari oswa madanm, bòdwo medikal inatandi ak ekstraòdinè, andikap, rediksyon sibstansyèl revni, Kantite dèt lajan iregilye ak eksesif akòz yon dezas natirèl. katastwòf, elatriye. Okenn nan egzanp ki endike anwo yo, endividyèlman oswa pran ansanm, otomatikman etabli yon difikilte demonstrab, lis ki anwo a tou se pa konplè, kòm ka gen lòt faktè ki enpòtan nan pwoblèm difikilte ki demonstrab nan yon ka an patikilye.

Si yon aplikan kwè ke yo nan eta a nan difikilte demonstrab e ke difikilte demonstrab sa yo  lakòz yo pa konfòme yo avèk règleman pwogram nan, Lè sa a, yo ka prezante prèv yo nan yon difikilte demontre a reprezantan pwogram yo epi yo mande pou èd tan lojman tanporè. Pwogram nan pral evalye demann lojman tanporè sou yon baz ka -pa -ka apre revizyon tout sikonstans yo.

## 3.11.1 Depans Asosye yo

Okazyonèlman, yon aplikan ka gen difikilte pou transpòte pwopriyete pèsonèl yo soti nan pwopriyete a domaje pandan konstriksyon an. Nan evènman sa a, aplikan an ka mande asistans nan peye "depans ki asosye," pa depase $ 5,000. Sa a rezève sèlman pou ka kote difikilte ekstrèm epi yo ka itilize yo pou ede aplikan nan deplase pwopriyete pèsonèl soti nan kote ki domaje a. Remake FloridaCommerce mete asistans depans ki asosye yo an atant depi 19 novanm 2020. Pwogram nan pa ka ofri asistans sa a nan moman sa a jiskaske yon lòt avi. Nan plas depans ki asosye yo, pwogram nan ta dwe refere aplikan yo sou sit wèb Pwogram Founisè Sibvansyon Sèvis Kominotè Blòk FloridaCommerce a (www.FloridaJobs.org/CSBGHelp) oswa Fèy Resous Konte RBFL pou chèche asistans pou deplase. Pou plis enfòmasyon konsènan pwosesis kalifikasyon pou asistans depans asosye yo, tanpri al gade Estanda Pwosedi Operasyon THAB yo, Vèsyon 4.1 (11 janvye 2021).

# 3.12 Nòm Konstriksyon yo

HRRP pral reyalize metòd konstriksyon k ap mete aksan sou bon jan kalite, lonjevite, efikasite enèji, dirabilite, ak rezistans a mwazisi (limon), jan yo preskri nan Rejis Federal, Vol. 83, No., 28, 9 fevriye 2018 la. Y ap konsevwa tout amenajman, rekonstriksyon ak nouvo konstriksyon pou yo enkòpore prensip dirabilite yo, ki gen ladan efikasite dlo ak enèji, rezistans ak rediksyon dega kont enpak katastwòf yo alavni. HRRP pral reyalize ak kontwole rezilta konstriksyon yo pou asire sekirite rezidan yo ak kalite lojman yo pwogram lan te ede yo. Tout inite yo repare yo dwe satisfè nòm pwogram lan yo. Sa gen ladan nòm minimòm ki annapre yo:

1. Y ap baze nòm konstriksyon yo sou Kòd Konstriksyon Florid la (FBC) epi yo dwe satisfè oswa depase egzijans aplikab yo.
2. Konstriksyon yo pral konfòm a Nòm Konstriksyon Ekolojik Florid la pou tout nouvo konstriksyon bilding rezidansyèl ak pou tout ranplasman bilding rezidansyèl ki te sibi domaj sibstansyèl yo (sa vle di, kote pri reparasyon yo depase 50 % pri ranplasman an) jan jiridiksyon lokal la detèmine.
3. Pou pwojè reparasyon yo, eta a pral swiv Lis Verifikasyon Renovasyon Bilding Ekolojik HUD la nan mezi li fezab ak aplikab pou travay reparasyon y ap antreprann yo. Sa pral gen ladan itilizasyon pwodui ki rezistan a mwazisi lè y ap ranplase sifas tankou mi plak yo. Lè yo ranplase pwodui ansyen oswa demode yo nan kad travay reparasyon yo, yo egzije reparasyon an itilize pwodui ki gen etikèt ENERGY STAR, etikèt WaterSense, oswa pwodui ak aparèy elektwomenaje Pwogram Jesyon Enèji Federal la deziyen (FEMP), oswa lòt pwodui ekivalan, lè sa posib. W ap jwenn Lis Verifikasyon Renovasyon Bilding Ekolojik HUD la disponib sou: https://www.hudexchange.info/resource/3684/guidance-on-the-cpd-green-building-checklist/.
4. Inite lojman yo ede avèk fon CDBG-DR yo dwe satisfè tout kòd lokal ak eta ki aplikab yo, nòm reparasyon yo, òdonans yo ak òdonans zonaj yo nan moman finisman pwojè a. Yo dwe korije tout defisyans yo idantifye nan dènye enspeksyon an avan yo vèse dènye peman

# 3.13 Nòm Aksesibilite yo

Mèt kay ki gen andikap fizik yo oswa mèt kay ki gen yon manm nan fwaye l ki andikape ka gen dwa pou yo resevwa konsiderasyon konstriksyon anplis tankou douch ki adapte pou chèz woulant, kontwa rabese, lavado sou pye, bawo pou apiye nan twalèt yo, papòt ki pi laj, twalèt aksesib ak lòt karakteristik ki favorab a aksesibilite ki pral ede moun nan pran swen bezwen fonksyonèl li yo. Pwogram lan pral evalye elijiblite pou karakteristik sa yo selon chak ka patikilye. Mèt kay yo ka siyale bezwen sa yo pandan enspeksyon evalyasyon dega a lè yo pale ak enspekte pwogram lan deziyen an.

# 3.14 Estanda Batiman Ekolojik yo

Pou kay y ap reyabilite yo, Lis verifikasyon Green Building Retrofit (GBR) HUD an se yon nòm konstriksyon federal ki egzije pou travay fon federal yo finanse yo respekte sèten nòm efikasite nan kad enèji, nan nivo sa kapab fèt la. Tout reparasyon ki kalifye yo dwe fèt an konfòmite ak lis verifikasyon GBR la nan limit pratik la. Estimasyon Limit Travay la (Scope of Work Estimate, SWE) poukonstriksyon ki rete ate ekri nan kad espesifikasyon aplikab lis verifikasyon GBR la ak direktiv pwogram nan, ansanm ak konsiderasyon pou Estanda Kalite Kay Aktyèl HUD yo. Si valè reparasyon an depase 75% pri pwogram nan estime pou rekonstriksyon yon kay, jan Pwogram lan detèmine sa a, y ap rekonstwi kay la. Gouvènman Federal la egzije pou kay ki rekonstwi yo respekte estanda Sètifye pou Kay ENERGY STAR yo epi kay la reponn ak estanda aplikab pwogram yo.

Direktiv Lis Verifikasyon GBR HUD an fè konnen moun ki ap benefisye sibvansyon yo dwe suiv Lis Verifikasyon an "nan limit ki aplikab la" epi sèlman "lè y ap ranplase." Nan kad yon SWE pou reyabilitasyon, Pwogram nan delimite eleman inik ki gen nan yon bilding a efikasite enèji ki wo genyen tankou fenèt a "Emisyon ki Ba" oswa "Panno Pwoteksyon kont radyasyon", pandan l ap dekri eleman sa yo nan kad aplikasyon pwogram nan. FloridaCommerce suiv règleman HUD yo lè l itilize Lis Verifikasyon

an nan moman l ap fè reyabilitasyon yon kay epi pandan l ap aplike yon Estanda Bilding Ekolojik lè l ap rekonstwi yon kay. Pou pwojè ki revize yo, kalite atribisyon an, ki li menm detèmine estanda aplikab la, n ap jwenn li nan seksyon ‘Kalite Avantaj Reyalizasyon' ki anndan sistèm anrejistreman Pwogram nan. FloridaCommerce pral devlope yon seksyon 'Kalite Bilding Ekolojik' nan sistèm li an pou demontre respè egzijans konstriksyon ekolojik yo. FloridaCommerce pral asire l tou pou genyen yon tèks apwopriye pou dokimante rezon varyasyon an lè kalite atribisyon an vin diferan ak kapasite reyalizasyon inisyal SWE a.

## 3.15Alokasyon ak Limit Asistans pou Lojman

Yo te rezève $516,832,357.53 ototal pou pwogram HRRP a. Yo ka ogmante oswa redui alokasyon sa a baze sou demann ki gen pou pwogram lan, avèk yon modifikasyon y ap fè nan Plan Daksyon an, epi HUD pral bezwen apwouve l tou. Yo mete limit asistans pou chak pwopriyete a $350 000, eksepte nan konte Monroe, ki pral gen yon limit maksimòm asistans ogmante $650,000. Tout depans pou konstriksyon yo (depans dirèk oswa endirèk yo), mezi rediksyon dega yo, amelyorasyon sit la ak kondisyon nòm konstriksyon yo (bèn pou fatra, twalèt sou sit la, oktwa pèmi, diferans yo) konte nan limit lan. Apwouve elevasyon ak / oswa depans pou aksè yo pa enkli nan limit; depans sa yo nan adisyon a bouchon an, si sa nesesè. Y ap konsidere eksepsyon yo selon chak ka patikilye.

Pwojè yo ka pa reyisi al nan faz finisman pou divès kalite rezon, ki gen ladan men pa sèlman, mèt pwopriyete a retire tèt li nan pwogram lan ak mèt pwopriyete a refize aksepte avantaj yo. Si yon pwopriyete te pase revizyon anviwònmantal ak tès pou sibstans danjre, epi apresa yo pa rive ale nan faz konstriksyon an, depans sa yo (ansanm ak nenpòt lòt frè yo te depanse pou reyalizasyon pwojè a) pral rete depans pou reyalizasyon pwojè a.

## 3.16Analiz sou Fezabilite Reparasyon an

Antanke yon benefisyè fon federal, FloridaCommerce responsab pou yo asire ke aktivite yo nan yon pri rezonab epi yo nesesè. Kidonk yo pral analize chak pwopriyete yo evalye nan kad HRRP a pou fezabilite. Yo pral prepare bidjè preliminè a, ke yo rele Estimasyon Pòte Travay la (SWE), pou endike pri potansyèl demolisyon, elvasyon ak reparasyon oswa ranplasman ka koute, jan sa apwopriye. SWE a pral gen ladan depans pou tout rediksyon dega ak egzijans aksesibilite anplis yo.

Pwopriyete ki gen depans reparasyon ak / oswa elevasyon pri ki rive a oswa depase 75% nan yon kay ki ka ranplase ki konparab, jan yo detèmine pa rapò evalyasyon rezidansyèl pwogram lan, yo pral rebati oswa ranplase l. Yo p ap repare yo. Pwopriyete yo estime pri pou reparasyon ak/oswa elvasyon ki satisfè oswa depase yon rekonstriksyon oswa ranplasman lojman konparab pral limite a rekonstriksyon oswa ranplasman kòm yon opsyon pri ki pi rezonab. Sitiyasyon kote y ap egzije ranplasman, rekonstriksyon ak/oswa elvasyon yo gen ladan:

1. Yo ka ranplase oswa rekonstwi kay ke yo te deja demoli yo.
2. Yo ka ranplase oswa rekonstwi kay jiridiksyon lokal yo kondane yo (etikèt wouj yo).
3. Yo ka ranplase oswa rekonstwi kay ki poze danje estriktirèl oswa ki gen lòt kondisyon ki poze danje oswa ki rann li enposib pou anplwaye yo enspekte anndan yo.
4. Jan yo preskri nan Plan Daksyon an, reparasyon yon Inite Lojman Mobil/Fabrike (MHU) ki gen plis pase 5 an ak/oswa ki gen kantite reparasyon Ouragan Irma te lakoz ki vo plis pase $15 000 pa fezab epi yo jistifye.
5. Si yon jiridiksyon lokal te rann yon detèminasyon dega sibstansyèl pou yon estrikti rezidansyèl dal li sou tè ki sitiye anndan yon plèn inondab santenal (100 tan), yo pral rekonstwi ak elve estrikti a. Reparasyon pa yon opsyon. Yo pral evalye yon pilye ak poto pou reparasyon ak elvasyon an selon chak ka patikilye.
6. Si jiridiksyon lokal la te rann yon detèminasyon amelyorasyon sibstansyèl pou yon estrikti rezidansyèl ki sitiye anndan yon plèn inondab nan ka inondasyon santenal (100 tan), yo dwe elve estrikti a.

7. Y ap ranplase inite kay mobil ki pral mande pou fè elvasyon ki pi wo pase wotè enstalasyon estanda a avèk yon inite lojman modilè y ap elve nan estanda pwogram lan.

# 3.17 Rezistans ak Rediksyon Dega

Annakò ak objektif HUD yo, jan yo defini nan Avi Rejis Federal Vol. 83, No., 28, 9 fevriye 2018 la, pwogram lan te tabli yon Estanda Konstriksyon Kay Rezistan pou amelyore rezistans pwopriyete yo fas a katastwòf dorijin ewolyèn yo alavni. Estanda sa a gen ladan mezi rezistans ak rediksyon dega ke yo prevwa k ap ofri materyo konstriksyon amelyore pou eleman espesifik lojman yo ki gen ladan twati, fenèt yo ak pòt yo. Y ap aplike Estanda Konstriksyon Kay Rezistan an pou tout kay ke yo te verifye reparasyon akoz Ouragan Irma yo rete yon bezwen ki poko satisfè ke pwogram lan pral repare yo. Opsyon rezistans ak rediksyon dega yo p ap disponib kòm yon avantaj konstriksyon apa pou kont li, san pa gen lòt dega Ouragan Irma te lakoz. Gade nan Seksyon 7.2 a pou plis detay sou Nòm Konstriksyon Kay Rezistan an.

Mezi rezistans ak rediksyon dega yo prale byen pi lwen pase bezwen reparasyon lojman ki pa satisfè pou yo ka satisfè nòm rezistans lojman HUD ak FloridaCommerce yo. FloridaCommerce te chwazi mezi rezistans pou rediksyon dega sa yo pou ofri rezidan Florid yo yon lojman ki pi djanm fas a katastwòf yo alavni. Nan konsa, mezi sa yo p ap konte nan kalkil fezabilite pou detèmine si yo dwe repare yon kay oswa rekonstwi l.

Tès pou tabli si pri aplikasyon an rezonab la ap detèmine fezabilite a, jan yo dekri nan Plan Daksyon pou Retablisman Apre Katastwòf 2018 Eta Florid la ak jan yo dekri nan Seksyon 1.14 nan manyèl sa a. Tès pou tabli si pri a rezonab la pral konpare pri debaz reparasyon yo (san konte okenn mezi rezistans amelyore) nan valè pwogram lan estime kay la ap koute a.

Akòz mank ekipman ki te koze pa demann sou mache nasyonal la, pandemi COVID-19 la, ak lòt faktè andeyò kontwòl Pwogram nan, te gen gwo reta nan jwenn atik RHCS yo ki define nan kad opsyon rezistans ak mitigasyon HUD la. Akoz mank ekipman yo, e pou asire pifò aplikan yo kapab fini kay yo pi vit, pwogram nan pral retire atik RHCS yo nan tout domèn travay yo apre 27 septanm 2021.

# 3.18 Rapidite Repons Mèt Kay la

Pandan pwosesis aplikasyon an, li obligatwa pou mèt kay la reponn nan yon delè apwopriye lè Pwogram lan mande yo enfòmasyon/materyèl pou yo ka akonpli pwosesis elijiblite a. Pwogram nan ap fè demann atravè telefòn, imèl ak / oswa korespondans ekri. Yap memorialize tout esè pwen pou fè kontak nan pwogram nan sistèm dosye yo. Yo pa dwe neglije reponn okenn demann pou enfòmasyon anplis odela yon delè 30 jou travay. Si mèt kay la bezwen plis tan an, yon eksplikasyon, oswa èd, yo ka mande èd nan lespas delè 30 jou yo atribiye a. Si mèt kay la pa rive bay enfòmasyon/materyèl yo mande yo oswa li pa rive mande plis tan oswa èd, y ap konsidere aplikasyon yo a annatant jiskaske yo bay enfòmasyon an.

Si yon mèt kay la pa reponn ditou, y ap fèmen aplikasyon an. Yo defini "Pa reponn ditou" kòm lè yo pa reponn oswa yo pa retounen twa apèl nan telefòn youn apre lòt, epi yo pa rive reponn deman ekri yo nan limit tan pwogram lan bay la. Yo ka konteste fèmti yon apliksayon akoz yo pa reponn ditou yon fwa. Si rezilta yon kontestasyon reyisi lakoz yo reyaktive yon aplikasyon, yo p ap ka konteste fèmti ki fèt annapre paske yo pa reponn ditou.

Yon eksepsyon a opsyon ki anwo a se pou rezoud iregilarite nan tit pwopriyete a, lanmò oswa maladi yon mèt kay, oswa yo ka detèmine sa a selon chak ka patikilye. Y ap bay mèt Kay ki gen iregilarite nan tit pwopriyete yo jiska ennan pou yo rezoud iregilarite a. Yo ka mande mèt kay la rapò sou estati pwogrè k ap fèt pou rezoud iregilarite nan tit la.

# 3.19 Responsablite Mèt Kay yo

Mèt Kay ki resevwa asistans nan kad pwogram HRRP yo gen responsablite ki annapre yo:

1. HRRP p ap responsab pou byen mèt kay la genyen ki pèdi oswa andomaje pandan konstriksyon an. Mèt kay la dwe sekirize oswa demenaje tout byen pèsonèl yo jiskaske yo fin fè travay konstriksyon an. Mèt kay la responsab pou yo deplase, mete nan depo epi sekirize tout byen ak zefè pèsonèl yo genyen. Pwogram lan pral ofri espas yon inite depo tanporè pou mèt kay la itilize.
2. Apre egzekisyon Akò Sibvansyon Mèt Kay la, mèt kay la pral gen yon delè 30 jou kalandè pou yo retire byen pèsonèl yo nan pwopriyete a epi mete nenpòt byen pèsonèl presye yo genyen ki ka sibi domaj pandan dire konstriksyon an nan depo.
3. Si mèt kay la dwe kite pwopriyete a pou yo ka fè reparasyon yo, mèt kay la pral gen 30 jou apati dat egzekisyon Akò Sibvansyon Mèt Kay la pou l kite pwopriyete a epi mete tout byen materyèl li genyen nan depo. Nan pifò ka yo, pwogram lan p ap peye pou asistans pou demenajman, paske sa a se yon pwogram volontè. Toutfwa, nan sikonstans limite, pwogram lan ka konsidere bay asistans pou demenajman selon chak ka patikilye. Si yon aktivite konstriksyon ta dire pi lontan pase peryòd travay ki nan kontra a, kontraktè konstriksyon an ka bezwen peye asistans pou demenajman anplis ki nesesè pou yon mèt kay resevwa asistans sa a pou yo ka poko retounen nan kay la. Si mèt kay la pa kite pwopriyete a nan delè 30 jou a, sa ap lakoz yo fèmen aplikasyon li an epi y ap bay yon lòt benefisyè avantaj mèt kay la ta pral resevwa. Ya ka fè eksepsyon men li pral selon chak ka patikilye.
4. Mèt kay la dwe fè aranjman pou kontraktè kontriksyon yo k ap bay sèvis konstriksyon yo jwenn aksè a pwopriyete a. Si yo pa bay yon kontraktè konstriksyon k ap fè efò bòn fwa pou l fè reparasyon nesesè yo aksè rezonab epi atan, yo ka sispann bay prim lan.
5. Pandan konstriksyon an, mèt kay la pa dwe entèfere nan zòn reparasyon yo, epi yo dwe fè efò rezonab pou yo pa vini nan zòn konstriksyon an.
6. Pwopriyetè kay la ap dakò pou li pa transfere pwopriyete a oswa nenpòt enterè nan pwopriyete a volontèman jiskaske reyabilitasyon, rekonstriksyon oswa ranplasman fini.
7. Pwopriyetè kay la dwe jwenn ak kenbe asirans inondasyon si pwopriyete a sitiye nan yon Zòn Risk espesyal pou Inondasyon (oswa plèn inondasyon 100 ane). Lwa sou Pwoteksyon Kont Katastwòf Inondasyon 1973 la egzije moun k ap viv nan yon plèn inondab gen asirans sou pwopriyete a pou toutan. Egzijans sa a obligatwa pou pwoteje sekirite rezidan yo ak pwopriyete yo ak envestisman dola federal yo. L ap obligatwa pou gen yon akò sibvansyon, restriksyon tit pwopriyete, kontra oswa lòt mwayen aplikasyon sou pwopriyete a k ap mande pou yo mentni asirans inondasyon sou pwopriyete sa a vi.
8. Si yo pa reyisi mentni asirans inondasyon an, lè yo egzije a, sa pral lakoz mèt kay la ak pwopriyete a pa elijib pou asistans federal pou rekiperasyon apre katastwòf alavni.
9. Si pwopriyete a sitiye nan yon plèn inondab santenal (100 tan), li ap obligatwa pou mèt kay la mentni asirans inondasyon aktiv pou toutan epi ou dwe avize nouvo pwopriyetè yo de egzijans asirans inondasyon yo.
10. Rete ajou sou tout taks sou pwopriyete a yo.
11. Satisfè tout egzijans yo dakò sou yo ki nan dokiman legal pwogram lan egzekite yo.
12. Yo dwe mete non tout mèt pwopriyete k ap viv nan kay la yo nan aplikasyon pwogram lan. Yo ka mete non mèt pwopriyete ki p ap viv nan kay la yo nan aplikasyon an men li pa obligatwa. Dosye reyabilitasyon yo pral sèlman egzije pou yon mèt pwopriyete ki ap viv nan kay la siyen fòmilè pwogram lan yo epi konkli akò sibvansyon an. Dosye rekonstriksyon ak ranplasman yo pral egzije pou yon mèt pwopriyete k ap viv nan kay la siyen fòmilè pwogram lan yo ak Akò Sibvansyon an; toufwa, li obligatwa pou tout moun ki pa aplikan an ki gen yon enterè pwopriyetè nan pwopriyete ki te sibi domaj la bay konsantman l/yo pou yo demoli estrikti ki te sibi domaj la avan egzekisyon akò sibvansyon an. HRRP pa responsab pou okenn dispit ki rive ant mèt pwopriyete k ap viv nan kay la ak sila ki p ap viv nan kay la yo.
13. Yo dwe retire tout debri, veyikil ak bilding abandone ki poze danje pou sekirite ak/oswa pwoteksyon jan jiridiksyon lokal la oswa moun ki kalifye pou fè detèminasyon sa a detèmine avan konstriksyon an kòmanse. Mèt kay la pral retire byen pèsonèl degrade yo. Mèt kay la gen 30 jou

apati dat yo siyen Akò Sibvansyon Mèt Kay la pou yo retire tout debri ak byen degrade sa yo sou sit konstriksyon an. Si yo pa reyisi retire byen sa yo, sa ka lakoz yo redui montan avantaj total yo t ap resevwa pou konte pou depans pou pwogram lan retire yo epi si yon rediksyon konsa a lakoz yon nouvo detèminasyon fezabilite ke pwojè a pa fezab ankò, y ap detèmine ke aktivite mèt kay la pa elijib ankò epi y ap fèmen aplikasyon an.

14. Pwopriyetè kay la responsab pou netwaye tout pwoblèm pwopriyete ki kapab afekte otorizasyon oswa kapasite Pwogram nan ak/oswa kontraktè a pou fini konstriksyon kote ki domaje a. Pwoblèm sa yo ka enkli, men se pa sa sèlman, privilèj, sèvitid aksè, enkyetid depatman planifikasyon, estrikti san pèmisyon, ak adisyon ilegal.

# 3.14 Plent/Apèl Rekou/Konfli Enterè

Y ap ofri mèt kay yo yon pwosedi pou yo pote plent ak fè apèl rekou. Yo ka depoze plent konsènan nenpòt ak tout enkyetid ke mèt kay yo ka genyen sou pwosedi HRRP swiv yo ak sèvis yo bay yo. Yo ka depoze apèl rekou yo sèlman apre pwogram lan fin pran yon desizyon defavorab konsènan elijiblite oswa fèmti yon aplikasyon ak sèlman nan paramèt pwosedi Apèl yo tabli yo. Mèt Kay yo pa ka fè apèl rekou pou konteste politik pwogram lan.

Yon apèl rekou ke yon mèt kay ap fè pral gen ladan yon pwosedi doleyans ekri enfòmèl ak fòmèl, ki ka gen ladan, menm pa sèlman, odyans enfòmèl, revizyon tyès pati oswa revizyon administrativ. HRRP pral bay yon desizyon konsènan revizyon eksepsyon yo ak apèl rekou fòmèl yo. Yo pral plis eksplike apèl rekou yo, doleyans yo, ak eksepsyon yo nan Pwosedi Plent, Apèl Rekou al Eksepsyon yo. Gade nan Anèks C Pwosesis Rekonsiderasyon/Apèl Rekou/Plent lan.

## 3.14.1 Plent sou Lojman Ekitab yo

FloridaCommerce sètifye ke y ap jere ak administre HRRP konfòmeman ak tit VI Lwa sou Dwa Sivil 1964 la (42 U.S.C. 2000d) ak Lwa sou Lojman Ekitab la (42 U.S.C. 3601-3619), epi fè respekte règleman yo, epi li pral pwomouvwa pratik lojman ekitab yo nan fason favorab.

Y ap refere moun ki akize ke gen yon vyolasyon lwa sou lojman ekitab yo bay kontak lokal ak pwosesis FloridaCommerce a pou yo depoze yon plent. FloridaCommerce pral kenbe yon lis ak dosye ki gen tout demann, akizasyon, plent ak referans ki gen rapò ak lojman ekitab yo. Anplis de sa, FloridaCommerce pral rapòte non-konfòmite yo sispèk yo bay HUD. Kontak pou Plent sou Lojman Ekitab yo se:

FairHousing@deo.myflorida.com

(850) 717-8426

## 3.14.2 Konfli Enterè

Yo entèdi tout fonksyonè ak anplwaye eta yo, anplwaye FloridaCommerce yo ak konsiltan ki egzèse fonksyon ki gen rapò ak aktivite CDBG-DR finanse yo oswa ki nan yon pozisyon pou yo patisipe nan yon pwosesis pou pran desizyon oswa jwenn enfòmasyon entèn konsènan aktivite yo, resevwa nenpòt avantaj nan aktivite a swa pou tèt yo oswa pou moun ki gen lyen familyal oswa lyen biznis avèk yo, pandan dire aktivite a.

Pou objektif seksyon sa a, yo defini “fanmi” pou gen ladan paran yo (sa gen ladan bèlmè ak bòpè), granparan, frè ak sè (ki gen ladan bèlsè ak bòfrè) ak timoun yon fonksyonè ki konsène nan kad règleman sou konfli enterè CDBG yo ki nan 24 CFR Seksyon 570.489(h).

Yo ka fè yon eksepsyon nan dispozisyon sou konfli enterè a si yo ta detèmine ke FloridaCommerce te reponn piblikman a tout enkyetid konfli enterè potansyèl la pwodui yo kòmsadwa epi lè yo fè yon eksepsyon, sa ap sèvi pou plis pwomouvwa objektif Tit I nan Lwa sou Lojman ak Devlopman Kominotè 1974 la ak administrasyon pwogram lan nan yo fason efikas ak pwodiktif. Okenn pati konsène p ap antre nan yon konfli enterè pazavan yo akòde yo demann pou yo fè eksepsyon an.

# 3.15 Kont fwod, gaspiyaj, oswa abi Pwosesis

Elektè, anplwaye ak kontraktè Rebuild Florida yo, ka fwod sispèk yo rapòte, gaspiyaj, oswa abi lè yo kontakte anplwaye Sèvis Jesyon Konstitiyan yo, soumèt enfòmasyon yo sou fòm Rapò sou fwod, gaspiyaj oswa abi sou entènèt la. (http://floridajobs.org/rebuildflorida/report; tout mayen kontak enfòmasyon yo opsyonèl pou pèmèt anonimite) oswa voye yon imèl bay cdbg-dr_antifraudwasteabuse@deo.myflorida.com.

Tout ka fwod yo sispèk yo pral pran oserye, ak plent yo pral rapòte bay Manadjè Konfòmite ak Rapò OLTR a ak Enspektè Jeneral Biwo FloridaCommerce a nan OIG@deo.myflorida.com. Si OIG FloridaCommerce a detèmine ke li apwopriye, li pral kowòdone ankèt li ak ajans tankou Biwo Enspektè Jeneral Florida, Biwo Pwokirè Jeneral Florida, oswa Depatman Biznis ak Règilasyon Pwofesyonèl nan Florida.

Yo pral voye tout ka pwouve nan fwod, gaspiyaj, oswa abi nan fon gouvènman bay Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini (HUD), Biwo Enspektè Jeneral (OIG) Liy Dirèk Fwòd (telefòn: 1-800-347-3735 oswa imèl:hotline@hudoig.gov) ak Reprezantan HUD pou Planifikasyon ak Devlopman Kominotè (CPD) FloridaCommerce a. *OLTR dwe bay yon repons alè nan lespas 15 jou ouvrab apre li resevwa yon plent, jan sa endike nan 84 FR 169.*

**Biwo pou rezistans alontèm la konplè Règleman Anti-Fwòd, Gaspiyaj, ak Abi ka jwenn isit la.**

# 3.16 Fichye, Dosye, ak Rapò yo

Annakò ak 24 CFR 570.490, li obligatwa pou FloridaCommerce kenbe tout dokimantasyon pwogram lan ak sila ki gen rapò ak pwojè a tankou dosye finansye, dokiman sipò, ak dosye estatistik yo. Yo dwe kenbe dosye yo pou yon peryòd ki pa mwens pase senk (5) an apre ane fizik yo te fèmen sibvansyon an oswa twa (3) zan apre sibvansyon an fèmen nan HUD, kèlkwswa sa ki pi long lan.

Ominimòm, li obligatwa pou yo tabli kalite dosye ki annapre yo pou chak sou-benefisyè:

- Dosye ki bay deskripsyon konplè pou chak aktivite;
- Dosye k ap verifye ke aktivite a satisfè objektif nasyonal yo;
- Dosye ki lye ak demontre elijiblite aktivite yo;
- Dosye ki nesesè pou dokimante aktivite ki gen rapò ak byen imobilye a;
- Dosye k ap dokimante konfòmite ak egzijans lojman ekitab ak opòtinite egal yo;
- Dosye finansye ak Rapò FloridaCommerce egzije yo;
- Rapò sou pèfòmans FloridaCommerce egzije yo; ak
- Dosye k ap sipòte nenpòt egzijans presi sibvansyon an preskri.

# 3.17 Evalyasyon Eta ak Federal yo

Aktivite evalyasyon yo se eleman woutin nan kad aktivite CDBG-DR yo epi ajans eta yo ak/oswa ajans federal yo ka fè yo pou rezon finansye, operasyonèl, oswa pwogramatik.

Eta Florid gen yon Evalyatè Jeneral (AG) ki aji kòm yon evalyatè ekstèn endepandan. AG a fè evalyasyon kont yo ak dosye ajans eta a yo pou detèmine si resous finansye yo byen kontabilize; fonksyonè piblik yo respekte lwa, règ, règleman ak lòt egzijans legal ki aplikab yo; kontwòl entèn efikas an plas kòmsadwa pou operasyon antite yo; epi yo byen pwoteje resous yo. Eta a gen dwa pou l fè verifikasyon, epi tout aspè HRRP a sijè a revizyon ak verifikasyon.

Anplis de sa, Biwo Enspektè Jeneral FloridaCommerce a (OIG) gen de zòn fonksyonèl separe–yon zòn ki fè verifikasyon pou ajoute valè ak pou amelyore fonksyònman yon ajans epi lòt zòn lan pou fè ankèt sou reklamasyon gaspiyaj, fwòd ak abi, ki ka rive tou nan pwogram CDBG-DR yo.

Onivo federal, OIG HUD la fè rechèch preliminè (yon sondaj) ak/oswa verifikasyon pwogram pou rekiperasyon apre katastwòf yo, ke yo tipikman fè yon fwa pwogram yo ankou epi yon benefisyè te depanse fon yo. Grasa a verifikasyon OIG HUD la yo ak efò evalyasyon ak ankèt li yo, OIG a travay pou rann sèten ke yo te depanse fon pou asistans apre katastwòf yo kan Kongrè a preskri.

## 3.18 Plan Siveyans Konfòmite

Dapre règleman sou Sibvansyon Global Devlopman Kominotè (CDBG), 24 C.F.R. § 570.501(b), moun k ap sibvansyone fon CDBG-DR (Sibvansyon Global Devlopman Kominotè pou Rekiperasyon Dezas) yo responsab pou egzekite pwogram yo pou satisfè egzijans pwogram CDBG-DR, egzijans legal ak regilasyon yo, ki gen ladan siveyans administratè pwojè yo, kontraktè yo ak soutretan yo.

Anplis de sa, 2 CFR § 200.328 deklare ke antite ki pa Federal la responsab pou sipèvizyon operasyon yo nan aktivite sibvansyon Federal yo sipòte e ke siveyans pa antite ki pa Federal la dwe kouvri chak pwogram, fonksyon, oswa aktivite.

Konsa, pandan tout faz aplikasyon, planifikasyon, konsepsyon ak aplikasyon pwogram nan (yo), Biwo Rezilyans Alontèm (OLTR) FloridaCommerce a pral fè siveyans pwosesis, pwosedi, politik, aplikasyon, planifikasyon, konsepsyon, konstriksyon ak lòt faz aplikab yo. OLTR pral travay pou asire ke pwogram yo ap fonksyone avèk efisyans ak efikasite epi ke fon CDBG-DR yo ap itilize kòmsadwa. Enplemantasyon siveyans efikas nan konfòmite pwogram nan kont direktiv pwogram yo, kondisyon ak pwosedi yo enpòtan pou idantifye zòn gwo pèfòmans ak zòn ki bezwen amelyorasyon ak/oswa yon aksyon korektif.

Gen plis enfòmasyon sou pwosedi siveyans ki disponib nan Plan Siveyans Konfòmite Biwo Rezilyans Alontèm ki afiche sou paj wèb OLTR (floridajobs.org/cdbg-dr), oswa ou ka jwenn aksè dirèkteman La a. Yo mete plan sa a jou jan sa nesesè epi li bay yon deskripsyon detaye sou aktivite siveyans ak pwosedi OLTR etabli.

## 3.19 Egzijans Apwovizyònman yo

FloridaCommerce dwe respekte pwosesis Apwovizyònman kòd gouvènman federal ak eta preskri yo jan yo aplikab pou pwogram lan. Yo te tabli nòm ak Direktiv yo pou acha materyèl, ekipman, sèvis konstriksyon, jeni, achitekti, konsiltasyon, ak lòt sèvis pwofesyonèl yo nan Direktiv pou Acha ak Kontra FloridaCommerce yo ke yo te elabore annakò ak egzijans eta ak federal yo. Pwosesis apwovizyònman gen ladan desizyon pou yo achte ansanm ak desizyon pou yo konplete tranzaksyon acha a. Gouvènman federal la te tabli yon seri règ apwovizyònman nan 2 CFR Part 200.317-327 ki aplike pou pwojè CDBG-DR yo. Règ sa yo an plas pou asire yo depanse lajan federal yo nan fason ekitab epi ankouraje konpetisyon transparan pou pi bon nivo sèvis ak pri. Si ta gen yon konfli ant règleman apwovizyònman federal yo ak règleman lokal yo, y ap swiv règleman ki pi estrik pami yo de a.

FloridaCommerce pral tabli nòm ki konfòm pou konstriksyon yo. Pou asire konpetisyon konplè ak ouvè, y ap kalifye kontaktè konstriksyon yo pa mwayen yon pwosesis demann òf konpetitif annakò ak Chapit 287 Lwa Florid yo epi yo pral swiv 24 CFR 570.487(g) ominimòm. Kontraktè yo pral konfòm a seksyon 3 nan Lwa sou Lojman ak Devlopman Iben 1968 la (12. U.S.C. 1700lu) epi fè respekte règleman yo ki nan 24 CFR pati 135. Kontraktè yo chwazi sou kontwòl FloridaCommerce yo pral asire ke moun ki gen revni fèb ak revni trè fèb yo; kote y ap espesyalman dirije opòtinite anvè rezidan ak biznis lokal ki satisfè egzijans kalifikasyon pou pwojè a. Kontraktè yo pral fè tout efò posib pou yo rekrite, sible, ak dirije opòtinite anvè rezidan ak biznis Seksyon 3 yo, ansanm ak enfòme rezidan seksyon 3 yo de opòtinite fòmasyon ki disponib yo. FloridaCommerce pral bay kontraktè yo resous itil pou maksimize efò sa yo, ki gen ladan men pa sèlman, yon Rejis Biznis Seksyon 3, ak egzanp opòtinite fòmasyon ak travay ki disponib yo.

# 4.0 Egzijans Elijibilite yo

Egzijans ki annapre yo se egzijans minimòm, ke yon mèt kay dwe satisfè pou I ka elijib pou asistans. Elijiblite pa garanti asistans paske pral gen yon estrateji priyorizasyon obligatwa (annakò ak egzijans pwogram lan yo) epi yo prevwa pral gen plis mèt kay ki elijib pase fon ki disponib pou yo ba yo. Egzijans minimòm yo se egzijans ki pral swa pèmèt yon mèt kay kontinye vanse nan pwogram lan oswa lakoz yo diskalifye. Yo ki dekri kritè minimòm pou pwogram HRRP Rekonstwi Florid la an plis detay anba la:

1. Dega akoz tanpèt ki te frape an septanm 2017 la
2. Lokalite pwopriyete ki te sibi domaj la anndan zòn HUD oswa eta a idantifye kòm Zòn ki plis Afekte ak plis an Detrès (MID)
3. Omwen yon moun nan aplikasyon an ki gen enterè pwopriyetè an pati oswa annantye sou pwopriyete a dwe kapab demontre li se Sitwayen Ameriken oswa li gen Rezidans Pèmanan
4. Prèv tit pwopriyetè nan moman dega katastwòf la te frape a epi kontinye mentni tit pwopritè
5. Estrikti ki te sibi domaj la se espas rezidans prensipal la
6. Pwopriyete a gen dega ki lye ak Ouragan Irma ki poko repare
7. Taks sou pwopriyete yo ajou
8. Pwopriyete a se yon estrikti inifamilyal mèt li ap viv ladan oswa yon inite lojman mobil/fabrike (MHU) mèt li ap viv ladan
9. Pwopriyete a pa yon dezyèm kay
10. Revni fwaye a elijib

## 4.1 Dega Ouragan Irma

Kay la dwe te sibi domaj pa oswa akoz Ouragan Irma an septanm 2017 epi dega yo de poko repare apati dat aplikasyon an. Mèt Kay yo pa bezwen te enskri pou asistans endividyèl nan Ajans Federal pou Jesyon Ijans lan (FEMA) pou yo elijib pou HRRP.

Si yon mèt kay pa te aplike pou asistans FEMA a, HRRP pral verifye pa mwayen enspeksyon ke kay la te sibi domaj gras a yon pwosesis verifikasyon dega. Y ap abòde dega ki gen nan kay la ki pa rive akoz Ouragan Irma sèlman nan estrikti ki deja genyen dega tanpèt ki gen rapò ak Irma a.

Opsyon Prèv Dega yo:

1. Lèt atribisyon FEMA, SBA, Asirans yo ap prèv ke Irma te lakoz dega ki nan kay la.
2. Nan ka kote dokiman yo refere anwo a yo pa disponib, yon rapò enspeksyon (ki gen ladan foto dega yo ak yon evalyasyon dega ekri) nan kad yon evalyasyon dega ke HRRP te fè ki sètifye ke dega yo te rive akoz ouragan ap akseptab.
3. Nan ka kote lèt atribisyon FEMA, SBA oswa Asirans yo pa disponib, epi rapò enspeksyon an pa abouti a prèv ki te lakoz dega yo, HRRP ka bay prèv alatènativ, tankou rapò medya onivo katye yo oswa dokimantasyon dega yo ke òganizasyon repons/sekou aprè katastwòf yo te fè selon chak ka patikilye.
4. Si FEMA te refize bay yon mèt kay asistans, ka toujou gen asistans disponib pa mwayen pwogram CDBG-DR a depi yo ka lye dega yo a Ouragan Irma. FloridaCommerce entèdi pou yo itilize refi FEMA pou bay asistans kòm sèl baz pou refize bay asistans CDBG-DR.

## 4.2 Lokalite

Daprè Rejis Federal Vol. 83, No. 28, 9 fevriye 2018 ak Vol. 83, No. 157, 14 out 2018, pwopriyete ki te sibi domaj la dwe nan zòn HUD oswa Eta a deziyen kòm zòn MID yo ki se konte: Alachua, Baker, Bradford, Brevard, Broward, Charlotte, Citrus, Clay, Collier, Columbia, DeSoto, Dixie, Duval, Flagler, Gilchrist, Glades, Hardee, Hamilton, Hendry, Hernando, Highlands, Hillsborough, Indian River, Lafayette,

Lake Lee, Levy, Manatee, Marion, Martin, Miami-Dade, Monroe, Nassau, Okeechobee, Orange, Osceola, Palm Beach, Pasco, Pinellas, Polk, Putnam, Sarasota, Seminole, St. Johns, St. Lucie, Sumter, Suwannee, Union, Volusia ak KÒD postal 32068, 32084, 32091, 32136, 32145, 32771, 33440, 33523, 33825, 33870, 33935, 34266. Pou Inite Lojman Mobil/Fabrike (MHU) yo, MHU ki te sibi domaj la dwe te sitiye nan youn nan zòn sa yo nan moman tanpèt la te frape a. Remake byen ke 80% nan finansman yo dwe pase nan HUD la oswa eta ki deziyen ki pi afekte ak detrès Vil yo ak kòd postal (MID) yo. Rès 20% nan lajan yo ka pase deyò zòn ki deziyen pou MID yo ki te resevwa tou yon Deklarasyon Prezidansyèl sou  Dezas pou repons pou Siklòn Irma.

## 4.3 Prèv Sitwayènte Amerikèn oswa Prèv Estati Rezidan Pèmanan (Kat Rizidans)

Pwogram lan pral respekte Lwa sou Responsablite Pèsonèl ak Rekonsilyasyon Opòtinite Travay 1996 la (“PRWORA”) lè y ap detèmine elijiblite pou asistans. Sitwayen Ameriken oswa Rezidan Pèmanan (Kat Rizidans) yo elijib pou yo resevwa avantaj yo nan kad Pwogram sa a. Omwen yon moun nan aplikasyon an ki gen enterè pwopriyetè an pati oswa annantye sou pwopriyete a dwe kapab demontre li se Sitwayen Ameriken oswa Rezidan Pèmanan pou garanti elijiblite pou Pwogram lan.

Dokiman nesesè pou verifye prèv Sitwayènte Amerikèn oswa Estati Rezidan Pèmanan (Kat Rizidans) pral gen ladan, men pa sèlman, dokiman ki annapre yo:

- Si aplikan an, ki gen non l sou dokiman tit pwopriyetè a, gen yon Lisans Chofè REAL ID ki valid oswa Kat Idantite ki konfòm ak REAL ID, Pwogram lan pral konsidere validasyon sa a konplè.
- Nan ka kote yon Lisans Chofè oswa Kat Idantite ki konfòm ak REAL ID pa disponib, y ap konsidere aplikan ki te konfime asistans ak lèt FEMA IA oswa done SBA pou asistans pou pwopriyete a kòm aplikan ki verifye gras a metòd sa a paske ni FEMA, ni SBA valide rezidans legal nan kad pwosesis aplikasyon yo an.
- Aplikan ki pa gen yon Lisans Chofè ki konfòm ak REAL ID, Kat Idantite ki konfòm ak REAL ID, asistans FEMA IA oswa SBA, dwe soumèt dokiman ki annapre yo:
  - Kat Rezidans;
  - Ak de Nesans Ameriken (yo verifye ak yon ID gouvènman bay ki gen foto); oswa
  - Paspò Ameriken oswa Sètifika Natiralizasyon.

## 4.4 Prèv Tit Pwopriyetè, Moun k ap viv ladan ak Rezidans Prensipal

Mèt kay (yo) dwe posede epi ap viv nan pwopriyete a kòm rezidans prensipal yo apati dat 10 septanm 2017 la, ki se dat tanpèt alokasyon CDBG-DR sa a finanse a te kòmanse. Pwogram lan verifye rezidans prensipal ak kantite moun ki gen ladan pa mwayen yon egzansyon pwopriyete ki nan dosye taks sou pwopriyete yo jwenn nan minisipalite ki lye ak kay la depi lè tanpèt la.

Nan ka kote pa gen yon egzansyon sou pwopriyete, y ap itilize klasman sa a pou tabli kantite moun k ap viv nan kay la (tout dokimantasyon okipasyon yo dwe date depi lè tanpèt la, nan non mèt kay la, epi yo dwe refere a adrès pwopriyete ki te sibi domaj la). Pwopriyetè kay yo pral sètifye rezidans prensipal lè w ranpli Fòm Prensipal Sètifikasyon Rezidans Prensipal la plis youn nan bagay sa yo:

1. Kopi fakti dlo, elektrik, gaz, kat kredi oswa konpayi chèn televizyon. Fakti a dwe konfime ke yo te bay sèvis la nan lè tanpèt la te frape a epi li dwe sou non mèt kay la.
2. Kopi lèt FEMA ki montre peman yo te resevwa pou fè reparasyon nan kay la oswa kontni oswa dokiman asirans ki montre garanti kontni an nan non mèt kay la.
3. Lèt ki soti nan men founisè sèvis elektrik, gaz, konpayi chèn televizyon ak lòt founisè sèvis piblik. Lèt la dwe konfime ke yo te bay sèvis la nan lè tanpèt la te frape a epi li dwe sou non mèt kay la.

Yo ka prezante lòt dokiman kalifye yo bay HRRP pou konsiderasyon prèv moun k ap viv nan kay la oswa rezidans prensipal la, men yo pa garanti y ap aksepte lòt dokiman.

## 4.5 Sikonstans Espesyal ki Lye ak Moun k ap Viv nan Kay la

Eksepsyon ki annapre yo aplike nan kad sikonstans espesyal ki lye ak moun k ap viv nan kay la:

1. Manm sèvis militè aktif ki posede yon kay tanpèt la te andomaje nan yon konte oswa Kòd postal elijib men ki aktyèlman an sèvis lwen lakay yo oswa ki te an sèvis lwen lakay yo nan moman tanpèt la te frape a, elijb pou yo aplike.
2. Mèt Kay ki andikape akoz yon maladi ki posede yon kay tanpèt la te andomaje nan yon konte oswa Kòd postal elijib epi ki aktyèlman andikape oswa ki te andikape nan moman tanpèt la te frape a, elijb pou yo aplike. Si mèt kay la andikape aktyèlman la, yon reprezantan legal otorize dwe aplike pou avantaj mèt kay la.
3. Mèt Kay ki gen yon pwopriyete Ouragan Irma te andomaje ki nan yon konte oswa Kòd postal elijib ki te nan prizon nan moman tanpèt la te frape a men ki pa nan prizon ankò, elijb pou yo aplike pou pwogram lan. Si mèt kay la nan prizon nan moman aplikasyon an, mèt kay la dwe bay yon moun Pwokirasyon nan non li.
4. Mèt Kay ki te nan yon mezon retrèt nan moman tanpèt la te frape a men ki pa nan yon mezon retrèt ankò, elijb pou yo aplike pou pwogram lan. Si mèt kay la nan yon mezon retrèt nan moman aplikasyon an, mèt kay la dwe bay yon moun Pwokirasyon nan non li.

## 4.6 Tit Pwopriyetè

Mèt kay la (yo) dwe te mèt pwopriyete a nan moman dega te fèt nan dat 10 septanm 2017 la epi li dwe rete pwopriyetè aktyèl pwopriyete ki te sibi domaj la pou l ka elijib pou pwogram lan. Yo pral verifye tit pwopriyetè a pa mwayen dosye taks, rezilta rechèch sou tit pwopriyetè a oswa ak fòmalis garanti mèt kay la bay. Pwogram lan ka konsidere lòt dokiman kòm prèv selon chak ka patikilye.

## 4.7 Sikonstans Espesyal ki Lye ak Kalite Tit Pwopriyetè

Eksepsyon ki annapre yo ka aplike kòm sikonstans espesyal ki lye ak tit pwopriyetè:

### 4.7.1 Prè Ipotekè Envèse

Mèt Kay ki gen yon prè ipotekè envèse nan moman Ouragan Irma a elijib pou yo aplike.

### 4.7.2 Kontra Acha yo

Prèv kontra acha yo dwe pwouve ke yon mèt kay te achte yon kay nan yon kontra lè:

- Mèt kay la prezante kontra notarye a ki date epi yo te egzekite avan tanpèt la pou HRRP revise, oswa
- Mèt kay la prezante kontra notarye yo te egzekite ke yo te depoze nan rejis transfè konte a avan tanpèt la.

Yo kay bay prèv ke yo te konkli yon kontra epi yo te transfere tit pwopriyete a bay achtè a lè:

- Yo montre prèv anrejistreman tit pwopriyete a nan non mèt kay la nan rejis transfè konte a, ak
- Yon montre prèv ke yo te tranfere pwopriyete a pa mwayen yon ak fòmalis garanti.

### 4.7.3 Ak Don

Yon AK Don se yon fòm transfè pwopriyete san pa gen echanj oswa peman. Yon Ak Don dwe te fèt avan tanpèt la te frape a epi li dwe:

1. Alekri,
2. Gen temwen,
3. Notarye, epi
4. Anrejistre nan dosye piblik.

### 4.7.4 Fideyikomi

Pwopriyete yo kenbe nan yon fideyikomi pou benefisye moun fizik ka elijib pou asistans HRRP depi omwen youn nan moun k ap viv ladan nan moman tanpèt la te yon benefisyè aktyèl Fideyikomi an. Otorite fidisyè a dwe gen ladan kapasite pou afekte pwopriyete ki te sibi domaj la. Si otorite yon fidisyè pa gen ladan kapasite pou afekte pwopriyete ki te sibi domaj la, benefisyè yo ki gen yon enterè nan pwopriyete ki te sibi domaj la dwe siyen yon dokiman lavant ansanm ak Fidisyè a.

Dokiman ki annapre yo obligatwa pou konfime elijiblite:

1. Mèt kay la dwe bay yon kopi dokiman fideyikomi an
2. Dokiman fideyikomi an oswa yon rezime oswa ekstrè fideyikomi an dwe anrejistre nan rejis transfè konte kote pwopriyete ki te sibi domaj la sitiye a. Anrejistreman sa a ki nan rejis transfè konte kote pwopriyete ki te sibi domaj la sitiye a ka anrejistre apre tanpèt la si sa nesesè.

Fidisyè a (yo) dwe egzekite akò aplikab yo amwenske fideyikomi an distribiye pwopriyete a bay yon benefisyè, nan ka sa a, benefisyè k ap resevwa pwopriyete a dwe egzekite akò aplikab la epi viv nan rezidans lan apre yo bay asistans lan. Si pwopriyete a pa te sèvi kòm rezidans prensipal pou benefisyè aktyèl yo oswa fidisyè a, mèt kay la (yo) pa elijib pou asistans.

### 4.7.5 Lavi Imobilye

Yo ta dwe ankouraje aplikan ki nan yon sitiyasyon lavi imobilye pou aplike pou pwogram lan. Yon aplikan ki gen yon byen lavi ki valab sou pwopriyete ki domaje a kapab elijib pou asistans pwogram yo bay li tou okipe pwopriyete domaje a kòm rezidans prensipal li nan dat Siklòn Irma (10 septanm 2017). Nenpòt moun ki aplike dwe bay prèv pwopriyete imobilye ke yo reklame a yon fason pou yon aksyon egzekite, konfyans, volonte oswa lòt prèv dokimantè ki definitivman etabli egzistans lan nan pwopriyete imobilye yo reklame a ki te depoze anvan tanpèt la nan dosyenan dosye transpò komin nan. Pwogram nan pral revize prèv aplikan an bay nan byen nan lavi yo pou detèmine si dokiman an se ase pou rezon kalifikasyon pwogram lan. Eritye pa pral oblije egzekite akò sibvansyon ke yo bay la pou gen yon okipan ak byen lavi imobilye.

## 4.8 Lanmò Pwopriyetè Elijib k ap viv nan Kay la

Si mèt pwopriyete ki nan adrès ki te sibi domaj la te mouri apre 10 septanm 2017, mèt pwopriyete a ki mouri a dwe satisfè egzijans elijiblite yo jiska moman lanmò yo (sa vle di tit pwopriyetè nan moman tanpèt la, rezidans prensipal, taks yo). Yo pral atribiye tout egzijans revni anplis yo bay moun k ap viv nan kay la aktyèlman la (aplikan an). Yo pral baze detèminasyon revni an sou eritye yo lè y ap konfye avantaj pwogram lan yo.

Si mèt pwopriyete legal pwopriyete ki nan adrès ki te sibi domaj la te mouri avan tanpèt la, eritye k ap viv nan pwopriyete a dwe satisfè tout egzijans elijiblite yo eksepte pou tit pwopriyetè nan moman tanpèt la te frape a epi yo pral trete l pou asistans nan menm fason ak tout lòt mèt kay yo. Toutfwa, eritye a pral bezwen demontre reklamasyon legal tit pwopriyetè pwopriyete a antanke eritye.

Si mèt kay la te mouri pandan konstriksyon an, eritye a pral responsab akò pwogram lan yo.

Se sèlman moun endividyèl ki ka aplike pou asistans; toutfwa yo ka konsidere antite legal yo tankou SARL yo, kòporasyon oswa biznis yo selon chak ka patikilye. Si yon pwopriyetè elijib k ap viv nan kay la mouri epi li kite pwopriyete ki te sibi domaj la bay yon antite biznis, aplikasyon an pa elijib pou asistans amwenske yo akòde yo yon eksepsyon.

# 4.9 Taks sou Pwopriyete yo

Mèt pwopriyete MHU ki sitiye sou tèren ki pa pou yo pral bezwen bay yon kopi akò lwaye oswa yon lèt ki soti nan men mèt pak kay mobil la/mèt tèren an ki deklare yo lwe tèren an pou yo ka pwouve yo gen dwa pou yo mete MHU a sou pwopriyete a.

Tout pwopriyetè kay yo dwe a jou sou taks pwopriyete yo, oswa a jou sou yon plan pemanlokalman apwouve atravè otorite taksasyon lokal yo, eksepte pou Inite Lojman Mobile / prefabrike (MHUs) ki sitiye sou tè ki pa posede. HRRP ap fè pwopriyetè kay la bay dokiman ki soti nan Biwo lokal Evalyasyon pwopriyete a oswa ka jwenn enfòmasyon sa yo elektwonikman nan men yon biwo lokal pèseptè taks la.

# 4.10 Pwosesis Retrè Volontè

Yon aplikan ka mande volontèman pou yo retire l nan pwogram nan nenpòt ki lè. Si yon aplikan chwazi pou you retire li apre konstriksyon an te kòmanse, aplikan an pral sijè a ranbousman fon pwogram lan depanse. Aplikan yo dwe dokimante demann pou retrè yo alekri oswa imèl. Ap itilize yon nòt detaye pou sipòte demann pou retire aplikan an. Tout aplikan ki chwazi pou yo retire yo pral voye yon lèt "Avi Konfimasyon Retrè", ki bay aplikan an yon opsyon pou anile demann li pou retire li. Si apre yo fin voye lèt la, aplikan an pa kontakte pwogram nan pou anile retrè a nan trant (30) jou, yo pral retire dosye a.

Si yon aplikan mande pou l retire nan pwogram lan, epi lajan pwogram lan te deja envesti nan pwopriyete ki domaje a, aplikan an pral responsab pou ranbousman tout lajan pwogram nan atravè yon pwosesis rekiperasyon.

Yo ka voye yon demann imel pou sòtitèt ou bay Espesyalis Admisyon Rebuild Florida aplikan an.

Ou ka voye yon demann alekri pou retire li bay Espesyalis aplikan Rebuild Florida Intake lan oswa dirèkteman bay FloridaCommerce pa lapòs Etazini bay:

Attention: Rebuild Florida Housing Repair and Replacement Program

Florida Department of Commerce

Division of Community Development

107 East Madison Street

Caldwell Building, MSC 400

Tallahassee, Florida 32399

Retrè nan Pwogram nan se final epi yo pa ka fè apèl.

# 4.11 Aplikasyon ki Pa Elijib yo

Kalite tit pwopriyetè ki annapre yo pa elijib pou asistans nan kad pwogram sa a:

1. Mèt Kay ki pèdi tit pwopriyetè kay yo akoz pwosedi sezi yo pa elijib pou asistans.
2. Moun yo jwenn ki pa respekte règleman FEMA yo, oswa ki pa reyisi konfòm ak egzijans Lwa sou Refòm Asirans Inondasyon Nasyonal la yo pa elijib pou asistans. Nonkonfòmite nan kontèks sa a vle di yon moun oswa plizyè moun ki pa te reyisi jwenn ak mentni asirans inondasyon apre li te resevwa finansman federal pou yon katastwòf ki te rive avan.
3. Mèt kay ki pa satisfè okenn lòt kritè elijiblite yo.

# 4.12 Egzijans Sètifikasyon pou Resevwa Asistans yo

Tout mèt kay yo dwe dakò ak kondisyon ki annapre yo pou yo ka resevwa asistans:

1. Otorize aksè pou tout enspektè pwogram lan yo ka evalye dega yo ki anndan ak deyò kay la. Si yo pa rive bay aksè a nenpòt pòsyon kay la, sa ka lakoz pwopriyete a pa elijib.
2. Siyen yon otorizasyon pou yo ka pataje enfòmasyon mèt kay (yo) bay yo ak ajans federal ak eta a yo ak sèten tyès pati pou yo ka verifye enfòmasyon yo bay pwogram lan. Li obligatwa pou mèt kay la ak tout moun nan fwaye a ki gen 18 tan oswa plis siyen otorizasyon an (amwenske youn nan mèt pwopriyete elijib k ap viv nan ka la yo te bay Pwokirasyon pou lòt la reprezante l, nan ka sa a, mèt pwopriyete elijib k ap viv nan kay la pa bezwen siyen otorizasyon an;
3. Dakò pou yo verifye estati tit pwopriyetè yo, kantite dega ki gen rapò ak katastwòf la ki gen nan kay la, ak asistans yo te resevwa.
4. Jire devan lalwa sou tout pèn ak temwayaj ke tout enfòmasyon yo bay pwogram lan yo kòrèk ak konplè.
5. Dakò pou yo sispann tout aktivite konstriksyon nan moman y aplike pou HRRP a.
6. Admèt ke yo dwe rekipere nenpòt avantaj yo te peye yo anplis.
7. Kontinye rete mèt pwopriyete jiskaske konstriksyon an fini.
8. Tout mèt kay yo dwe siyen yon seri dokiman pou yo ka resevwa asistans. Yo eksplike dokiman sa yo byen klè nan seksyon ki vin annapre yo ak nan dokiman legal yo egzekite nan moman y ap siyen lavant lan. Sa a gen ladan dokiman yo revize ki nesesè pou rekonèt chanjman apre lavant lan konkli. Si yo pa rive konfòm ak egzijans sa a, sa pral lakoz yo diskalifye mèt kay la nan pwogram lan epi fèmen dosye li. Si ta rive gen diskalifikasyon, epi yo te deja fin envesti fon yo nan pwopriyete mèt kay la, mèt kay la pral responsab pou yo ranbouse tout fon pwogram lan yo pa mwayen pwosesis rekiperasyon an. Ou ka wè materyèl enfòmasyon sou pwogram yo ak fòm aplikan yo nan www.rebuildflorida.gov.

# 4.13 Egzijans Elijiblite Revni

Tout mèt kay yo dwe satisfè kritè elijiblite revni an pou yo ka elijib pou asistans. Pou yo ka satisfè egzijans elijiblite sa a, mèt kay yo dwe se yon Fwaye ki gen Revni Fèb ak Modere (LMI) ki gen yon revni anyèl bri total ki pa plis pase 80% Revni Medyan Zòn lan (AMI), lè yo ajiste l selon kantite moun ki gen nan fanmi an, jan HUD pibliye chak ane.

Yo ka ede mèt kay yo ki gen revni ant 80,01% ak 120% AMI an lè pwogram lan prevwa ke li pral kapab satisfè ase oswa depase egzijans HUD preskri pou yo depanse omwen 70% fon pou rekiperasyon aprè katastwòf yo nan popilasyon LMI yo. Pwogram lan p ap ede okenn moun revni fwaye yo depase 120% AMI an.

Kalkil revni nan kad pwogram HRRP Rekonstwi Florid la gen ladan revni anyèl bri ajiste (AGI) pou tout manm fwaye a ki adilt, ki gen ladan lajan yo touche ak lajan sous asistans parèy tankou Sekirite Sosyal ak pansyon. Pwogram lan pral itilize limit revni HUD pibliye yo pou chak konte oswa zòn metwopolitèn estatistik pou detèmine elijiblite. Y ap baze revni fwaye a sou done revni anyèl fwaye daprè definisyon revni bri ajiste fòmilè 1040 IRS ki pi resan, jan yo verifye lè yo resevwa yon kopi fòmilè deklarasyon taks ki pi resan (yo) pou manm fwaye yo.

Pwogram lan pral itilize pwosesis la pou yo kalkile revni an jan HUD preskri, epi jan yo dekri nan paragraf ki annapre yo. Pwogram lan sètifye revni nan pwen kote yo bay ase dokimantasyon epi sètifikasyon an rete valid pandan ennan.

Yo p ap egzije resètifikasyon revni lè yon mèt kay te egzekite akò sibvansyon li an nan lespas ennan apati date sètifikasyon revni an. Pwogram lan dwe rekalkile epi resètifye revni an si yo poko egzekite akò sibvansyon an nan lespas ennan apati dat sètifikasyon revni orijinal la.

Pwogram lan ka kolekte ak analize dokimantasyon revni apwopriye pou manm fwaye yo pa mwayen verifikasyon ak sous dokimantasyon tyès pati lè sa nesesè. Pwosesis la ka gen ladan jwenn kopi fòmilè deklarasyon taks (yo) ki pi resan.

Mèt Kay ka yo pral bezwen sètifye si revni yo te chanje depi lè yo te bay enfòmasyon deklarasyon taks pi resan yo ou non. Si te gen yon chanjman ki fèt nan revni fwaye mèt kay la, pwogram lan ka pèmèt mèt kay la bay enfòmasyon anplis tankou talon chèk oswa lòt prèv pou yo verifye chanjman an. Dokiman ki ase nan sikonstans sa a gen ladan talon chèk pou twa dènye mwa ki sot pase yo oswa deklarasyon anplwayè w siyen ki di peman alè ak frekans peman an (konbyen fwa w touche lemwa), deklarasyon revni Sekirite Sosyal oswa pansyon ki pi resan yo ak nenpòt lòt dokimantasyon sous revni.

# 5.0 Avantaj Doub yo (DOB)

## 5.1 Apèsi

Mèt kay ki elijib yo te ka resevwa asistans deja nan men lòt sous pou reparasyon dega tanpèt la te fè nan pwopriyete yo a. Daprè egzijans Lwa sou Sekou ak Asistans Ijans Aprè Katastwòf Robert T. Stafford la (42 U.S.C. 5121, et seq.), jan HUD, FloridaCommerce, ak sou-benefisyè yo entèprete ak aplike yo a, FloridaCommerce dwe konsidere kèk èd mèt kay yo te resevwa lè y ap detèmine kantite asistans ya ka ba yo. FloridaCommerce pral swiv direktiv HUD preskri nan Gid pou Avantaj Doub yo jan yo ekri nan Rejis Federal, Vol. 84, No. 119, 20 jen 2019 la ak nenpòt lòt gid yo te ka pibliye apre. Sous ki annapre yo se sous asistans finansman yo te bay pou dega estriktirèl ak pèt ke yo konsidere kòm Avantaj Doub (DOB) epi daprè lalwa federal, yo **dwe** retire montan finansman sa yo nan asistans pwogram HRRP Rekonstwi Florid la ap bay la:

1. Asistans Endividyèl FEMA pou Estrikti a (IA),
2. Pwogram Asirans Inondasyon Nasyonal la (NFIP),
3. Asirans Prive,
4. Ogmantasyon Depans pou Konfòmite (ICC),
5. Administrasyon Ti Biznis (SBA)*,
6. Nenpòt lòt sous finansman ki disponib pou mèt kay la pou menm objektif ak yon sibvansyon CDBG-DR ki ka double asistans lan.

Fon yo resevwa nan men nenpòt sous ki gen ladan asirans inondasyon, FEMA ak asirans kont danje ke yo te itilize pou kouvri depans reparasyon k ap fèt nan kay mèt kay la pral redui kantite asistans apre katastwòf yo ka resevwa si prèv depans ki omwen egal a montan asistans sous la te bay la. Yo dwe bay dokiman ki montre depans ak kalite reparasyon yo te fè a.

Yo dwe remèt FloridaCommerce nenpòt fon anplis ke yo te peye benefisyè ki se mèt kay yo pou menm objektif ak asistans pou lojman pwogram HRRP a apre Eta a te fin fè reparasyon, reyabilitasyon oswa ranplasman inite lojman mèt kay la.

Atansyon: Nenpòt moun ki konnen yo fè fo reklamasyon oswa fo deklarasyon bay HUD gendwa sijè a sanksyon sivil oswa kriminèl daprè 18 U.S.C 287, 1001 ak 31 U.S.C. 3729.

## 5.2 Asistans Endividyèl FEMA (FEMA IA)

HRRP pral detèmine ak verifye sibvansyon FEMA AI a atravè baz done FEMA. Si HRRP pa kapab verifye montan sibvansyon FEMA AI yo te bay la pa mwayen baz done FEMA, HRRP pral itilize montan peman mèt kay la te bay nan moman aplikasyon an.

Si yon mèt kay ka bay dokiman ki montre ke montan sibvansyon FEMA AI yo jwenn nan baz done FEMA a gen ladan montan lajan ki pa gen rapò ak pèt estriktirèl yo, HRRP pral itilize dokiman mèt kay la bay yo pou ajiste montan peman sibvansyon FEMA AI yo te bay la. Dokiman mèt kay la bay yo dwe soti nan men FEMA epi y ap mete l nan dosye mèt kay la.

## 5.3 Asirans nan Pwogram Asirans Inondasyon Nasyonal (NFIP) FEMA

Yo ka retire nenpòt peman pou pèt ki te rive nan lojman yo pandan Ouragan Irma nan kad politik asirans NFIP yo nan montan mèt kay la elijib pou l resevwa. Yo p ap retire peman pou kontni oswa lòt depans yo nan prim mèt kay la, paske sa yo pa peman doub pou pèt estriktirèl. HRRP pral verifye peman yo lè yo revize enfòmasyon reklamasyon FEMA a oswa lè yo bay FEMA yon demann pou verifikasyon. Si yon mèt kay ka bay dokiman ki montre ke lajan asirans lan peye yo jwenn nan baz done FEMA gen ladan

atik ki pa gen rapò ak pèt estriktirèl yo, HRRP pral itilize dokiman mèt kay la bay yo pou ajiste peman asirans lan nan kalkil DOB a. Dokiman mèt kay la bay yo dwe soti nan men konpayi asirans ki te fè peman an epi y ap mete l nan dosye mèt kay la.

## 5.4 Ogmantasyon Depans pou Konfòmite (ICC)

Yo ka egzije estrikti ke yon inondasyon te andomaje pou yo satisfè kèk egzijans konstriksyon pou redui risk pou yo sibi dega inondasyon alavni avan yo ka repare oswa rekonstwi estrikti a. Pou ede peye pou depans sa yo, Pwogram Asirans Inondasyon Nasyonal la (NFIP) mete garanti Ogmantasyon Depans pou Konfòmite a pou tout nouvo Politik Asirans Inondasyon Estanda oswa sila yo renouvle yo. ICC ap yon avantaj doub si mèt estrikti a mande ranbousman oswa asistans anplis pou fè elvasyon, demolisyon, pwoteksyon kont inondasyon oswa demenajman—youn nan kat opsyon ki disponib nan kad ICC a—epi li te deja resevwa avantaj ICC a anba NFIP. Pwogram lan pral detèmine DOB konsènan fon ICC yo pou aktivite elvasyon ak/oswa demolisyon yo. Si HRRP pa kapab detèmine montan/oswa objektif lajan ICC yo te peye yo pa mwayen dokiman mèt kay la bay yo, FloridaCommerce pral chache enfòmasyon adisyonèl nan lòt sous serye ki gen ladan lòt pwogram gouvènmantal, ki gen ladan enfòmasyon dirèk ki disponib nan NFIP.

## 5.5 Asirans Prive

Y ap konsidere tout montan dedomajman asirans prive yo pou pèt ki genyen nan lojman yo kòm DOB epi yo ka lakoz yo redui montan asistans apre katastwòf moun ka resevwa.  Lajan asirans yo peye yo souvan repati an divès kategori ki ka kouvri depans pou kontni oswa estrikti kay la. Se sèlman lajan yo peye pou reparasyon, ranplasman, oswa rediksyon dega nan estrikti a k ap konte nan kalkil DOB a. Lajan asirans lan te peye pou kontni yo p ap konte nan kalkil DOB a.

Si HRRP pa an mezi pou verifye montan asirans prive nan reklamasyon pou peman ke pwopriyetè kay la bay, HRRP ap kontakte konpayi asirans mèt kay la. Si yon pwopriyetè kay kapab bay dokiman ki demontre ke montan asirans konpayi asirans yo bay la enkli atik ki pa kouvri nan evalyasyon kay la oswa ki pa peye pou kouvri pèt estriktirèl, HRRP ap itilize dokiman pwopriyetè kay la bay pou ajiste peman asirans prive a nan kalkil DOB la

Eliminasyon mwazisi (limon) pa konte nan evalyasyon kay la pou pèt estriktirèl pandan pwosedi ajisteman reklamasyon asirans yo. Kidonk, yo pa retire peman asirans lan peye pou kouvri eliminasyon mwazisi yo nan prim asistans finansman mèt kay la ap resevwa. Dokiman mèt kay la bay yo dwe soti nan men konpayi asirans ki te fè peman yo oswa yon òdonans yon pwosè administratif oswa tribinal ki nan jiriksyon konpetan te emèt.

## 5.6 Administrasyon Ti Biznis lan (SBA)

Jan sa dekri nan repetisyon HUD  Duplication of Benefits Guidance as written in Federal Register, Vol. 84, No. 119, June 20, 2019,, kantite lajan konplè  ki disponib nan yon prè SBA pou yon aplikan pou menm bi a kòm èd HRRP se asistans ki dwe enkli nan kalkil la DOB, sof si youn nan eksepsyon yo ki nan Seksyon V.B.2. nan 84 FR 28836 aplike. Yon prè SBA ki disponib lè li aksepte, sa vle di Moun ki prete a (aplikan) te siyen yon nòt oswa yon lòt dokiman prè ki pèmèt kreditè a (SBA) avanse resèt prè lajan an.

Prè SBA ke yo apwouve pou reparasyon domaj rezidans a ap konte kòm yon repetisyon benefis, eksepte nan sikonstans sa yo:

**Sibvansyon Prè Lajan yo refize.** Si yo apwouve pou yon prè pou yon aplikan (moun ki prete lajan), men li pa t 'egzekite yon akò prè (aplikan pat janm siyen dokiman prè yo resevwa prè  lajan an), yo pral konsidere montan prè te refize epi yo pap konsidere l kòm yon repetisyon nan benefis yo.

- Yo dwe dokimante prè yo refize yo nan done SBA yo nan konjonksyon avèk kominikasyon ekri nan men kreditè a (SBA).

**Sibvansyon Prè Lajan ki Anile.** Aplikan an ( moun ki prete lajan) te antre nan yon akò prè, men pou yon varyete de rezon, tout oswa yon pòsyon nan kantite lajan prè a pa te debouse epi li tou pa disponib ankò pou aplikan an. Anilasyon prè a ka akòz fòt moun ki mande prete lajan an, akò ant tou de pati yo pou anile pòsyon prè a , oswa ekspirasyon tèm nan pou ki prè a te disponib pou debousman. Montan prè a anile a se kantite lajan ki pa disponib ankò pou aplikan an. Si yon aplikan anile tout oswa yon pòsyon nan yon prè SBA ki gen rapò ak reparasyon nan kay la, se sèlman kantite lajan prè ki aksepte a kap konsidere kòm yon repetisyon nan benefis yo. Montan prè sibvansyone ki anile yo pa konsidere kòm yon DOB, men yo sijè a plis kondisyon. Aplikan yo pa ka pran aksyon pou retabli prè ki anile a oswa trase nenpòt kantite lajan prè adisyonèl.

Prè ki anile ke yo pat janm trase dwe dokimante atravè nan rejis done SBA ki demontre $ 0 pat sòti a ansanm ak kominikasyon ekri de kreditè a (SBA).

Prè ki anile ki te gen yon pòsyon nan prè le yo te retire, men rès la anile dwe verifye nan rejis done SBA a ansanm ak kominikasyon ekri nan men kreditè (SBA)a. Montan prè aktyèl la aksepte ap konsidere kòm yon repetisyon nan benefis yo.

**Kantite Prè lajan ke yo Aksepte, men pat Debouse.** Sitiyasyon sa a se menm jan ak prè anile, men pa gen okenn aksyon fòmèl ki te pran pa aplikan an (moun ki prete lajan) oswa ajans ki prete a (SBA) pou fòmèlman anile prè a. Yo pa konsidere kantite prè sibvansyone ki pa asepte yo konsidere kòm yon DOB, men yo sijè a plis kondisyon. Kantite lajan prè a pa dwe konsidere kòm yon DOB; sepandan, aplikan yo pa ka mande aprè pou yo retire nan pòsyon prè a ke yo pat debouse a.

Prè ke yo te aksepte men yo pat debouse ke yo pat jam retire dwe dokimante atravè done SBA pou demontre ke $ 0 pat retire nan konjonksyon avèk kominikasyon ekri nan men kreditè a (SBA).

Prè ke yo te aksepte men yo pat debouse ki te gen yon pòsyon nan prè a retire, men rès la pa janm debouse dwe verifye nan done yo SBA atravè konjonksyon avèk kominikasyon ekri nan men kreditè a (SBA). Montan prè ki debouse a dwe konsidere kòm yon repetisyon nan benefis yo.

Yon akò alekri ap obligatwa ant aplikan an ak HRRP a pou prè anile ak aksepte men ki prè SBA ki pat debouse. Yon aplikan dwe dakò, alekri, ke li oswa li pa pral pran okenn aksyon pou retabli yon prè anile SBA oswa pouswiv pwochen retrè nan nenpòt ki lajan ki pa debouse nan yon prè SBA.

Si sa nesesè, HRRP ap revize kalkil DOB yo retroaktivman pou l ka konsistan avèk règleman sa a yon fason pou ka adrese ka kote prè SBA te konte kòm DOB anvan asirans 84 FR 28836 ak 84FR 28848. Pli lwen, tout kalkil DOB nan lavni ap eskli prè SBA ki satisfè paramèt yo nan règleman sa a

## 5.7 Depans Admisib pou Reparasyon yo

Mèt kay ki te itilize avantaj yo te resevwa nan men asirans, SBA, ak FEMA oswa lòt sous pou fè reparasyon nan pwopriyete ki sibi domaj akoz Ouragan Irma epi ki ka dokimante depans sa yo, y ap ka retire montan verifyab nan depans sa yo nan evalyasyon DOB yo. Sa vle di, yo ka retire kantite lajan mèt kay la te depanse nan reparasyon elijib verifyab yo nan premye montan DOB HRRP te evalye a.

Mèt kay la pral bezwen dokimante reparasyon ki fèt nan kay la avèk resi yo ak foto yo. Yo dwe bay pwogram lan kopi tout resi ki ka sèvi kòm prèv reparasyon ki te fèt nan kay la pou dokimante depans ki elijib yo. HRRP ap aksepte otosètifikasyon lè y ap kalkile kantite lajan reparasyon yo te koute si mèt kay la pa gen tout resi yo ak tout prèv peman an pou dokimante pri total reparasyon yo te koute. Nan ka kote resi pou reparasyon ki fèt nan kay la yo pa konte tout reparasyon yo te fè yo, HRRP pral evalye reparasyon yo dokimante nan Otosètifikasyon Reparasyon yo epi detèmine valè reparasyon dega ki gen rapò ak tanpèt la yo koute pa mwayen yon Estimasyon Depans pou Reparasyon yo Konplete yo (CRE).

Pou otosètifikasyon, egzijans ki annapre yo aplike:

1. Mèt kay la dwe bay yon deklarasyon otosètifye li siyen ki dokimante, an detay, tout depans mendèv ak/oswa reparasyon yo te fè nan pwopriyete ki te sibi domaj la apre pasaj ouragan an.

2. Yon enspektè pwogram lan dwe detèmine avèk asirans rezonab, ke reparasyon yo te fèt apre dat ouragan te frape a.
3. Dokimantasyon, pa mwayen foto yo, ke yo te fè reparasyon yo.

# 5.8 Fwòd Kontraktyèl

Si yon mèt kay te yon viktim fwòd kontraktyèl, montan yo te peye kontraktè a p ap konte kòm DOB depi mèt kay la te pote plent nan yon rapò polis epi yo te fè tout efò posib pou yo rekipere fon yo avan dat aplikasyon an.

# 5.9 Ranbousman Prè Ipotekè Fòse

Si konpayi prè ipotekè yon mèt kay mete yon peman fòse sou lajan asirans lan peye yo, montan asirans lan ka pa konte kòm DOB. Nan ka sa yo, yo ka retire montan lajan HRRP verifye ke yo te itilize pou objektif sa a nan kalkil DOB a si gen dokiman apwopriye ki sipòte retrè a kòmsadwa. Dokiman sa yo dwe nan fòm yon lèt ki gen antèt konpayi prè ipotekè a epi ke yon reprezantan otorize konpayi prè ipotekè a siyen ki deklare mèt kay la te bezwen itilize fon asistans pou rekiperasyon apre katastwòf la pou yo ranbouse prè ipotekè yo a. HRRP pral tante verifye enfòmasyon sa a avèk konpayi prè ipotekè mèt kay la. Ranbousman prè ipotekè volontè, lè yo itilize lajan asirans peye yo, se yon DOB ki pral konte nan kalkil prim y ap bay yon mèt kay.

# 5.10 Frè Legal yo

Frè legal mèt kay la te peye pou l te ka reyisi jwenn lajan asirans lan ap konte kòm kredi epi y ap retire l nan kalkil DOB a. Mèt Kay yo pral bezwen bay prèv peman ak dokiman yon jijman oswa domaj ak enterè ki demontre ke mèt kay la te reyisi pwosè legal la. Tout lòt frè legal ke yon mèt kay te ka peye avèk nenpòt lajan asistans pou rekiperasyon apre katastwòf yo pral konte nan kalkil DOB yo a.

# 5.11 Deklarasyon Taks yo

Ajisteman fiskal ki fèt nan deklarasyon taks pèsonèl yo ki gen rapò ak pèt ki gen nan kay la p ap afekte atribisyon prim finansman asistans lan epi yo p ap konsidere yo kòm yon DOB. Mèt Kay yo dwe konsilte konsiltan taks pèsonèl yo pou yo chache gid konsènan nenpòt kesyon ki gen rapò ak taks.

# 5.12 Kalkil Montan Dekalaj DOB a

Y ap kalkile depans total yo dokimante pou reparasyon kay ki elijib an rapò ak Ouragan Irma a yo epi konsidere yo kòm kredi y ap bay mèt kay la. Yo ka retire nan montan DOB a depans lojman pwovizwa (lwaye, peman pou otèl, acha karavàn (RV), acha kay mobil, acha woulòt vwayaj) ki te fèt pandan kay ki te sibi domaj la pa abitab. Fòm dokimantasyon akseptab yo gen ladan:

1. Kopi tout resi ki ka sèvi kòm prèv reparasyon ki te fèt nan kay la.
2. Deklarasyon Otosètifikasyon ki bay detay sou depans reparasyon ki fèt nan kay la ak mendèv.
3. Rapò lapolis ak tout lòt dokimantasyon ki montre tantativ yo te fè pou rekipere fon yo, ke yo te depoze avan aplikasyon an, ki verifye fwòd kontraktyèl.
4. Fakti ki konfime frè legal ki asosye ak siksè koleksyon lajan asirans.
5. Lèt nan men konpayi prè ipotekè oswa labank mèt kay la pou konfime yon ranbousman oswa peman lajan dèt prè ipotekè fòse.

Nan ka kote resi pou reparasyon ki fèt nan kay la yo pa konte tout reparasyon yo te fè yo oswa fon yo te resevwa yo, HRRP pral evalye reparasyon yo dokimante nan Otosètifikasyon Reparasyon yo epi detèmine valè reparasyon dega yo ki gen rapò ak tanpèt la koute pa mwayen yon Estimasyon Depans pou Reparasyon yo Konplete yo (CRE). HRRP dwe revize deklarasyon otosètifikasyon mèt kay yo an tout detay pou yo detèmine:

1. Si yo ka detèmine nan fason rezonab ke reparasyon ki te fèt yo te rive apre ouragan te frape.
2. Yon valè rezonab depans reparasyon ki te fèt nan kay la koute (ki gen ladan mendèv posib).

Yo pral konpare valè reparasyon elijib yo ap koute, jan HRRP detèmine, ak montan total DOB a. Si montan DOB a plis pase montan depans reparasyon kay yo dokimante yo, kidonk y ap retire diferans ant de montan sa yo nan prim mèt kay la ap resevwa. Yo rele sa a yon diferans DOB.

Mèt Kay ki gen diferans DOB yo dwe finanse diferans lan pou yo ka fin fè konstriksyon an. Si yon mèt kay chwazi finanse yon diferans, mèt kay la dwe garanti finansman an avan lè pou yo siyen Akò Sibvansyon Mèt Kay la. Pwogram lan p ap ranbouse depans reparasyon yo te fè anplis ki te depase avantaj yo te resevwa avan yo.

# 5.13 Sibstitisyon

Sibstitisyon se yon doktrin legal ki pèmèt yon moun asime dwa yon lòt moun. Nan kontèks sibvansyon pou rekiperasyon aprè katastwòf yo, yon mèt kay dwe konkli yon akò sibstitisyon legal kote ajans k ap bay finansman an (FloridaCommerce) pral vin gen dwa pou yo kolekte nenpòt peman pou rekiperasyon aprè katastwòf oswa peman asirans ke mèt kay la resevwa pou dega Ouragan Irma te lakoz yo apre mèt pwopriyete a te konkli yon akò sibvansyon pou yo resevwa avantaj HRRP yo.

Mèt kay an dwe remèt oswa jistifye tout finansman doub yo resevwa, kèlkeswa lè mèt kay la te resevwa l la. Si mèt kay yo resevwa finansman adisyonèl pou menm objektif ak prim HRRP a (reparasyon pèmanan nan kay ki te sibi dega tanpèt la), menm si se ta apre yo te egzekite prim HRRP a oswa yo te fin fè konstriksyon an, li obligatwa pou mèt kay la rapòte finansman adisyonèl sa a bay pwogram lan.

Lè yo akspete prim lan, mèt kay yo dakò pou yo rapòte nenpòt fon doub yo resevwa bay pwogram lan kèlkeswa lè yo te resevwa l la. Apre yo resevwa yon rapò ke yo te resevwa avantaj adisyonèl, pwogram lan pral rekalkile prim mèt kay la epi y ap ba mèt kay yo enstriksyon pou fè yo konnen si y ap retire kantite sa a nan prim lan, oswa si mèt kay la dwe remèt pwogram lan kantite sa a kòm ranbousman (lè yo resevwa asistans adisyonèl la apre pwogram lan te deja vèse fon yo). Chak mèt kay pral konkli epi lye legalman pa mwayen yon akò sibsititisyon.

# 5.14 Domaj miltip-tanpèt

Akòz sipèpoze jeyografik tanpèt Hermine ak Matye an 2016 ak Irma an 2017, selon done Asistans Endividyèl (IA) Ajans Federal Jesyon Ijans (FEMA), gen moun ki te fè eksperyans domaj nan youn oswa toude evènman dezas yo. Anplis de sa, FloridaCommerce rekonèt ke gen pwopriyetè pwopriyete ki afekte nan tou de tanpèt yo ki ka anrejistre sèlman nan FEMA pou yon sèl evènman oswa ki ka pa anrejistre nan FEMA pou okenn nan evènman yo.

Lwa federal entèdi nenpòt moun ki resevwa lajan federal pou nenpòt ki pati nan yon pèt pou ki li te resevwa asistans finansye anba nenpòt ki lòt pwogram oswa nan asirans oswa nenpòt ki lòt sous. Lwa Robert T. Stafford sou Sekou ak Asistans pou Katastwòf, (42 U.S.C. 5121-5207), jan sa amande, (Lwa Stafford), ak Avi Rejis Federal, Vol. 76, No 221, Mèkredi, 16 Novanm 2011 prevwa ke yo ka bay finansman CDBG-DR sèlman nan limit kote li pa double finansman yo bay yon benefisyè pou menm objektif la. Pwopriyetè pwopriyete yo pa ka resevwa finansman nan tou de sous yo. **Pwopriyetè pwopriyete ki afekte nan de evènman tanpèt ka sèlman resevwa finansman nan yon pwogram.**

Paske FloridaCommerce responsab pou asire konfòmite avèk règleman federal ki gouvène finansman pwogram CDBG-DR Florida a, FloridaCommerce etabli yon pwosedi pou asire ke:

1. Okenn patisipan nan pwogram nan pa resevwa finansman nan kad pwogram Hermine / Matthew ak Irma; ak
2. Tout asistans anvan aplikab de asirans prive, Administrasyon Ti Biznis nan Etazini (SBA), FEMA, Pwogram Asirans Inondasyon Nasyonal (NFIP), Konfòmite Ogmantasyon Pri (ICC), ak tout lòt sous yo te byen konte pou kalkil prim yo.

Sa pral mande pou plis kowòdinasyon ant FloridaCommerce, sous-benefisyè yo ki administre pwogram lojman Hermine / Matthew ak pwogram Rebuild Florida - Siklòn Irma a.

Avi Rejis Federal yo pibliye nan mwa jen 2019 ki dekri aksyon yo pwopoze pou pran an chaj kopi benefis yo lè yon benefisyè viktim de katastwòf miltip yo konsistan avèk pwosedi sa a.

Pwosedi sa a aliyen ak avi Rejis Federal yo ki te pibliye nan mwa jen 2019 ki dekri konsiderasyon espesyal konsènan kopi benefis nan ka lè katastwòf miltip rive nan menm kote a, epi aplikan an pa te rekipere de premye dezas la nan moman yon dezyèm dezas.

## 5.14.1 Aplikan Irma yo

Si yon aplikan te resevwa doub benefis pou Siklòn Hermine ak Matthew epi li se yon aplikan aktif nan pwogram Rebuild Florida –- Siklòn Irma, lè sa a, yon Reprezantan Rebuild Florida dwe verifye ak ekip Lojman FloridaCommerce pou detèmine si aplikan Irma a te tou yon benefisyè nan Pwogram Hermine / Matthew. Si aplikan an se yon sou-benefisyè nan pwogram Hermine / Matye, lè sa a, yo pral retire aplikan nan pwogram Hermine / Matye sof si:

1. Pwogram Hermine / Matthew te deja kalifye yon sou-benefisyè pou yon prim ak refere pwopriyete a akizisyon konstriksyon nan moman sa a Reprezantan Rebuild Florida te eseye verifye patisipasyon sou-benefisyè a; apre sa, aplikan an pral diskalifye nan pwogram lojman Rebuild Florida– Siklòn Irma epi aplikasyon aplikan an ap fèmen.
2. Pwogram Hermine / Matthew te kalifye yon sou-benefisyè kòm kalifye ak aplikasyon an pa te refere yo bay akizisyon konstriksyon, lè sa a, sou-benefisyè a ap gen chwa fèmen oswa Rebuild Florida - Siklòn Irma oswa aplikasyon Matthew ak Hermine lan. Aplikan an ap gen 15 jou ouvrab (apati de dat premye notifikasyon Hermine / Matthew sou-benefisyè oswa Reprezantan Rebuild Florida) pou notifye tou de pwogram yo sou desizyon li.

## 5.14.2 Rebuild Florida – Aplikan Siklòn Irma ki te sibi domaj Hermine oswa Matthew tou

Aplikan yo nan pwogram nan Rekonstwi Florida ak domaj nan tou de Siklòn Hermine oswa Matye ak Irma pral sibi yon analiz de nivo. Aplikan an pral oblije siyen yon oto-sètifikasyon (Apendis F ki ateste youn nan senaryo sa yo:

1. Tout domaj Siklòn Hermine oswa Matye yo te repare epi fini anvan Siklòn Irma. Siklòn Irma te lakòz nouvo domaj.
2. Domaj Siklòn Hermine oswa Matye yo te pasyèlman repare ak enkonplè anvan Siklòn Irma. Siklòn Irma te lakòz domaj adisyonèl.
3. Reparasyon ki nesesè nan domaj Siklòn Hermine oswa Matye yo pa te inisye anvan domaj adisyonèl ki soti nan Siklòn Irma.

# 6.0 Enspeksyon ak Revizyon Anviwònmantal

## 6.1 Apèsi

Tout règleman federal yo konsènan acha, mendèv, estanda, revizyon anviwònmantal yo ki gen ladan egzijans sou penti a baz plon yo, aplike pou pwogram sa a. Aplikasyon an ka mande pou yo fè revizyon anplis a mezi y ap rezoud pwoblèm yo, sa ki ka pwolonje delè pwosesis revizyon an.

Pwogram lan fè yon enspeksyon dega yo sou plas apre finisman tout verifikasyon tyès pati HRRP egzije yo ansanm ak yon revizyon anviwònmantal. Li obligatwa pou yo fè revizyon anviwònmantal yo pou chak pwopriyete ke mèt kay la genyen ki elijib pou pwogram lan. Y ap avize mèt kay yo alekri nan etap soumisyon aplikasyon an pou yo sispann tout travay yo genyen ankou nan yon rezidans ki te sibi domaj jiskaske yo fin fè revizyon anviwònmantal la. Yo bay avi sa a nan seksyon akseptasyon an nan aplikasyon elektwonik lan. Mèt Kay ki pa sispann tout travay yo ka pa elijib pou pwogram lan. Enspektè pwogram lan dwe gen aksè konplè nan pwopriyete a pou l ka note nenpòt travay ki te kòmanse ak/oswa ki te fini.

## 6.2 Enspeksyon Inisyal ak Verifikasyon Dega

Jan yo dekri nan Rejis Federal, Vol. 83, No. 28, 9 fevriye 2018 la, tout amelyorasyon y ap fè nan pwopriyete dwe pou bezwen lojman ki pa satisfè Ouragan Irma te lakoz. Yo ka sèlman repare dega ki pa gen rapò ak ouragan yo nan estrikti ki gen dega ki gen rapò ak ouragan an tou. Yo dwe enspekte estrikti yo te konstwi avan 1978 yo pou danje penti abaz plon yo. Kote yo detekte danje sa yo, y ap avize mèt kay la (yo) epi y ap pran mezi kòmsadwa pou redui danje ki nan penti ki a baz plon yo.

Anplwaye pwogram lan pral vizite sit yo an pèsòn pou yo obsève ak anrejistre prezans dega tanpèt ki pa repare Ouragan Irma te lakoz yo, pou detèmine kantite dega ki genyen ak pou detèmine pri yo estime reyabilitasyon an ap koute. Mèt kay la pral bezwen la lè vizit sa yo ap fèt. Li obligatwa pou enspektè a enspekte anndan kay la pou l obsève ak anrejistre dega yo. Enspektè a pral note nenpòt enkyetid anviwònmantal ki gen sou sit la oswa ozanviwon l ki ka afekte evalyasyon an.

Estimasyon Pòte Travay la (SWE) ofri yon estimasyon dokimante atik pa atik pou dega yo obsève pandan yon vizit an pèsòn nan pwopriyete yon mèt kay ki fè konnen kantite materyo ak mendèv ki nesesè pou repare dega yo obsève yo. Yo kalkile SWE a lè yo itilize kategorizasyon ki defini nan Liv Pri Rekonstriksyon Nasyonal 2018 la epi yo enkòpore depans ki nesesè pou asire ke pwopriyete a satisfè Kòd Konstriksyon an, Kòd Entènasyonal pou Bilding Rezidansyèl la (IRC), ansanm ak satisfè HQS HUD preskri yo. SWE pa bay yon evalyasyon ki pran ankont yon ranplasman egzat kay orijinal mèt kay la. Kontrèman ak estimasyon asirans yo ki ka baze sou pri ranplasman an, evalyasyon SWE a baze sou nòm pou abitabilite debaz yo elabore pou pwogram lan ak sou pri endistri konstriksyon an elabore pou atik sa yo. Metodoloji yo itilize pou prepare SWE a se pou konte atik ki nan pòte sa yo ke yo ka konte, mezire oswa obsève. Yo p ap fè okenn tès destriktiv pandan pwosesis estimasyon an. Sa vle dega ki kache yo p ap konte pandan pwosesis sa a. Pa egzanp, yo p ap ka dekouvri dega foumi azèl ki dèyè yon mi pandan pwosesis estimasyon an si revètman mi an pa gen okenn pwoblèm.

## 6.3 Atik Elijib ak Atik ki Pa Elijib yo

Atik Ouragan Irma andomaje yo, tankou klimatizè, sistèm chofaj ak chofaj dlo yo elijib pou yo ranplase yo nan kad pwogram HRRP a. Aparèy elektwomenaje yo ak konpozan lojman ki pa entegral nan estrikti kay la epi ki pa esansyèl pou sante ak sekirite debaz, tankou machin a lave, sèch-lenj, ak pakin detache ak abri machin yo pa elijib pou yo ranplase yo nan kad pwogram HRRP a. Atik deliks yo ak atik ki gen yon kategori kalite ki pi wo pase estanda debaz yo, tankou kontwa an granit yo, pa elijib pou yo ranplase yo nan yon fason kote atik la menm jan ak sa ki te la avan.

Efektif 22 Mas 2021, atik ranplasman ki enpòtan nan reyabilitasyon oswa aktivite ranplasman kote pwospektis lokal yo, alyans yo, oswa lwa yo kalifye pou ranplase dapre HRRP a epi yo ka kouvri pa

Pwogram Rekonstriksyon ak Ranplasman Lojman Florida (HRRP) pou benefisyè aktif MHU yo. Pa egzanp, tout estrikti oksilyè, ki gen ladan - san yo pa - limite ak pakin machin pèmanan ak depo, yo pral evalye pou pri rezonab ak ki gen rapò ak alyans obligatwa oswa restriksyon aktyèl ki an plas pa pak MHU la oswa pwopriyete tè yo.

# 6.4 Revizyon Anviwònmantal

Pwogram nan pral fè yon Revizyon Anviwònmantal jeneral nan nivo pwogram Nivo I. Sa pral genyen ladan l kowòdinasyon ak ajans federal yo, ajans eta yo, ak ajans lokal kote sa aplikab yo. Epi tou, tout aplikasyon yo dwe pase yon verifikasyon (revizyon) anviwònmantal Nivo II pou chak espas ki obligatwa nan yon kad federal epi ki genyen ladan l yon lis verifikasyon règlemantè ki gen 15 atik revizyon obligatwa; gen kèk ladan yo nou konsidere ki pa aplikab selon kategori yo paske yo pa aplike ak pwojè a, tankou Akifè a Sous Inik yo. Kategori yo abòde nan Nivo I/Nivo II yo se: (1) Konsèvasyon Istorik, ki gen ladan l Biwo Konsèvasyon Istorik Eta a ak Revizyon Tribi ak Moniman Istorik Nasyonal yo; (2) Jesyon Inondasyon ak Asirans nan moman Inondasyon; (3) Marekaj; (4) Lwa sou Jesyon Zòn bò Lanmè yo; (5) Akifè a Sous Inik yo; (6) Lwa sou Espès ki an Danje; (7) Lwa sou Rivyè Sovaj ak Panoramik yo; (8) Kalite Lè a; (9) Lwa sou Règleman Pwoteksyon Tè Agrikòl yo; (10) Jistis nan kad Anviwònman; (11) Rediksyon ak Kontwòl Bri; (12) Anplasman Pwojè HUD Asiste ki Toupre Operasyon Danjere yo; (13) Pwodwi Chimik ak Gaz Toksik, Materyèl Danjere, Kontaminasyon, ak Sibstans Radyowaktif; (14) Zòn Lib nan Ayewopò ak Zòn Posibilite Aksidan yo; (15) Lwa sou Resous Baryè Pwoteksyon Bò Lanmè yo/Lwa pou Amelyorasyon Baryè Bò Lanmè yo. Se pwogram nan ki ap peye pou revizyon anviwònmantal la fèt. Yon revizyon pou chak anplasman oswa espas genyen ladan l yon revizyon sijè revizyon anviwònmantal HUD defini yo.

Pwoblèm yo idantifye atravè pwosesis revizyon anviwònman an, yo pral adrese yo epi nan kèk ka mezi rediksyon, y ap aplike yo swa anvan oswa pandan pwosesis konstriksyon an. Pwogram nan ka peye pou rediksyon pwoblèm yo idantifye pandan revizyon anviwònmantal lan tankou idantifikasyon LBP, si yo jije li se yon aktivite ki kalifye. Pwopriyetè kay yo pral resevwa tout notifikasyon obligatwa nan kad federal yo.

Revizyon anviwònmantal la se yon revizyon apa ki pa menm ak okenn lòt revizyon. Lòt revizyon anviwònmantal ki te fèt deja yo (oswa sa pwopriyetè kay fè yo) pa pral satisfè kondisyon pwogram nan men yo kapab pran yo an konsiderasyon nan pwosesis revizyon an. Si yo pa ka elimine yon kondisyon anviwònmantal sou pwopriyete yon pwopriyetè kay, pwopriyete a kapab pa kalifye pou asistans.

Pandan revizyon anviwònmantal lan, pwogram nan kapab detèmine akòz kondisyon anviwònmantal ekstrawòdinè yo, espas la pa posib pou reyabilitasyon, demolisyon, oswa rekonstriksyon. Nan ka sa yo, yo kapab detèmine pwopriyete a pa kalifye pou asistans..

# 6.5 Kondisyon pou Elevasyon

Dosye pwopriyetè kay yo evalye an detay pou detèmine egzijans elevasyon an. Faktè ki antre nan yon detèminasyon si wi ou non yo pral oblije elevasyon oubyen pa enkli lokasyon estrikti a nan yon plèn inondasyon, detèminasyon jiridiksyon lokal nan domaj sibstansyèl / amelyorasyon sibstansyèl (si sa disponib), ak benefis pou ki aplikan an ap kalifye ki baze kalite estrikti li. Pwogram lan pa pral angaje nan aktivite elevasyon kòm yon mezi otonòm ki pa konekte ak reparasyon domaj Irma yo.

Kay ki sibstansyèlman domaje, jan yo detèmine pa jiridiksyon lokal la, yo pral mande pou elevasyon pwogram gen de pye nan pi wo pase baz eleman inondasyon (BFE) kondisyon an oswa egzijans lokal la, kèlkeswa sa ki pi wo a. Kay ki pral sibstansyèlman amelyore pa pwogram nan, jan yo detèmine pa konpetans evalyasyon lokal la nan dimansyon pwogram pandan pwosesis ke yo pèmèt la, yo pral mande pou elevasyon nan pwogram de pye pi wo pase kondisyon BFE a oswa egzijans lokal yo, kèlkeswa sa ki pi wo.

Nenpòt dal sou konstriksyon de nivo yo ki mande elevasyon kòm yon rezilta nan detèminasyon domaj sibstansyèl / amelyorasyon jiridiksyon lokal la pral rekonstwi nan de pye anwo wotè elevasyon BFE a oswa egzijans lokal jiridiksyon, kèlkeswa sa ki pi wo kòm pwogram lan pa pral eseye elve yon estrikti dal sou konstriksyon.

Kay ak waf ak konstriksyon gwo bout bwa ki mande elevasyon kòm yon rezilta nan jiridiksyon lokal la nan detèminasyon domaj sibstansyèl / amelyorasyon yo pral elve nan de pye anwo wotè a elevasyon BFE a oswa egzijans lokal wotè jiridiksyon, kèlkeswa sa ki pi wo.

Ranplasman Inite Lojman Mobil / Prefabrike (MHU) ki egzije elevasyon anwo wotè enstalasyon estanda twa pye pral ranplase ak yon inite lojman modilè ki wo a de pi wo pase wotè elevasyon BFE a oswa egzijans wotè jiridiksyon lokal la , kèlkeswa sa ki pi wo, sof si MHU a se sou tè lwe, nan ka sa a demenajman MHU a andeyò plèn inondasyon an pral obligatwa.

## 6.5.1 Sètifika Elevasyon

Pwogram nan pral swiv règleman HUD yo pou asire tout estrikti, jan sa defini nan 44 CFR 59.1, ki fèt sitou pou itilizasyon rezidansyèl ak ki sitiye nan 1% anyèl la (oswa 100 ane) plèn inondasyon, ki resevwa asistans pou nouvo konstriksyon, reparasyon pou domaj konsiderab, oswa amelyorasyon sibstansyèl, jan sa defini nan 24 CFR 55.2 (b) (10), pral elve ak etaj ki pi ba, ki gen ladan sousòl la, omwen de pye anwo BFE la. Pwogram nan ap bay lòd sètifika elevasyon pou pwojè konstriksyon kote li nesesè pou konfòme li ak règleman HUD.

# 7.0 Detèminasyon Prim lan

Prim sibvansyon yo ka gen ladan depans pou pri siplemantè asosye yo tankou egzijans konstriksyon ak rediksyon dega ekolojik yo, elvasyon, asirans, chanjman aksesibilite pou moun adikape yo, reparasyon oswa ranplasman sistèm dlo, egou ak bezwen koneksyon sèvis piblik yo. Mezi ak amelyorasyon pou rann enèji vin nan pri abòdab k ap satisfè zonaj ak kòd lokal la, Nòm Kalite Lojman (HQS) obligatwa yo, espesyalman amelyorasyon ki ajoute rezistans amelyore tankou elvasyon konpozan elektrik prensipal yo, ansèklaj twati, ak lòt atik yo elijib tou. Revizyon anviwònmantal ak mezi korektiv obligatwa yo detèmine pou atik yo tankou rediksyon penti a baz plon, rediksyon amyant oswa lòt eleman nan kad mezi korektiv yo pral elijib.

Y ap mete elvasyon yo ladan pou mèt kay ki satisfè egzijans pwogram lan detèmine yo, ki gen ladan pwopriyete ki te sibi domaj sibstansyèl yo daprè egzijans plèn inondab yo apwouve onivo lokal yo.

Fòmil ki annapre a montre kòman pwogram lan pral kalkile prim yon mèt kay:

1. Idantifye Depans Reparasyon Elijib yo.
2. Idantifye tout Asistans Doub Potansyèl yo (DOB).
3. Retire Asistans yo Detèmine ki Asistans Doub yo (DOB).
4. Aplike pou Limit Prim lan ki se $350 000 ($650,000 nan Konte Monroe).
5. Konpare Kantite Prim yo Detèmine a ak Pri Rekonstriksyon ak Ranplasman Lojman Konparab pou detèmine si avantaj la pral yon rekonstriksyon, ranplasman oswa reyabilitasyon.

**Bezwen/Depans pou Reparasyon ki Elijib yo:** Pwogram lan pral detèmine yon estimasyon depans pou reparasyon elijib apati enfòmasyon yo jwenn nan enspeksyon an. Yo pral estime pri reparasyon an baze sou materyèl kategori estanda/ekonomi ak pri mendèv nòm endistri a yo.

**Kalkil Avantaj Doub Potansyèl yo:** Y ap kontabilize tout DOB a nèt nan moman y ap fè kalkil prim pou reparasyon an. Kontwòl DOB a pral fèt pandan revizyon dosye elijiblite yon mèt kay, avan egzekisyon Akò Sibvansyon an, epi ankò avan tretman dènye retrè fon yo.

Yo dwe kontabilize tout finansman DOB avan mèt kay la resevwa yon prim. Mèt Kay ki gen yon avantaj doub dwe mete tout finansman DOB a nan kont Finansman Diferans DOB pwogram lan.

*ECHANTIYON TABLO PRIM*

| **Enfòmasyon Pwogram nan** | |
|---|---|
| Revni nan kay la | |
| Manm nan kay la | |
| Pousantaj AMI | |
| Kalite Estrikti domaje | |
| % Domaj | |
| **Benefis** | |
| **Diplikasyon Benefis** | |
| FEMA IA | |

| | |
|---|---|
| SBA | |
| Asirans Pwopriyetè Kay | |
| Asirans Inondasyon | |
| ICC | |
| A Bi Non Likratif/Lòt | |
| Total Asistans Rekiperasyon Dezas | |
| **Aktivite Elijib ke yo Pèmèt yo** | |
| **Nivo Finansman DOB Obligatwa nan Fèmti** | |

# 7.1 Zewo Prim

Yon aplikan ka ranpli kondisyon pou kalifikasyon pwogram lan, men li pa kalifye pou yon prim. Se sa yo rekonèt kòm yon prim zero a. Yo idantifye yon dosye prim zewo tankou yon dosye kote aplikasyon an konplè Kopi Benefis (DOB) depase kantite lajan an prim kalifye (rès domaj Siklòn Irma a) pou yon reparasyon, rekonstriksyon, oswa benefis ranplasman.

# 7.2 Finansman Diferans DOB

Aplikan yo dwe bay rès finansman nesesè pou kouvri diferans nan depans pou konstriksyon yo si gen yon diferans nan finansman akoz yon Avantaj Doub (DOB). Y ap depoze fon mèt kay la bay anplis yo nan yon Kont Finansman Diferans DOB pou yo itilize pandan konstriksyon kay la. Mèt Kay yo pa ka itilize Finansman Diferans DOB a pou finanse aktivite konstriksyon tankou modènizasyon, espas y ap ajoute oswa lòt aktivite ki pa nesesè yo. Fon mèt kay la bay ke yo te depoze nan Kont Finansman Diferans DOB a pou DOB a pral konte nan limit plafon CDBG-DR yo ki dekri nan Pati 1, Seksyon 1.13 dokiman sa a. Y ap fè retrè tout fon ki soti nan Finansman Diferans DOB yo an premye, avan yo itilize fon pwogram lan yo.

Pral gen twa pwen kontwòl pou DOB ki pral fèt pandan dire pwosesis la: (1) pandan revizyon dosye elijiblite yon mèt kay la, epi (2) avan egzekisyon Akò Sibvansyon an.

## 7.2.1 Dat limit Finansman DOB Gap la

Fon DOB Gap yo dwe depoze nan Kont Finansman HRRP DOB Gap la anvan yo kòmanse aktivite konstriksyon yo. Tipikman, pwogram lan ap kolekte fon DOB Gap yo nan moman ekzekisyon akò sibvansyon, ke yo konnen tou kòm kloti sibvansyon. Sepandan, gen sitiyasyon kote lajan DOB Gap yo ka aksepte apre-fèmti. Yo ka mete yon dosye anatant pòs-fèmen jiska 90 jou pou pèmèt pwopriyetè kay yo remèt DOB espas espas HRRP la. Pa gen aktivite konstriksyon kika kòmanse tout otan yo depoze fon Finansman DOB Gap yo nan kont HRRP DOB Gap la . Yo pral Dosye mete yo nan yon sitiyasyon inaktif apre 90 jou yo fin ekspire.

# 7.3 Idantifikasyon Danje Penti a Baz Plon yo ak Amyant

Enspeksyon penti a baz plon an gen de avantaj: (1) depans pou mezi rediksyon yo konsiderab epi yo dwe konte yo nan estimasyon pri reparasyon an ap koute ak (2) danje pou sante rezidan yo, sitou timoun yo ak granmoun aje yo, ka grav. Si inite yo pral ede a te konstwi avan 1978, epi yo pral reyabilite l, y ap

teste pou prezans danje pousyè plon nan inite y ap ede a. Si genyen, y ap konte depans estabilizasyon, enkapsilasyon ak eliminasyon penti a baz plon an nan pri reyabolitasyon an. Pwojè ki se rekonstriksyon yo pral lakoz demolisyon ak anlèvman estrikti a, epi nan konswa y ap retire nenpòt danje plon potansyèl ki asosye ak estrikti a tou. Kidonk, yo p ap fè okenn tès pou penti a baz plon nan pwojè rekonstriksyon yo.

Règleman federal yo ki preskri pou amyant konsènan tès ak idantifikasyon amyant yo aplike pou "etablisman yo" jan yo defini nan règleman sa yo. Lojman inifamilyal ki pa nan kad definisyon sa a epi kidonk yo gen ezansyon egzijans tès ak idantifikasyon yo. Anplis de sa a, Eta Florid pa gen okenn egzijans pou nivo eta preskri pou tès amyant nan pwojè lojman yo. Toutfwa, estanda federal pou sante ak sekirite yo ak egzijans pou jesyon ak eliminasyon materyèl pou materyèl ki gen amyant yo ap toujou aplike nan faz konstriksyon an.

Pandan pwosesis revizyon anviwònmantal la, FloridaCommerce te kreye yon kondisyon espesyal pou nenpòt kay ke yo te konstwi avan 1989 ki endike ke yo ka bezwen fè tès. Piske se yon pwosesis ki chè anpil pou yo antreprann li kòm yon kondisyon jeneral pou reyabilitasyon lojman, pwogram lan te detèmine ke y ap antreprann aktivite tès pou amyant, rediksyon dega ak siveyans lè a sèlman lè aktivite reyabilitasyon ak rekonstriksyon yo pral afekte materyèl yo sispèk ki gen abestos yo (ACM).

Pou pwojè reyabilitasyon yo, kontraktè yo pral idantifye nenpòt ACM yo sispèk pandan konstriksyon an. Si yo idantifye ACM yo sispèk, kontraktè a pral bezwen sispann travay epi mande yon òdonans chanjman pou fè tès pou amyant. Si rezilta tès pou amyant yo konfime prezans ACM ke pwosesis reyabilitasyon an pral afekte, kontraktè a pral bay yon plan konfinman oswa rediksyon dega pou ankapsile oswa retire ACM lan annakò ak estanda sante ak sekirite apwopriye yo kòmsadwa. FloridaCommerce pral apwouve yon òdonans chanjman pou ogmantasyon nan pòte pwojè a pou kouvri travay konfinman oswa rediksyon dega a, ansanm ak depans pou kontwòl/netwayaj lè a.

Pou pwojè rekonstriksyon yo kote kay yo pral rekonstwi a te premye konstwi avan 1989, demolisyon kay la ak anlèvman debri bilding lan yo pral lakoz yo retire nenpòt ACM ki ta ka genyen. Kontraktè yo dwe swiv egzijans federal ki preskri pou sekirite travayè ak moun k ap viv nan kay la yo, ansanm ak jesyon ak eliminasyon materyèl yo.

## 7.4 Elaborasyon Pri pou Pwojè Reparasyon yo

Pou pwojè ki kalifye pou reyabilitasyon yo, HRRP pral elabore yon seri plan ki espesifik pou sit yo ak karakteristik presi yo pral itilize pou dekri pòte travay reparasyon an epi tabli kantite ak kalite materyèl yo pral itilize yo. Yo pral bay chema plan nivo ak plan twati kay ki la deja a sou dimansyon pou chak pwojè. Yo pral bay yon kont randi pòte a ki gen tout detay yo tou.

## 7.5 Ranplasman Inite Lojman Mobil/Fabrike yo (MHU)

Yo pral ranplase Inite Lojman Mobil/Fabrike (MHU) ki gen plis pase 5 an ak/oswa ki gen kantite reparasyon elijib ki vo plis pase $15 000 (ki gen ladan depans konstriksyon dirèk ak endirèk yo). Plan nivo estanda yo ki satisfè estanda pwogram lan yo pral disponib. Yo pral detèmine gwosè ak konfigirasyon chanm yo baze sou gwosè estrikti ki te sibi domaj la te ye.

### 7.5.1 Ranplasman Relokalizasyon MHU yo

Ranplasman Relokalizasyon MHU yo limite a aplikan ki gen MHU ki domaje ki sitiye sou pwopriyete lwe epi ki gen (1) mèt kay / pwopriyetè pwopriyete pa pral pèmèt pou yon ranplasman MHU yo dwe mete sou pwopriyete sa a oswa (2) pwopriyete lwe yo se nan yon plèn inondasyon ak yon elevasyon. ki egzije yon kay modilè olye de kay mobil. Demenajman yon MHU ranplasman limite a enstalasyon yon inite ranplasman ki andeyò yon inondasyon oswa Zòn Espesyal pou Danje Inondasyon (SFHA, oswa "plèn inondab") nan yon lakou kay mobil etabli oswa lòt tèren ki gen yon sòl plat oubyen enfrastrikti sèvis piblik ki egziste nan yon HUD oswa yon eta idantifye zòn ki pi afekte ak detrès yo.

Pwogram nan ap mande dokimantasyon ki etabli lakou nan kay mobil la oswa tèren ki egziste deja reponn ak kondisyon sèvis piblik yo. Yon aplikan ki founi lèt li recevwa nan men mèt kay la / pwopriyetè ki note espas lakou ki egziste deja ak sèvis piblik, lisans okipasyonèl, kopi fakti dlo ak sèvis piblik, oswa lòt pèmi ki bay pa jiridiksyon lokal la ka sèvi kòm dokiman verifikasyon ansanm ak foto nan sòl ki egziste deja ak lyen sèvis piblik. .

Si nouvo sit la sitiye nan yon lakou lakay mobil ki etabli, aplikan an dwe bay pwogram lan ak kopi alyans yo lakou la a ak restriksyon nan adisyon a dokiman ki endike anwo a.

## 7.5.2 Ranplasman Alyans ak Restriksyon MHU

Efektif 22 Mas 2021, atik ranplasman ki enpòtan nan reyabilitasyon oswa aktivite ranplasman kote pwospektis lokal yo, alyans yo, oswa lwa yo kalifye pou ranplase dapre HRRP a epi yo ka kouvri pa Pwogram Rekonstriksyon ak Ranplasman Lojman Florida (HRRP) pou benefisyè aktif MHU yo. Pa egzanp, tout estrikti oksilyè, ki gen ladan - san yo pa - limite ak pakin machin pèmanan ak depo, yo pral evalye pou pri rezonab ak ki gen rapò ak alyans obligatwa oswa restriksyon aktyèl ki an plas pa pak MHU la oswa pwopriyete tè yo.

### 7.5.2.1 Dosye Revizyon Anviwònman

Yo dwe ranpli yon Dosye Revizyon Anviwònman (ERR) sou sit orijinal ki domaje a ak nouvo sit la kote yo pral enstale inite ranplasman pou aplikan nan yon demenajman MHU. Se konsa, nan adisyon ak ERR ki komplete deja sou sit orijinal la ki domaje a, HRRP a pral fè yon revizyon anviwònmantal sou anpil nan lo ki fèk chwazi yo. Pou pwogram nan ka evalye nouvo kote a aplikan an dwe gen youn nan sa ki vin annapre yo: yon akò kontra-lwaye pou lwe tè oswa; yon akò pou kenbe tèren ki lwe oswa; yon akò acha / papye mèt tè nan plas nan nouvo kote a. Kopi kontra-lwaye, akò pou kenbe oswa dokiman komen yo dwe soumèt nan pwogram lan anvan yo planifye pwogram ERR a nan nouvo sit la.

### 7.5.2.2 Kondisyon pou nouvo lokal yo

Sit pou ranplase MHU a dwe swa yon lakou kay ki egziste deja ak enfrastrikti sèvis piblik pou enstalasyon MHU a oswa tè ak yon lakou ki egziste deja ak enfrastrikti sèvis piblik pou enstalasyon an MHU. Pwogram nan pa pral finanse okenn nouvo devlopman. Pou rezon sa a règleman, nouvo devlopman sit la gen ladan, men se pa sa sèlman:

- Netwaye sit la
- Lokasyon lokal la
- Preparasyon tèren
- enstalasyon Beton oswa lòt tip de sòl
- Enstalasyon enfrastrikti sèvis piblik ak egou

### 7.5.2.3 Elevasyon ak asirans inondasyon

Pwiske pwopriyete lwe oubyen posede a dwe lokalize deyò plèn inondasyon an pou ranplasman MHU a, pa gen okenn elevasyon oswa konsiderasyon asirans inondasyon adisyonèl ki nesesè pou konfòme yo avèk egzijans pwogram nan.

### 7.5.2.4 Estanda Gwosè Ranplasman MHU yo

Pwogram nan pral ranplase yon inite mobil kay yon sèl-lajè domaje pa yon modèl yon nouvo kalite inite mobil kay sèl-lajè, ak yon inite kay mobil doub-lajè domaje pa yon nouvo modèl inite kay mobil doub-lajè. Yon nouvo inite ranplasman defini kòm yon inite ke yo pat janm bay yon tit. Konfigirasyon inite yo ka konsidere sou yon baz ka-pa-ka.

Kay mobil domaje yo pral ranplase pa inite ki mezire pa pi piti pase 100 pye kare mwens pase dimansyon espesifye pwogram yo.

| Kouran konte genyen pwopriyetè kay la | Rebuild Florida Ranplasman | Kare Footage (plis pyès devan kay) | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | sèl lajè | | doub lajè | |
| | | Dimansyon | KF | Dimansyon | KF |
| 1Bd/1Ba;<br>1Bd/2Ba | 2Bd/2Ba<br>** 1Bd / 1Ba (625 SqFt) opsyon ki disponib sou yon baz ka-pa-ka, men 2Bd / 2Ba se default.* | 16' x 76' | 1216 | 28' x 60' | 1580 |
| 2Bd/2Ba;<br>2Bd/3Ba | 2Bd/2Ba | 16' x 76' | 1216 | 28' x 60' | 1580 |
| 3Bd/1Ba;<br>3Bd/2Ba | 3Bd/2Ba | 16' x 76' | 1216 | 28' x 60' | 1580 |
| 4Bd/1Ba;<br>4Bd;2Ba | 4Bd/2Ba | | | 28' x 72' | 1908 |
| 5Bd/2Ba;<br>5Bd/3Ba | 4Bd/2Ba<br>** 5Bd / 2Ba (1,775 SqFt) opsyon ki disponib sou yon baz ka-pa-ka, men 4Bd / 2Ba se default.* | | | 28' x 72' | 1908 |

### 7.5.2.5 Ranplasman Alyans ak Restriksyon MHU

Efektif 22 Mas 2021, atik ranplasman ki enpòtan nan reyabilitasyon oswa aktivite ranplasman kote pwospektis lokal yo, alyans yo, oswa lwa yo kalifye pou ranplase dapre HRRP a epi yo ka kouvri pa Pwogram Rekonstriksyon ak Ranplasman Lojman Florida (HRRP) pou benefisyè aktif MHU yo. Pa egzanp, tout estrikti oksilyè, ki gen ladan - san yo pa - limite ak pakin machin pèmanan ak depo, yo pral evalye pou pri rezonab ak ki gen rapò ak alyans obligatwa oswa restriksyon aktyèl ki an plas pa pak MHU la oswa pwopriyete tè yo.

Anplis de sa, atik sa yo se atik ranplasman ki kalifye:

- Pye bwa, gazon, ak ti pyebwa ka "ranplase" kòm atik tanporè ki te egziste anvan demolisyon
- Mach an beton yo kapab yon estrikti tanporè si Pwogram nan enstale mach an beton "pre-fòme"
- Koulwa  kay ak twotwa yo ka "repare" nan sa ki te egziste anvan demolisyon an
- Nan lòt mo, si demolisyon lakòz destriksyon nan yon pòsyon nan beton a, tankou dal an beton anba MHU a ki konekte ak antre kay la, pwogram lan pral repare sa ki te domaje pandan demolisyon
- Plent ka ranplase kòm estrikti tanporè

Detèminasyon Rekonstriksyon yo ak Chwa Plan an

Yo baze estimasyon rekonstriksyon yo sou sipèfisi total chanm elijib ki gen nan kay la yo. Yo jwenn valè sipèfisi total la ap koute apati yo estimasyon reparasyon an. Yo kreye l lè yo trase chema chanm estrikti a yo ki elijib pou fè reparasyon ladan yo. Pwosesis estimasyon reparasyon an pa fè chema pou tèras ki kouvri yo. Kidonk, y ap otomatikman retire yo ladan. Pwosesis estimasyon reparasyon an ap retire tou abri machin yo, estrikti detache yo oswa estrikti ki kole ak kay la pa mwayen yon pasrèl. Pwosesis la pral lakoz yo kalkile sipèfisi an pye kare ki elijib pou rekonstriksyon.

Efektif 22 Mas 2021, atik ranplasman ki enpòtan nan reyabilitasyon oswa aktivite ranplasman kote pwospektis lokal yo, alyans yo, oswa lwa yo kalifye pou ranplase dapre HRRP a epi yo ka kouvri pa Pwogram Rekonstriksyon ak Ranplasman Lojman Florida (HRRP) pou benefisyè aktif MHU yo. Pa egzanp, tout estrikti oksilyè, ki gen ladan - san yo pa - limite ak pakin machin pèmanan ak depo, yo pral evalye pou pri rezonab ak ki gen rapò ak alyans obligatwa oswa restriksyon aktyèl ki an plas pa pak MHU la oswa pwopriyete tè yo.

Pwogram lan pral itilize lojisyèl estimasyon ak dimansyon chanm ki elijib yo, sa pral depann de kalite chanm lan, pou yo elabore estimasyon pou yon ranplasman konparab. Estimasyon an pral gen ladan materyèl kategori estanda oswa materyèl fèb kalite yo epi y ap konte pou ranplasman ki menm jan ak sa ki te la avan an.

Estimasyon rekonstriksyon yo fèt pou tout kay yo epi se sèlman kalite estimasyon sa a yo fè lè yon kay pa an sekirite pou moun antre anndan l oswa yo te demoli l konplètman oswa yo demoli l pasyèlman. Y ap ajoute yon pri elvasyon separe, lè sa aplikab.

**Kondisyon ki Prezante Danje yo:** kondisyon ki prezante danje yo gen ladan men pa sèlman: estrikti ki gen mi sipò yo, poto yo, ak lòt eleman sipò ki te sibi domaj yo; estrikti ki gen odè endistriyèl oswa odè chimik ki santi fò yo oswa ki gen vapè k ap soti nan kay la, oswa estrikti otorite lokal la te make ki pa an sekirite pou moun antre anndan l. Si gen nenpòt nan kondisyon sa yo oswa kondisyon parèy yo, Evalyatè a kapab, apre l konsilte yon sipèvizè ak dokimante yo nan foto epi ekri yon deskripsyon, limite Evalyasyon an a yon estimasyon pou rekonstriksyon.

**Estrikti yo Demoli:** Si yo te demoli yon estrikti konplètman oswa yo demoli l pasyèlman, Evalyatè a ka fè yon estimasyon pou rekonstriksyon sèlman. Evalyatè a ap fè foto pou l dokimante kondisyon an epi mezire anprent lan ak sipèfisi ki elijib pou rekonstriksyon an. Si Evalyatè Dega a pa ka tabli sipèfisi ki elijib pou rekonstriksyon an (pa egzanp yon kay ki te detwi a 100% kote yo debarase fondasyon an), HRRP pral travay ak mèt kay la pou yo jwenn enfòmasyon ki manke yo nan nenpòt melanj opsyon ki annapre yo:

1. Dokiman estimasyon pri oswa dokiman lavant imobilye avan inondasyon an.
2. Enfòmasyon Evalyatè Pwopriyete Konte a.
3. Estimasyon asirans yo.
4. Foto yo.
5. Foto ayeryen yo.

Pwogram lan ka itilize lòt metòd yo apwouve pou tabli sipèfisi rekonstriksyon elijib la ak estimasyon rekonstriksyon an lè dokiman enspeksyon yo te fè an pèsòn nan sit la pa disponib. Yo dwe bay pwogram lan enfòmasyon yo te kolekte pou verifye sipèfisi an pye kare kay yo mezire apati lòt sous ki pa estimasyon yo te fè nan kay la. Koleksyon dokiman yo se prensipalman responsablite mèt kay la yo ye.

Pwogram lan ap pran desizyon final sou elijiblite yon mèt kay, epi, si l elijib, kalite estrikti ak sipèfisi an pye kare yo itilize pou kalkile sibvansyon an. Y ap baze sou fòmil ki annapre a pou detèmine si prim lan ap pou rekonstriksyon, ranplasman, oswa reparasyon:

- (Estimasyon Reparasyon/Estimasyon Rekonstriksyon) x 100 = pousantaj relatif pri reparasyon an konparezon ak pri rekonstriksyon

Valè Estimasyon Reparasyon ke yo itilize nan fòmil lan koresponn sèlman ak reparasyon debaz yo, pa gen okenn mezi rediksyon dega oswa rezistans. Si pousantaj relatif la mwenske 75% estimasyon debaz rekonstriksyon an, avantaj pwogram lan ap bay la ap pou reparasyon. Si pousantaj relatif dega a egal oswa plis pase 75% montan rekonstriksyon an, avantaj pwogram lan ap bay la ap pou rekonstriksyon oswa ranplasman.

Gen eksepsyon okazyonèl ki ka transfòme yon pwojè reparasyon vin tounen yon pwojè rekonstriksyon. Pa egzanp, nenpòt kondisyon konstriksyon enprevi yo idantifye apre egzekisyon akò sibvansyon an ka lakoz pri yon pwojè ogmante nan nivo oswa plis pase limit 75% an. Si konstriksyon an te deja kòmanse,

yo p ap rekalkile limit lan epi pwojè a ka kontinye kòm yon pwojè reparasyon. Toutfwa, si konstriksyon an potko kòmanse, yo ka reyegzamine limit lan, epi yo ka transfòme pwojè a vin tounen yon pwojè rekonstriksyon. Anplis de sa, yo ka transfòme estrikti ke yo te detèmine ki te sibi dega sibstansyèl yo oswa ke yon minisipalite gouvènan te kondane yo, oswa estrikti ke yo detèmine ki pa an sekirite pou anplwaye pwogram lan antre anndan l, vin tounen yon pwojè rekonstriksyon. Yo pral revize dosye ki satisfè nenpòt nan kritè ki ekri anwo a yo selon chak ka patikilye.

Pwogram lan pral ofri konsepsyon nouvo kay inifòmize pou pwojè rekonstriksyon yo. HRRP p ap bay konsepsyon kay pèsonalize. Pwogram lan pral detèmine ki gwosè plan nivo chak mèt kay ki mande pou fè rekonstriksyon ki elijib lè yo evalye sipèfisi an pye kare ki elijib pou estrikti orijinal ki te sibi domaj la. Pwogram lan pral konstwi kay la daprè nòm Kay ki Sètifye Energy Star ki aplikab pou Florid la. W ap jwenn plis enfòmasyon disponib nan: https://www.energystar.gov/newhomes/homes_prog_reqs/florida

## 7.6 Verifikasyon Travay yo bay kontraktè a ak Akò Konstriksyon an

Y ap asiyen Travay pou yo bay Kontraktè a bay yon kontraktè konstriksyon ki nan gwoup Kontraktè FloridaCommerce konn itilize yo ke yo te angaje pou sipòte efò konstriksyon ki gen rapò ak pwogram CDBG-DR yo. HRRP pral asiyen travay yo bay kontraktè yo baze sou metodoloji angajman oswa òf la. Chak pwojè reparasyon, rekonstriksyon oswa ranplasman inite lojman mobil/fabrike (MHU) pral bezwen konkli yon kontra oswa akò konstriksyon. Akò sa a pral tabli mezi pèfòmans yo pou asire konstriksyon yo fèt atan.

## 7.7 Dokiman yo pou Egzekisyon Kontra a

Mèt kay la pral siyen dokiman ki annapre yo nan moman egzekisyon kontra a.

1. Akò Sibvansyon Mèt Kay la
2. Akò pou mentni asirans inondasyon epi avize nouvo pwopriyetè yo (si l nan yon plèn inondab 100 tan),
3. Lèt Akseptasyon Prim lan,
4. Akò Sibstitisyon, ak
5. Nenpòt lòt dokiman HRRP egzije.

## 7.8 Avi pou Pouswiv

Y ap bay Avi pou Pouswiv la apre HRRP fin apwouve kontra a epi yo fin fè tout pwosedi afektasyon administrativ yo. Sa a se moman kote yo voye avi bay mèt kay la pou l kite kay la epi retire zafè l yo nan kay la (si sa nesesè), kontraktè a jwenn pèmi nesesè yo, epi yo fèmen sèvis piblik yo (si sa aplikab).

## 7.9 Avi pou Kòmanse Konstriksyon

Y ap remèt kontraktè a avi pou kòmanse konstriksyon an apre yo jwenn prèv yo te bay obligasyon yo, yo te jwenn pèmi yo epi yo te satisfè tout lòt kondisyon preparasyon sit la yo. Sa a pral konte kòm kòmansman peryòd pèfòmans kontraktyèl la pou konstriksyon an.

## 7.10 Egzijans yo pou Kontraktè a

1. Tout kontraktè yo pral genyen ak bay prèv yon politik responsablite jeneral ki anvigè ki egal a omwen montan tout kontra pwogram sa a akòde yo lè yo ajoute yo ansanm nan yon delè 10 jou ouvrab apati dat yo akòde yo kontra a. Si w pa fè sa yo ka mete fen nan kontra yo akòde w la.
2. Tout kontraktè yo dwe sekirize epi bay prèv pèfòmans ak peman obligasyon yo nan yon delè dis (10) jou ouvrab apati dat yo akòde yo kontra a. Si w pa fè sa yo ka mete fen nan kontra yo akòde w la.

3. Kontraktè yo pral responsab pou yo dokimante (alèd foto ak rapò ekri) nenpòt dega pwopriyete te sibi avan epi ki te la avan tanpèt la ke yo pa te mete nan pòte travay la.
4. Kontraktè yo ap responsab pou yo respekte Règ sou Plon nan Lojman Sekiritè (LSHR) HUD la, y ap jwenn nan 24 CFR Pati 35, Soupati B jiska M, ak, Règ pou Renovasyon, Reparasyon ak Penti EPA a (RRP), nan 40 CFR Pati 745; ak tout lòt règ ak règleman aplikab yo. Li obligatwa pou sit pwojè yo konplètman konfòm ak tout règ yo toutan.
5. Tout konpayi k ap fè, ofri oswa reklame pou fè renovasyon yo pou dedomajman nan lojman sible yo dwe respekte Règ RRP EPA a ak Règ sou Edikasyon sou Plon Avan Renovasyon EPA a (Lead-Pre). W ap jwenn egzijans reglemantè sa yo nan 40 CFR Part 745 Subpart E – Residential Property Renovation. Sa vle di, EPA dwe sètifye tout kontraktè jeneral yo k ap patisipe nan pwogram rekiperasyon aprè katastwòf sa a. Anplis de sa, tout moun k ap fè travay renovasyon nan non konpayi a dwe se renovatè sètifye.
6. Kontraktè a pral responsab pou l detèmine bezwen sèvis piblik yo, bay enstalasyon sanitè, ekipman k ap fonksyone an tout sekirite sou sit la epi jwenn tout pèmi obligatwa yo.
7. Kontraktè yo pa dwe deranje sit la avan yo resevwa avi pou kòmanse konstriksyon an.
8. Apre yo fin fè travay la, pwopriyete a dwe satisfè estanda konstriksyon aplikab pwogram lan yo.
9. Tout travay kontraktè a fè pral garanti pou peryòd ki annapre la yo:
10. 1 an – garanti jeneral pou reparasyon ki fèt nan kay la;
11. 2 zan – garanti pou aparèy elektrik, plonbri ak mekanik (si yo te fè travay sa a); epi
12. 10 zan – garanti estriktirèl (si yo te fè travay estriktirèl).

Pandan peryòd yo presize nan garanti a, soti nan moman dènye enspeksyon an, aplikan yo ede a ka bezwen mande kontraktè a korije erè oswa pwoblèm ki rive apati travay yo te fè nan kad kontra sa a. Si kontraktè a pa reyisi fè sa a, aplikan yo ede a ka pran nenpòt rekou ki nesesè lè yo kontakte HRRP. Y ap bay yon kantite tan rezonab pou yo vin korije pwoblèm lan; toutfwa, yo pa dwe pran plis pase de semèn pou yo reponn nan okenn ka.

# 8.0 Konstriksyon

## 8.1 Apèsi

Yo defini **Reparasyon** kòm reparasyon oswa renovasyon ki pa ijan k ap fèt nan yon sipèfisi oswa pòsyon presi limite nan yon estrikti lojman. Yo pral defini reparasyon tou kòm lè yo rann pòsyon pwopriyete a yo reyabilite a konfòm ak kòd konstriksyon lokal yo, ak lè tout estrikti a vin konfòm ak Estanda Minimòm pou Pwopriyete HUD yo (MPS) (oswa Kòd Konstriksyon ki aplikab y ap fè respekte a) ak Estanda Kalite Lojman yo (HQS), ki gen ladan konfòmite ak Seksyon 31 Lwa Federal sou Kontwòl ak Prevansyon Dife 1974 la ak kòd ak nòm konstriksyon lokal yo.

Tout estrikti a dwe konfòm tou ak estanda minimòm pou pwopriyete (MPS) pwogram lan te tabli yo, ki baze sou Estanda Lojman Kalite HUD yo, Kòd Bilding Ekolojik Florid la (kote sa aplikab), Lis Verifikasyon Renovasyon Bilding Ekolojik HUD la (kote sa aplikab), ak tout egzijans kòd eta ak lokal yo.

Reparasyon an pral sèlman pou estrikti konvansyonèl yo ak estrikti modilè ke yo te jije reparasyon yo ap fezab oswa Inite Lojman Mobil/Fabrike (MHU) yo ki gen mwenske senkan epi ki genpòte travay k ap koute mwenske $15 000 (lè yo melanje depans dirèk ak endirèk yo) ki nesesè pou mete pwopriyete a nan nivo estanda konstriksyon pwogram lan.

Yo pral defini **Rekonstriksyon** kòm demolisyon, anlèvman ak eliminasyon yon bwa-bati estrikti lojman ki la deja ak rekonstriksyon bwa-bati estrikti sa a sou menm anplasman an, epi nan menm anprent lan, avèk yon nouvo inite ki konfòm ak Kòd Rezidansyèl Entènasyonal yo (IRC), jan Kòd Konstriksyon Florid la egzije a. Kantite inite ki sou anplasman an gendwa pa ogmante epi sipèfisi an pye kare total orijinal la, estrikti rezidans prensipal yo pral rekonstwi a gendwa pa twò depase, tout fwa a, kantite chanm ki gen nan inite a ka ogmante oswa redui. Bwa-bati estrikti lojman ki egzije rekonstriksyon yo pral rekonstwi kòm bwa-bati lojman.

**Ranplasman** se demolisyon ak retire yon modilè oswa mobil / fabrike inite lojman (MHU) ki te swiv pa ranplasman inite sa a nan anpil menm anprint tankou inite orijinal la domaje. Pwopriyetè kay MHU ki kalifye yo sou tè lwe pou lontan ka deplase MHU ranplasman an nan yon nouvo kote, sijè a règleman pwogram lan. Demenajman yon nouvo MHU pral mande pou yon revizyon anviwònman anplis. Kay modilè ki bezwen ranplasman yo pral ranplase ak yon estrikti lojman modilè. MHUs ki gen plis pase 5 an oswa ki gen yon pri reparasyon estime ki depase $ 15,000 pral ranplase ak yon lòt MHU oswa estrikti lojman modilè.

Y ap fè **Elvasyon** yo pa mwayen konstriksyon pilye ak poto. Li p ap elijib pou ranpli (ak debri/materyo) pou ka atenn wotè elvasyon apwopriye a.

## 8.2 Nòm Konstriksyon Kay Rezistan yo

Jan yo tabli nan Seksyon 1.15 lan, FloridaCommerce te adopte mezi rezistans ak rediksyon dega sou fòm Nòm Konstriksyon Kay Rezistan yo pou plis vanse alafwa objektif HUD ak Florid genyen pou ogmante rezistans kont katastwòf alavni. Finansman CDBG-DR la otorize kalite aktivite sa a dekonsè ak reparasyon rès dega tanpèt la te lakoz yo.

Premye opsyon an se yon sistèm twati. Si twati ki la deja te andomaje akoz Ouragan Irma epi dega depase 20% reparasyon maksimòm lan, kidonk Pwogram lan pral bay finansman pou yo retire ak ranplase tout twati a, papye fet, ak platelaj twati. Yo pral chwazi nouvo materyèl bado ak papye fet yo annakò ak kòd konstriksyon ki anvigè nan Florid la, epi yo pral ranplase platelaj twati a avèk yon revètman baryè reyonan, jan yo preskri nan Lis Verifikasyon Renovasyon Bilding Ekolojik CPD HUD la, epi y ap enstale l annakò ak kòd konstriksyon ki anvigè nan Florid la. Anplis, y ap enstale sang anti-ouragan yo annakò ak kòd konstriksyon ki anvigè nan Florid la.

Dezyèm opsyon an se yon sistèm fenèt ak pòt eksteryè. Li obligatwa pou estrikti ki la deja gen dega yo konfime se Ouragan Irma ki te lakoz yo, epi si li te konstwi avan 2003 lè yo te adopte itilizasyon jeneralize pwodui koup-van toupatou nan eta Florid la, kay la ka elijib pou sistèm fenèt ak pòt eksteryè rezistan. Materyo fenèt eksteryè yo pral sètifye ENERGY STAR®, annakò ak Lis Verifikasyon Renovasyon Bilding Ekolojik CPD HUD la, ansanm ak vitraj feyte ki rezistan a chòk, tout dwe annakò ak kòd konstriksyon ki anvigè nan Florid la. Yo pral enstale tout nouvo fenèt an vinil yo anndan kad fenèt ki la deja, pou elimine destriksyon ki fèt nan finisyon ki anndan ak deyò yo. Materyo pòt eksteryè yo dwe an tip pano ki gen izolasyon metal, annakò ak kòd konstriksyon ki anvigè nan Florid la, ki gen ladan nouvo seri deyò yo. Yo pral ranplase tout pòt eksteryè koulisant an vit yo ak pòt koulisant vinil ki gen Low-E (degajman fèb) ak vitraj feyte ki rezistan a chòk. Si sa aplikab, yon pòt pakin ap elijib pou yo ranplase l avèk yon nou pòt ki rezistan a chòk, ki gen ladan pòt baskilant lan, ray pòt, materyèl, ak bite kont move tan ki akote ak anlè. Dispozitif otomatik pou ouvri pòt pakin lan pa elijib nan kad Pwogram lan.

Akòz mank ekipman ki te koze pa demann sou mache nasyonal la, pandemi COVID-19 la, ak lòt faktè andeyò kontwòl Pwogram nan, te gen gwo reta nan jwenn atik RHCS yo ki define nan kad opsyon rezistans ak mitigasyon HUD la. Akoz mank ekipman yo, e pou asire pifò aplikan yo kapab fini kay yo pi vit, pwogram nan pral retire atik RHCS yo nan tout domèn travay yo apre 27 septanm 2021.

## 8.3 Deranjman Penti ki a Baz Plon ak Rediksyon Dega

Kontraktè yo dwe asire egzijans minimòm ki annapre yo satisfè toutan:

1. Tout sit yo pwòp epi yo mete kouvèti pwotektè kote règleman aplikab yo egzije yo pandan renovasyon an, espesyalman kote aktivite deranjan penti yo ap fèt.
2. Tout travayè ki sou sit la yo dwe gen sètifikasyon apwopriye sou yo lè yo sou sit la.
3. Li obligatwa pou sètifika Renovatè Prensipal la sou sit la toutan depi nan kòmansman renovasyon an jiskaske yo fin retire tout plon an nèt.
4. Asire yo itilize teknik apwopriye lè y ap fè travay deranjman penti yo kòmsadwa.
5. Ominimòm, li obligatwa pou yo poste de atik ki annapre yo toutan kote nenpòt moun k ap apwoche nan sit la ak tout travayè yo ka wè yo byen klè jiskaske yo fin retire tout plon an nèt:
   A. Pano afich avètisman RRP Ajans pou Pwoteksyon Anviwònmantal la (EPA) egzije yo an Anglè ak an Panyòl:




*Egzanp Afich yo*

   B. Pano afich avètisman sou plon Administrasyon Sekirite ak Sante nan Travay la (OSHA) egzije an Anglè ak an Panyòl:



*Egzanp Afich yo*

Si kondisyon sit la pa konfòm, y ap bay yon òdonans pou sispann travay yo jiskaske yo rezoud tout pwoblèm yo epi anplwaye Pwogram lan verifye yo te rezoud yo. Dire tan pwojè a fè annatant lan pral konte lè y ap kalkile dire konstriksyon an epi y ap konsidere l kòm fòt kontraktè a. Y ap pran òdonans pou sispann tout travay la an konsiderasyon tou lè y ap detèmine afektasyon travay yo alavni ak patisipasyon yo nan pwojè alavni.

# 8.4 Enspeksyon Pwogrè Reparasyon ak Rekonstriksyon yo

Apre yo fin fè 50% Bilan Travay la, kontraktè a pral avize HRRP epi l ap mande pou fè enspeksyon 50% aktivite konstriksyon yo fin fè yo. Manadjè Pwojè Pwogram lan pral fè enspeksyon 50% travay ki fèt la pou evalye pwogrè kontraktè a, konfime ke kòd oswa nòm konstriksyon lokal yo satisfè epi verifye ke aktivite konstriksyon yo te fèt annakò ak Bilan Travay la. Si yo pa reyisi enspeksyon an, Kontraktè a dwe korije nenpòt erè epi mande pou yo refè enspeksyon an. Pou kontraktè a ka mande pou yo fè enspeksyon 50% travay ki fini an, yo dwe satisfè kondisyon ki annapre la yo:

- Bilding lan dwe nan yon eta "sèche", ki vle di fenèt yo, pòt yo, twati a ak revètman yo dwe deja an plas, kidonk y ap ka anpeche dlo antre anndan kay la.
- Yo dwe deja fè enstalasyon plonbri brit yo.
- Yo dwe deja fè enstalasyon koneksyon elektrik brit yo, ki gen ladan (men pa sèlman), enstalasyon bwatye priz yo, bwatye entèriptè yo ak enstalasyon bwatye kou-sikwi a.
- Yo pral fè enspeksyon 50% travay la daprè Estimasyon Pòte Travay (SWE) FloridaCommerce te bay la.

Lè yo fin pase enspeksyon an, ki gen ladan nenpòt otorizasyon anplis ki nesesè, kontraktè a ka soumèt yon pakè fakti pou 50% travay la pou atik yo fin fè yo ak tout dokiman ki nesesè yo. Lè yo fin fè revizyon pakè fakti pou 50% travay la epi li reyisi, yo pral bay kontraktè a peman, mwens yon retni garanti k ap 10%. HRRP ak kontraktè a ka egzonere enspeksyon ak peman pou 50% travay la, alekri, selon chak ka patikilye. Egzanp kote yo ka egzonere enspeksyon ak peman pou 50% travay la, gen ladan, men pa sèlman:

- Rediksyon risk ki ka menase nòm enspeksyon yo pou bay yon anviwònman desan, sanitè ak san danje.
- Pòte travay limite ki gen ladan prensipalman dega nan twati ak ti reparasyon piti yo.
- Efò pou akselere finisman pwojè a pou anpeche gen plis dega nan kay mèt kay la.

# 8.5 Enfòmasyon sou Enspeksyon ak Garanti pou Finisman Sibstansyèl

Yon fwa kontraktè a te fin fè tout aktivite konstriksyon ki dekri nan Bilan Travay la, kontraktè a pral mande yon Enspeksyon pou Finisman Sibstansyèl pou garanti ke tout travay yo te fin fèt nan fason satisfezan annakò ak kòd ak nòm eta ak lokal apwopriye yo kòmsadwa epi tout fòs aplikasyon kòd konstriksyon ak enspektè tyès pati yo te aksepte travay la, epi kay la satisfè tout Estanda Kalite Lojman HUD (HQS) yo jan yo preskri nan seksyon definisyon yo nan dokiman sa a. Mèt Kay la gen dwa pou l siyen Enspeksyon pou Finisman Sibstansyèl la; toutfwa, HRRP rezève dwa pou l egzonere siyati mèt kay la si HRRP jije tout reparasyon yo te fin fèt epi mèt kay la pran tan pou l siyen.

Pandan Enspeksyon pou Finisman Sibstansyèl la, Manadjè Pwojè FloridaCommerce a ak kontraktè a pral elabore yon lis verifikasyon travay la ki gen ladan yon lis atik ak enstriksyon ekri, k ap konte rès travay nesesè ki rete pou fini pwojè a. Lis verifikasyon travay la pral reprezante travay yo pa te fè nan fason satisfezan yo ak/oswa travay ki rete pou fèt yo, pa okenn travay anplis epi ki depase Bilan Travay orijinal la oswa modifye a. Lè yo fin prepare lis verifikasyon travay la, yo p ap atann kontraktè a fè okenn lòt travay apa ankò. Si lis verifikasyon travay la gen plis pase dis atik, kontraktè a dwe jije li poko prè pou enspeksyon epi yo bezwen refè enspeksyon an, kote yo pral prepare yon nouvo lis verifikasyon travay. Pou chak enspeksyon yo bezwen refè, y ap fè peye yon frè ki pa dwe plis pase $225. Kontraktè a dwe bay tout garanti yo avan enspektè a apwouve Enspeksyon pou Finisman Sibstansyèl la. Y ap fè foto pou yo ka dokimante travay la. Lè sa a, yo pral bay mèt kay la manyèl enstriksyon yo ak enfòmasyon sou garanti yo. Dènye vizit sou sit la yo konfime ke yo fin fè tout travay yo nèt epi enspektè yo ak/oswa tyès pati ki fè respekte kòd bilding yo te aksepte travay la, ki gen ladan tout atik ki nan lis verifikasyon travay la.

## 8.6 Enspeksyon yo Refè yo

Si HRRP ta remake gen okenn erè (yo) pandan enspeksyon 50% ak Enspeksyon Finisman Sibstansyèl la, y ap fè kontraktè konstriksyon an konnen erè a (yo) epi y ap bay yon rapò ekri sou sa yo jwenn yo. Lè kontraktè konstriksyon an fin korije erè a (yo), kontraktè konstriksyon an ka mande pou yo refè enspeksyon an nan yon delè ki pa pita pase 48 èdtan apre demann lan. Yo pral fè peye yon frè enspeksyon yo refè, nan yon montan ki pa plis pase $225 pou chak enspeksyon yo refè, epi se kontraktè konstriksyon an k ap responsab pou peye frè sa a.

## 8.7 Òdonans Chanjman yo

Kontraktè a pral soumèt yon Lòd Chanjman ki gen ladan yon deskripsyon detaye sou travay ki nesesè, ki gen ladan kantite ak kote, pri a nan travay sa yo, ak tan ki nesesè pou travay sa yo dwe reyalize HRRP nan senaryo sa yo:

- Kote plis travay nesesè pou fè reparasyon; oswa
- Pou korije kondisyon enprevi oswa danjere; oswa
- Pou mete dimansyon Estanda Konstriksyon Kay Rezistan; oswa
- Pou bay yon lòd sispann travay

Pwogram nan pa chaje Depans anlè ak pwofi (O&P) pou aktivite kote O&P pa elijib. An tèm de travay ak materyèl, O&P elijib. Pwogram nan rekonèt lòd chanjman yo soumèt ak trete yo genyen atik liy aplikab ki pa enkli nan sijè ki abòde inisyal la epi yo ta kalifye pou O&P pou travay ak materyèl.

Amwenske yo detèmine gen yon danje pou sante ak sekirite imedya, yo pa dwe otorize fè okenn travay jiskaske HRRP bay akò yo alekri pou travay yo fèt. Y ap revize tout Òdonans Chanjman yo pou elijiblite ak pou si pri a rezonab jan yo preskri nan [2 CFR 200 Soupati E].

Kontraktè rezidansyèl yo pral soumèt yon Fòm Delè Chanjman FloridaCommerce ak Reta Konstriksyon nan sistèm dosye a ansanm ak dokiman sipò yo. Dokiman sipò yo ta dwe genyen yon dekonpozisyon espesifik atik liy detaye ki gen ladan kantite, inite mezi, ak depans ki gen ladan taks pou tout dimansyon adisyonèl nan travay yo dwe ranpli sou yon estrikti patikilye. Li obligatwa pou kontraktè Pwogram yo itilize lojisyèl estimasyon Xactimate pou sipòte lòd chanjman yo. Nan ka kote lis pri estimasyon pri Xactimate ki egziste deja a pa akomode kondisyon mache ki egziste deja yo, kontraktè yo gen dwa soumèt omwen twa (3) òf diferan pou sipòte depans ki depase pri estimasyon akseptab yo bay nan lis pri Xactimate la . Nan ka kote yo itilize opsyon 3+ òf la, frè akseptab pou atik liy yo ta pi ba nan twa (oswa plis) òf yo.

## 8.8 Metòd Peman/Fakti

Lè yo fin pase enspeksyon 50% an ak Enspeksyon pou Finisman Sibstansyèl la, ki gen ladan nenpòt otorizasyon anplis ki nesesè, kontraktè a pral soumèt fakti apwopriye ak tout dokiman nesesè yo bay HRRP kòmsadwa. Si kontraktè a gen kesyon oswa enkyetid konsènan fakti a, kontraktè a ka kontakte Manadjè Pwojè/Kontraktè Konstriksyon Prensipal la pou kesyon yo.

Fakti yo dwe gen ladan nimewo kontra a, nimewo bon kòmand lan, ak Nimewo Idantifikasyon Federal apwopriye a (FEID). HRRP ka egzije kontraktè a pou l bay nenpòt lòt enfòmasyon ke HRRP jije ki nesesè pou verifye ke yo te achte pwodui ak rann sèvis yo nan kad kontra a.

Kontraktè a dwe ranpli enfòmasyon pou pri tout atik yo. Yo dwe soumèt tout demann peman pou sèvis yo oswa depans yo avèk ase detay ladan yo pou yon avan verifikasyon ak yon apre verifikasyon annakò ak sou-seksyon 287.058(1)(a), Lwa Florid yo.

## 8.9 Responsablite Mèt Kay yo Pandan Konstriksyon an

HRRP p ap responsab pou byen mèt kay la genyen ki ka pèdi oswa andomaje pandan konstriksyon an. Mèt kay la dwe sekirize oswa demenaje tout byen pèsonèl yo genyen jiskaske yo fin fè travay konstriksyon an.

1. Lè yo fin siyen kontra a, mèt kay la pral gen yon delè 30 jou kalandè pou yo kite pwopriyete a epi mete nenpòt byen pèsonèl presye yo genyen ki ka andomaje pandan travay konstriksyon yo nan depo.
2. Mèt kay la dwe fè aranjman pou kontraktè kontriksyon yo k ap bay sèvis konstriksyon yo jwenn aksè a pwopriyete a. Si yo pa bay yon kontraktè konstriksyon k ap tante fè efò bòn fwa pou l fè reparasyon nesesè yo aksè rezonab epi atan, y ap retire mèt kay la nan pwogram lan.
3. Mèt kay la responsab pou sekirize tout byen ak zefè pèsonèl yo genyen yo. Se responsablite mèt kay la pou l deplase, mete nan depo epi sekirize tout byen pèsonèl yo genyen yo. Yo pral bay aplikan benefis ranplasman oswa rekonstriksyon an avèk yon sèl inite depo tanporè pou pwopriyetè kay la itilize
4. Pandan konstriksyon an, mèt kay la pa dwe entèfere nan zòn reparasyon yo epi yo dwe fè efò rezonab pou yo pa vini nan zòn konstriksyon an.
5. Yo dwe retire tout debri, veyikil ak bilding abandone ki poze danje pou sekirite ak/oswa pwoteksyon jan jiridiksyon lokal la oswa moun ki kalifye pou fè detèminasyon sa a detèmine avan konstriksyon an kòmanse. Mèt kay la dwe retire byen pèsonèl degrade yo genyen yo.
6. Mèt kay la dwe bay aksè a tout sèvis piblik yo genyen yo jan sa nesesè pou kontraktè konstriksyon an itilize pandan konstriksyon an.
7. Pwopriyetè kay la ap dakò pou li pa transfere posesyon pwopriyete a oswa nenpòt ki enterè nan pwopriyete a jiskaske reyabilitasyon, rekonstriksyon oswa ranplasman an te konplete.

# 9.0 Apre Konstriksyon

## 9.1 Apèsi

Nan pwogram lojman inifamilyal mèt yo ap viv ladan yo, travay apre konstriksyon an yo gen ladan: konfòmite ak peryòd kontwòl la, fèmti dosye, sibstitisyon ak rekiperasyon.

## 9.2 Kontwòl Peryòd Konfòmite

Nan pwogram Lojman Inifamilyal Mèt yo ap Viv Ladan yo, pa gen okenn peryòd abòdabilite ki preskri pou apre konstriksyon an. Kidonk, pa gen peryòd konfòmite apre konstriksyon.

## 9.3 Revizyon pou Fèmti

Lè yon fin peye kontraktè konstriksyon an tout peman yo, y ap vanse dosye a nan etap revizyon pou fèmti a. Revizyon pou Fèmti a se yon revizyon a plizyè volè ki lakoz yo fè yon verifikasyon dosye a okonplè, soti nan kòmansman rive nan fen an. Pwosesis verifikasyon an kòmanse onivo manadjè ka a, kote yo revize egzijans debaz konsènan dokimantasyon dosye a pou pwogram lan epi yo rasanble nenpòt lòt dokiman adisyonèl yo ka bezwen. Nan etap sa a, yo ap reverifye enfòmasyon sou Avantaj Doub aplikan an konparezon ak sous done federal yo pou detèmine si te gen nenpòt vèsman avantaj anplis ant pwen aplikan an te siyen akò prim lan ak lè konstriksyon an te fini an. Y ap dokimante si te gen yon chanjman ak montan nenpòt chanjman nan etap sa a.

Lè manadjè ka a fin fè premye revizyon soti nan kòmansman rive nan fen an, l ap voye dosye a bay ekip elijiblite ak DOB/VOB QA/QC a. Ekip Asirans/Kontwòl Kalite a (QA/QC) ka korije nenpòt pwoblèm ki gen nan dosye a, yo ka voye dosye a tounen bay jesyon ka pou yo travay sou li plis, oswa yo ka apwouve dosye a pou voye l bay FloridaCommerce pou yo fè dènye revizyon ak apwobasyon.

Ekip revizyon elijiblite FloridaCommerce a pral dènye pwen kontwòl nan wout pou fèmen dosye endividyèl yon aplikan. Ekip revizyon elijiblite FloridaCommerce a pral revize konklizyon manadjè ka ak ekip Asirans/Kontwòl Kalite (QA/QC) nan nivo ki pi ba yo. FloridaCommerce ka voye dosye a tounen pou yo travay sou li plis, yo ka voye dosye a pou sibstitisyon/rekiperasyon, oswa yo aksepte dosye a pou fèmti.

Atik y ap revize pou fèmti onivo jesyon ka ak premye nivo Asirans/Kontwòl Kalite (QA/QC) yo gen ladan dokiman pou pwouve ke dosye aplikan an konplè, tankou:

1. Elijiblite aplikan an (revni, tit pwopriyetè, moun k ap viv nan kay la, sitwayènte, elatriye.)
2. Elijiblite Pwopriyete a (lokalite, kalite estrikti a, lyen dega ak ouragan, rès bezwen ki pa satisfè)
3. Sètifikasyon Aplikan a yo (sispann travay, depliyan sou plon, asirans inondasyon, sibstitisyon, fwòd, elatriye)
4. Revizyon Anviwònmantal Nivo II Ajan Sètifikasyon an Siyen
5. Egzijans anviwònmantal ki gen rapò ak konstriksyon yo (evalyasyon pou risk plon, netwayaj, elvasyon, istorik, elatriye)
6. Si gen lokatè, dokimantasyon lokatè a ak URA ki genyen an
7. Ranpli revizyon souwogasyon pou detèmine si gen nenpòt nouvo avantaj ki pa kalkile nan chèk DOB orijinal la nan Detèminasyon Elijibilite.
8. Mesaj yo voye bay aplikan an
9. Dokimantasyon aplikan an (dokiman ranfò, akò sibvansyon, elatriye)
10. Dokimantasyon konstriksyon (rapò enspeksyon, òdonans chanjman, si pri a rezonab, elatriye)

Atik y ap revize pou fèmti onivo FloridaCommerce yo gen ladan dokiman pou pwouve, ominimòm:

1. Objektif Nasyonal
2. Aktivite Elijib
3. Verifikasyon konklizyon jesyon ka pou atik ki ekri anwo a yo
4. Verifikasyon ke yo te prelve peman diferans DOB yo avan finansman pwogram lan
5. Verifikasyon rekòmandasyon pou sibstitisyon yo
6. Kopi Dokiman Òf yo
7. Kopi Kontra Konstriksyon an
8. Kopi Òdonans Chanjman yo
9. Prèv Dènye Peman pou Konstriksyon an
10. Pwosesis apèl rekou yo te swiv, si sa aplikab
11. Kopi nenpòt plent yo te resevwa ak rezilta

# 9.4 Sibstitisyon

HRRP gen dwa pou kolekte nenpòt lòt rekiperasyon oswa peman asirans yon pwopriyetè ka resevwa pou domaj Irma apre pwopriyetè kay la te antre nan yon akò sibvansyon pou avantaj HRRP yo. Y ap fè aplikan yo konnen sa a nan etap aplikasyon an, pa mwayen rapèl pwogram lan yo epi lè y ap aksepte prim lan kote yo egzekite akò sibvansyon an. Nan kad pwosesis akò sibvansyon an, aplikan yo ap siyen yon akò sibstitisyon tou.

Si pandan pwosesis revizyon pou fèmti a, revizyon subrogasyona te jwenn ke yo te bay yon aplikan fon doub anplis, FloridaCommerce pral fè aplikan an konnen kantite finansman doub la ye. Lèt sa a pral gen ladan demann pou peman fon yo ke yo dwe sibstitiye bay pwogram lan. Aplikan an dwe soumèt fon sa yo bay FloridaCommerce pa mwayen chèk sètifye.

# 9.5 Rekiperasyon

FloridaCommerce ka depanse fon yo nan pwojè aplikan an yo kote aplikan an pa te reyisi mentni konfòmite a politik ak pwosedi pwogram lan yo. Nan kèk ka, FloridaCommerce ka an mezi pou l travay ak aplikan an pou yo fè aplikan retounen konfòm, men nan lòt ka, vyolasyon an pral lakoz diskalifikasyon. Si FloridaCommerce ta depanse fon yo nan pwojè aplikan an ki vin pa konfòm lan, epi yo pa ka pran mezi korektiv, aplikan an ka bezwen ranbouse FloridaCommerce finansman yo te depanse nan pwojè yo a. Yo rele sa a rekiperasyon finansman.

Yon egzanpde sikonstans ke yo repwann se si yon aplikan echwe nnan kanpe travay sou pwopriyete domaje a apre aplikasyon an, eksepte pou reparasyon ijans, pwojè aplikan an pral diskalifye. FloridaCommerce ka chache rekipere depans ki asosye avèk evalyasyon domaj la ak revizyon anviwònman an pou pwojè a, nan diskresyon FloridaCommerce a. Anplis de sa, si pandan pwosesis aplikasyon an, travay verifikasyon pwogram lan fè a dekouvri nenpòt fo enfòmasyon oswa enfòmasyon twonpez ki ta anpeche aplikan an vanse vè lavan si yo te bay enfòmasyon kòrèk la, FloridaCommerce ka chache, selon jijman l, restitisyon pou peye pou aktivite oswa depans administrativ ki lye ak tretman kontinyèl aplikasyon sa a.

# 9.6 Egzijans pou Asirans nan moman Inondasyon

Se responsablite HRRP a pou li enfòme pwopriyetè byen ki te resevwa asistans pou katastwòf atravè HRRP yo pou yo konnen yo dwe fè nenpòt moun k ap fè transfè konnen egzijans ki genyen pou yo jwenn epi konsève asirans pou inondasyon, epi pwopriyetè k ap transfere a ka pote responsabilite sou do l si li pa enfòme moun k ap achte a sou egzijans Federal li gen pou l toujou genyen yon asirans inondasyon ki valid tout tan. Règleman sa a, mete sou egzijans asirans inondasyon ki tabli nan Akò Sibvansyon Pwopriyetè Kay HRRP, konsènan egzijans asirans inondasyon ak devwa ki genyen pou enfòme pwochen

achtè yo ap fèt ann akò ak seksyon Nimewo 28 nan 'Federal Register Vol. 83' a ki endike “nan kad yon asirans inondasyon, yon pwopriyetè kay ki benefisye èd HUD pou yon pwopriyete ki nan Zòn Espesyal Danje Inondasyon (Special Flood Hazard Area, SFHA) dwe jwenn epi konsève asirans inondasyon nan montan ak dire Pwogram Nasyonal Asirans Inondasyon FEMA a rekòmande yo. Seksyon 102(a) nan Lwa 1973 sou Pwoteksyon kont Katastwòf Inondasyon (42 U.S.C. 4012a) egzije acha pwoteksyon asirans pou inondasyon pou tout pwopriyete HUD asiste nan kad SFHA an."

Apre konstriksyon an fin fèt, Pwogram nan pral enfòme pwopriyetè kay la pou l esplike l devwa li genyen pou l toujou genyen asirans inondasyon li valid tout tan pou estrikti ki repare oswa ranplase an ansanm ak devwa li genyen pou l enfòme nenpòt pwopriyetè potansyèl alavni sou egzijans y ap genyen pou yo toujou konsève asirans inondasyon yo.

# Apèndis

## Apèndis A: Plan Piblisite Favorab

Pwogram lan pran angajman pou l fè vanse lojman ekitab nan fason favorab pa mwayen politik piblisite favorab y ap tabli yo. Efò pibilisite favorab pou finansman pou rekiperasyon aprè katastwòf yo pral gen ladan efò ki annapre yo:

1. Plan Piblisite Favorab sa a, ki baze sou règleman Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini an (HUD), dekri politik ak pwosedi pou aktivite lojman yo. Yo tabli pwosedi yo pou fè piblisite nan fason favorab pou inite y ap finanse pa mwayen pwogram lan. Pwosedi yo kouvri difizyon enfòmasyon, asistans teknik yo bay mèt kay yo, jesyon pwojè a, egzijans rapò yo ak revizyon pwojè a.
2. Objektif la se pou asire ke moun ki elijib yo ki soti nan tout gwoup ak popilasyon ke ras, etnisite, peyi orijin, relijyon, eta sivil, ankikape, "bezwen espesyal", sèks ki gen mwens chans aplike pou asistans yo gen opòtinite pou yo reyabilite rezidans prensipal yo a, ki te sibi domaj akoz Ouragan Irma ak/oswa efè li kite dèyè yo.
3. Annakò ak politik ak pwosedi piblisite favorab yo, y ap fè patisipan pwogram lan yo konnen opòtinite ki gen disponib yo ak egzijans sipò nesesè yo pa mwayen konseye yo, materyèl enprime ak materyèl elektwonik, piblikasyon, kontak dirèk, atelye/seminè, ak depliyan/postè yo poste nan etablisman piblik yo.
4. HRRP pral fè piblisite pa mwayen ògàn laprès ki disponib toupatou, epi yo pral pran mezi pou yo fè piblisite nan fason favorab pou pwogram CDBG-DR Rekonstwi Florid la nan fason ki annapre a:
5. Fè piblisite nan ògàn laprès yo ki bay aksè inik a moun ke yo konsidere kòm manm yon klas pwoteje daprè Lwa sou Lojman Ekitab la.
6. Rive atenn òganizasyon piblik oswa òganizasyon san bi likratif yo epi òganize/patisipe nan rankont yo.
7. Lòt fòm sansibilizasyon adapte yo pou atenn popilasyon elijib la ki gen ladan sansibilizasyon pòt an pòt, si sa nesesè.
8. Y ap ofri aplikasyon ak fòmilè yo an Anglè ak nan lòt lang anpil moun pale nan rejyon an. Anplis, yo pral fè tout efò pou ede mèt kay ki pa Pale Anglè Byen yo pandan pwosesis aplikasyon an.
9. Anplis de sa, y ap pran mezi pou rann pwogram lan aksesib pou moun ke yo konsidere kòm manm nan yon klas pwoteje daprè Lwa sou Lojman Ekitab la lè yo òganize rankont enfòmasyonèl yo nan bilding ki konfòm ak Lwa Anfavè Ameriken ki Gen Andikap yo (ADA), bay asistans langaj siy lè yo mande (avèk avi twa jou davans), epi bay asistans espesyal pou moun ki pa wè byen yo lè yo mande (avèk avi twa jou davans).
10. Y ap kenbe dokimantasyon pou tout mezi piblisitè yo te itilize yo, ki gen ladan kopi tout piblisite ak anons yo, epi mete yo disponib pou piblik lè yo mande.
11. HRRP pral itilize anblèm Lojman Ekitab la nan materyèl piblisite pwogram lan yo, poste postè ak enfòmasyon ki gen rapò ak Lojman Ekitab, epi an jeneral, fè popilasyon an konnen dwa yo daprè règleman sou Lojman Ekitab yo.

# Apèndis B: Pwosesis Apèl Rekou/Plent

## Apèsi sou lekòl la

Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman FloridaCommerce apwouve aplikasyon Demann Rekonsiderasyon yo apati dat piblikasyon sa a. Règleman Demann Rekonsiderasyon sa a pèmèt pou aplikan ki pat ko egzekite yon akò sibvansyon pwopriyetè kay ak Pwogram lan pou mande pwogram lan pou rekonsidere 1) Limit Kopi Benefis yo (DOB); ak / oswa 2) Evalyasyon Dimansyon Travay Domaj (SWE); ak / oswa 3) Evalyasyon Estimasyon Reparasyon Konplete Domaj (CRE) nan 30 jou kalandriye soti nan dat Lèt Rekonesans Prim yo.

Si yon aplikan pa dakò ak rezilta yon demann pou rekonsiderasyon, yo pral bay yon avi sou dwa administratif pou fè apèl ak enstriksyon pou pwosesis apèl pwogram lan.

Entansyon alèt chanjman politik sa a se atikile pwosesis rekonsiderasyon, apèl, ak plent

nan totalite li yo kòm yon resous de referans pou anplwaye pwogram entèn yo.

## REZIME POLITIK LA

Enfòmasyon sa bay yon kout rezime sou demann rekonsiderasyon, apèl, ak plent nan pèspektiv pwogram lan.

### Demann Rekonsiderasyon yo

yo limite pou soumisyon yon aplikan de yon Fòm Demann Rekonsiderasyon (Apendis B, paj 63) nan 30 jou kalandriye soti nan dat yon Lèt Rekonesans Prim ak anvan ekzekisyon yon akò sibvansyon pwopriyetè kay, kèlkeswa sa ki rive an premye, pou youn oswa plis nan desizyon pwogram sa yo; esansyèlman fòmèlman mande yon nouvo kalkil sou kantite dola:

- Rekonsiderasyon Limit Kopi Benefis (DOB) mwen an
- Rekonsiderasyon Evalyasyon Dimansyon Domaj mwen an nan Estimasyon Travay
- Rekonsiderasyon Estimasyon Evalyasyon Reparasyon Domaj mwen Konplete

### Apèl Enfòmèl FloridaCommerce

yo limite pou soumisyon yon aplikan de yon Avi sou Fòm Apèl Enfòmèl (Apendis B, paj 63) nan 30 jou kalandriye soti nan dat Lèt Detèminasyon Kalifikasyon an epi anvan ekzekisyon yon akò sibvansyon pwopriyetè kay, kèlkeswa sa ki rive an premye. Apèl enfòmèl yo se demann yo detèmine ankò yon desizyon final oswa detèminasyon ki baze sou prèv nouvo oswa deja analize inègza. Apèl enfòmèl yo ka depoze sèlman lè yo delivre yon desizyon pwogram negatif konsènan kalifikasyon oswa fèmti yon aplikasyon, epi sèlman nan paramèt ki etabli nan pwosedi Apèl la. Aplikan yo pa ka fè apèl kont politik pwogram lan oswa kondisyon legal / regilasyon / direktiv. Fèmti yon aplikasyon pou mank de repons ka fè apèl yon fwa. Aplikan yo ka mande yon Apèl Enfòmèl FloridaCommerce pou youn oswa plis nan bagay sa yo:

- Refi aplikasyon an selon kondisyon kalifikasyon yo
- Refi aplikasyon ki baze sou evalyasyon domaj
- Refi aplikasyon ki baze sou revizyon anviwònman an
- Lòt (tanpri presize)

### Plent yo

Eta a pral bay yon repons alekri pou tout plent yo nan 15 jou ouvrab apre li resevwa plent la. Apre premye repons lan, eta a pral fè tout efò posib pou bay yon rezolisyon pou plent yo nan peryòd 15 jou ouvrab. Si yo pa ka jwenn yon rezolisyon nan peryòd 15 jou ouvrab la, moun ki pote plent lan ap resevwa

yon dènye enfòmasyon sou pwoblèm nan (yo) epi, si sa posib, yon delè kilè yo ka jwenn yon rezolisyon. Dirijan Sèvis Jesyon Konstiyan pral kontwole tan repons yo pou asire konfòmite epi li pral ajiste delè pou repons adisyonèl jan sa nesesè.

Yo ka depoze Plent konsènan nenpòt ak tout enkyetid ke aplikan yo ka genyen sou pwosedi yo swiv ak sèvis ki ofri pa HRRP.

## DEMANN POU REKONSIDERE, APÈL, AK PLENT YO

Konfòmeman ak Plan Patisipasyon Sitwayen 24 CFR 91 lan ak 24 CFR 570.486(a) (7) la, Pwogram Reparasyon ak Ranplasman Lojman an (HRRP) te devlope pwosesis pou fè apèl rekou enfòmèl ak pote plent nan FloridaCommerce a. Atravè pwosesis apèl rekou enfòmèl la, aplikan yo gen yon mekanis pou yo mande pou yo fè yon revizyon ki pi apwofondi sou yon desizyon yo te pran sou dosye yo a. Yo pa ka fè apèl rekou pou konteste politik pwogram lan yo.

Y ap enprime enfòmasyon konsènan dwa ak fason pou w ranpli yon demann rekonsiderasyon, yon apèl enfòmèl ak plent nan ajans lan nan tout direktiv ki sou sitwèb Rekonstwi Florid la, www.rebuildflorida.gov, nan tout lang lokal yo, jan sa apwopriye ak rezonab.

## Demann pou rekonsiderasyon FloridaCommerce

Pandan tout pwosesis la, desizyon yo pral pran sou yon aplikasyon ak / oswa pwojè yo dwe delivre. Desizyon yo te pran ki baze sou lwa, kòd règleman federal, kòd administratif lokal yo, eta a, ak direktiv lokal jan yo entèprete pa Pwogram lan. Règleman sa a gide pwosesis la pou yon aplikan oswa kontraktè ki mande rekonsiderasyon pwogram nan desizyon yo te pran pa HRRP la.

**Rezon pou mande rekonsiderasyon yon desizyon.** Aplikan ki te aplike pou finansman pou rekiperasyon apre katastwòf yo ka sèlman mande rekonsiderasyon sou dispozisyon yon desizyon pwogram sou youn oswa plis nan bagay sa yo:

1. Limit Kopi Benefis (DOB) yo
2. Dimensyon Travay la
3. Estimasyon Konplete Reparasyon (CRE)

**Demann Rekonsiderasyon desizyon pwogram lokal yo.** Yon pati ki mande rekonsiderasyon dwe ranpli yon demann alekri pou rekonsiderasyon ak HRRP pou mande yon revizyon nan (30) jou kalandriye apre dat Lèt Rekonesans Prim lan epi anvan ekzekisyon yon akò sibvansyon pwopriyetè kay, kèlkeswa sa ki rive an premye. Demann alekri a dwe gen ladan enfòmasyon espesifik ki gen rapò ak rekonsiderasyon desizyon HRPP a. HRRP ap rekonèt li resevwa demann lan. HRRP ap reponn alekri demann lan pa pi ta pase 15 jou ouvrab apre dat li resevwa demann lan. Repons lan ka pran youn nan aksyon sa yo:

1. Rekonèt yo te resevwa demann lan pou rekonsiderasyon ak notifikasyon ke revizyon dosye aplikan an ka pran pi long pase 15 jou ouvrab;
2. Demann pou lòt dokiman sipò oswa enfòmasyon nan men aplikan an;
3. Estati ankèt la ak delè estime pou pran desizyon; oswa
4. Detèminasyon final pwoblèm nan:
   A. Dakò ak demann lan epi fè ajistreman ki apwopriye yo nan desizyon manm pèsonèl la; oswa
   B. Pa dakò ak demann lan epi bay rezon pou rejte demann pou rekonsiderasyon an bay pati a.

Si yon aplikan pa dakò ak rezilta yon demann pou rekonsiderasyon, yo pral bay aplikan an yon avi sou dwa administratif pou fè apèl ak enstriksyon pou pwosesis apèl la.

Yo nan lòd yo mande pou yon rekonsiderasyon, tanpri soumèt yon avi alekri bay CDBG-DR.Reconsiderations@deo.myflorida.com oswa soumèt pa lapòs nan adrès sa a:

Florida Department of Economic of Commerce

Division of Community Development

Attention Office of Disaster Recovery, Appeals Team

107 East Madison Street, Caldwell Building, MSC 400

Tallahassee, FL 32399

## Apèl Rekou yo

### Apèl Rekou Enfòmèl FloridaCommerce yo

Yo ka kontinye fè yon revizyon ki pi apwofondi sou desizyon HRRP a atravè pwosesis apèl rekou enfòmèl ajans lan. Yon pati konsène k ap mande pou FloridaCommerce fè yon apèl rekou enfòmèl dwe depoze yon demann alekri pou apèl enfòmèl la nan yon delè 30 jou apati dat yo te pran desizyon rekonsiderasyon an oswa avi pou fè apèl rekou a. Nan yon apèl rekou enfòmèl, FloridaCommerce pral mennen ankèt yo, jan sa nesesè. Anplis, y ap fè yon odyans apèl rekou enfòmèl, jan sa nesesè. Y ap fè odyans apèl rekou enfòmèl la nan telefòn ak tout pati konsènè yo pa mwayen yon konferans telefonik. Apre yo depoze demann pou yon apèl rekou enfòmèl nan FloridaCommerce, evènman ki annapre la yo pral rive:

1. Y ap voye yon Avi pou Odyans pa lapòs k ap gen dat, lè ak enfòmasyon kontak pou odyans yo pwograme a.
2. Yon fwa yo fin fè odyans apèl la, y ap distribiye desizyon yo pran sou rezilta a.

Sitwayen yo ka depoze yon apèl rekou enfòmèl atravè imèl Rekiperasyon Aprè Katastwòf la nan CDBG-DRAppeals@deo.myflorida.com oswa soumèt li pa lapòs nan adrès ki annapre a:

Attention: Office of Disaster Recovery, Appeals Lead

Florida Department of Commerce

Division of Community Development

107 East Madison Street

Tallahassee, FL 32399

### Apèl Fòmèl/Avi pou Dwa Dapèl Rekou Administratif yo

Nenpòt moun ki gen enterè konsiderab ke detèminasyon FloridaCommerce a te afekte gen opòtinite pou yo mande yon odyans administrativ nan Divizyon Odyans Administrativ la konfòmeman ak seksyon 120.569 Lwa Florid la yo. Pou w konnen kontni obligatwa ki dwe nan yon rekèt pou w konteste aksyon ajans lan, refere a règ ki nan 28-106.104(2), 28-106.20(2), ak 28-106.301, Kòd Administrativ Florid la.

Yo dwe depoze tout rekèt yo bay Anplwaye Administratif Ajans lan nan yon delè 30 jou kalandè apre yo resevwa detèminasyon sa a. Yo konsidere yon rekèt kòm depoze lè Anplwaye Administratif Ajans lan resevwa l nan adrès ki annapre a:

Agency Clerk, Department of Commerce

Office of the General Counsel

107 East Madison Street, MSC 110

Tallahassee, Florida 32399-4128

Faks: (850) 921-3230

Imèl: Agency.Clerk@deo.myflorida.com

Si yon aplikan depoze yon demann pou yon apèl enfòmèl nan FloridaCommerce, y ap mete poz nan egzijans pou yo depoze yon rekèt nan yon delè apwopriye pou konteste mezi ajans lan pran jiskaske Depatman pran yon desizyon. Nan moman sa a, pral gen yon nouvo delè k ap kòmanse pou apèl rekou a. Okenn aplikan p ap pèdi dwa yo genyen daprè Chapit 120, Lwa Florid la yo, lè yo depoze yon demann pou yon apèl rekou enfòmèl.

### Apèl Rekou yo nan kad Lwa sou Demenajman Inifòm lan (URA)

Aplikan yo ka fè apèl nenpòt ka kote li kwè ke FloridaCommerce pa t byen konsidere aplikasyon li pou asistans. Sa gen ladan, men se pa sa sèlman, kalifikasyon aplikan an pou, oswa kantite lajan, yon peman ki nesesè pou asistans demenajman. Aplikan an dwe fè apèl la nan lespas 60 jou apre li resevwa yon detèminasyon alekri nan men pwogram nan ki esplike desizyon pwogram nan ki gen rapò ak kalifikasyon li pou benefis oswa kantite benefis yo.

Fanmi yo gen dwa fè apèl kont detèminasyon ajans sa yo:

- Elijiblite pou asistans URA, enkli egzijans pou demenaje
- Kantite demenajman oswa lòt peman depans ki gen rapò
- Delè URA pou egzèse dwa ak otorite, ki gen ladan delè demenajman yo

Yo ankouraje fanmi yo pou yo mete nenpòt deklarasyon sou reyalite oswa lòt materyèl ke yo santi ki gen yon rapò ak apèl la. Reprezantan Ajans yo ka ede fanmi yo nan soumèt kontestasyon yo.

Apèl yo dwe soumèt nan swasant (60) apati de dat moun nan resevwa notifikasyon desizyon FloridaCommerce konsènan reklamasyon li epi yo dwe voye yo bay FloridaCommerce alekri nan adrès postal sa a:

ATTN: URA APPEALS

Florida Department of Commerce Division of Community Development

107 East Madison Street

The Caldwell Building, MSC 400

Tallahassee, Florida 32399

Pou jwenn plis enfòmasyon, gade Gid Asistans Inifòm pou Deplasman Biwo Rezilyans Alontèm ak Plan Asistans Anti-Deplasman ak Deplasman Rezidansyal ke yo ka jwenn la.

## FloridaCommerce Plent

Sitwayen yo ka depoze yon plent alekri nan imèl Rekiperasyon Dezas la nan CDBG-DR@deo.myflorida.com oswa soumèt pa lapòs nan adrès sa a:

Florida Department of Economic of Commerce

Division of Community Development

Attention: Rebuild Florida Constituent Services

107 East Madison Street, Caldwell Building, MSC 160

Tallahassee, FL 32399

# Plent HUD

Si moun ki pote plent lan pa satisfè ak detèminasyon sou-benefisyè a oswa repons FloridaCommerce a, moun ki pote plent lan ka fè yon apèl alekri lè li swiv enstriksyon yo bay nan lèt repons lan. Si apre pwosesis apèl enfòmèl la, moun ki pote plent lan pa te satisfè ak repons lan, yo ka adrese yon plent fòmèl dirèkteman nan biwo rejyonal HUD nan:

Department of Housing and Urban Development

Charles E. Bennett Federal Building

400 West Bay Street, Suite 1015

Jacksonville, Florida 32202

Pwogram Rekiperasyon apre Katastwòf Florid la opere an akò avèk Lwa Federal sou Lojman san Patipri (Lwa sou Amannman ki jis nan lane 1988). Nenpòt moun ki santi li te fè diskriminasyon kont li ka pote plent pou diskriminasyon lojman (telefòn: 1-800-669-9777 oswa sou entènèt: www.hud.gov/fairhousing).

### Plent sou Lojman Ekitab yo

